

**ANALISIS WATAK PARAGATAMA WONTEN ING NOVEL *LINTANG*
PANJER RINA ANGGITANIPUN DANIEL TITO
(KAJIAN PSIKOLOGI SASTRA)**

SKRIPSI

**Dipunajengaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
minangka Jejangkeping Pandadaran
*Anggayuh Gelar
Sarjana Pendidikan***



**dening
Fitria Wulandari
NIM 10205241073**

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2014**

PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan “*Analisis Watak Paragatama wonten ing Novel Lintang Panjer Rina Anggitanipun Daniel Tito (Kajian Psikologi Sastra)*” menika sampun pikantuk palilah saking *pembimbing* kangge dipunujekaken.



Yogyakarta, 6 Oktober 2014




Pembimbing

Drs. Afendy Widayat, M.Phil

NIP. 19620416 199203 1 002

PANGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan “*Analisis Watak Paragatama wonten ing Novel Lintang Panjer Rina Anggitanipun Daniel Tito (Kajian Psikologi Sastra)*” menika sampun dipunandharaken wonten ing pendadaran sangajenging Dewan Penguji tanggal 10 Oktober 2014 saha dipuntetepaken lulus.

DEWAN PENGUJI			
Asma	Jabatan	Tapak Asma	Tanggal
Drs. Hardiyanto, M.Hum.	Ketua Penguji		20/10 2014
Sri Hertanti Wulan, M.Hum	Sekretaris Penguji		21/10 2014
Dra. Sri Harti Widyastuti, M.Hum	Penguji 1		20/10 2014
Drs. Afendy Widayat, M.Phill	Penguji 2		20/10 2014

Yogyakarta, 21 Oktober 2014
Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
Dekan.



Prof. Dr. Zamzani, M.Pd.
NIP 19550505 198011 1 001

WEDHARAN


Ingkang tapak asma wonten ing ngandhap menika, kula :

Nama : Fitria Wulandari
NIM : 10205241073
Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa
Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

ngandharaken bilih skripsi menika saking asiling garapanipun kula piyambak. Samangertos kula, skripsi menika boten ngewrat seratan dening tiyang sanes, kajawi bab tartamtu ingkang kula pendhet minangka sarana kangge dhasar panyeratan kanthi nggatosaken tata cara saha paugeran panyeratan skripsi. Menawi kasunyatanipun kabukten bilih wedharan menika boten leres, sedayanipun dados tanggel jawab kula piyambak.

Yogyakarta, 6 Oktober 2014

Panyerat,



Fitria Wulandari

SESANTI

Sesuaikan perbuatan dengan kata dan kata dengan perbuatan.

(William Shakespeare)

Yang terucap akan lenyap, yang tertulis akan abadi

(Mr. Ethos Jansen H. Sinamo)

PISUNGSUNG

Kanthi raos syukur wonten ing ngarsanipun Gusti Allah SWT, skripsi menika kula
aturaken dhumateng tiyang sepuh kula kekalih Bapak Kardi saha Ibu Islamiyah
ingkang tansah paring tresna, pandonga, panjurung, penyengkuyung saha
pambiyantu wiwit purwa dumugi wasana.

PRAWACANA

Puji sukur konjuk wonten ing ngarsaning Gusti Allah SWT ingkang tansah paring berkah, rahmat, sarta hidayah dhateng panyerat, satemah skripsi kanthi irah-irahan “Analisis Watak Paragatama wonten ing *Novel Lintang Panjer Rina* Anggitanipun Daniel Tito (Kajian Psikologi Sastra)” saged purna kanthi lancar boten wonten pepalang satunggal menapa. Skripsi menika dipunserat kangge jangkepi salah satunggaling sarat pikantuk *gelar* sarjana pendidikan.

Seratan skripsi menika saged kalaksanan amargi pikantuk panyengkuyung saking sedaya pihak. Awit saking menika, panyerat ngaturaken agunging panuwun dhumateng:

1. Bapak Prof. Dr. Zamzani, M. Pd. minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni ingkang sampun paring idin saha kalodhangan wekdal kangge skripsi menika;
2. Bapak Dr. Suwardi, M. Hum. minangka Pangarsa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring bimbingan salebeting kula sinau wonten ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah;
3. Bapak Drs. Afendy Widayat, M. Phill. minangka *Pembimbing* ingkang sampun paring bimbingan, wewarah, ilmu, panjurung saha pandom tumrap panyerat kanthi sabar;
4. Ibu Venny Indria Ekowati, M. Litt. minangka Dosen Penasehat Akademik ingkang sampun paring nasehat saha wewarah ing sadangunipun kuliah;
5. Bapak saha Ibu Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring kawruh miwah panjurung maneka warni ingkang murakabi tumrap panyerat;
6. Staff admin Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah inggih menika bapak Agus saha staff admin Fakultas Bahasa dan Seni ingkang sampun mbiyantu panyerat salaminipun ngangsu kawruh;
7. Tiyang sepuh kekalih, adik Nur Mei Rosalina saha sedaya kulawarga ingkang sampun paring donga, panjurung saha panyengkuyung tumrap panyerat;

8. Kanca-kanca ingkang kula tresnani Zamsi, Aulia, Dwi Prastanti, Eky, Dani, Dwi Yuni, Rista, Septia, Anggi, Amindana, Hanifah, Rani, Elva ingkang sampun paring pambiyantu saha panyengkuyung;
9. Kanca-kanca ingkang tansah paring motivasi Anisa, Dessy, Afina, Nurul, Ajeng, Elza, saha Kos Mbah Marto;
10. Kanca-kanca PBD mliginipun kelas B angkatan 2010 ingkang tansah paring panjurung saha pambiyantunipun;
11. Sedaya pihak ingkang sampun paring panyengkuyung.

Panyerat rumaos bilih skripsi menika taksih tebih saking kasampurnan, pramila sedaya panyaruwe saha pamrayogi ingkang tumuju murih langkung sae, jangkep saha sampurnaning skripsi menika, tansah katampi kanthi bingahing manah saha atur agunging panuwun. Wasana kanthi raos andhap asor panyerat gadhah pangajap mugi-mugi skripsi menika saged murakabi tumrap sedayanipun.

Yogyakarta, 6 Oktober 2014

Panyerat,



Fitria Wulandari

WOSING SERATAN

	Kaca
IRAH-IRAHAN.....	i
PASARUJUKAN.....	ii
PANGESAHAN.....	iii
WEDHARAN	iv
SESANTI	v
PISUNGSUNG	vi
PRAWACANA.....	vii
WOSING SERATAN.....	ix
DHAFTAR <i>TABEL</i>.....	xi
DHAFTAR <i>LAMPIRAN</i>	xii
SARINING PANALITEN	xiii
 BAB I PURWAKA.....	 1
A. Dhasaring Panaliten	1
B. Underaning Perkawis	4
C. Watesaning Perkawis	4
D. Wosing Perkawis	5
E. Ancasing Panaliten	5
F. Paedahing Panaliten	5
G. Pangertosan	6
 BAB II GEGARAN TEORI	 8
A. <i>Karya Sastra</i>	8
B. <i>Psikologi Sastra</i>	9
1. <i>Psikoanalisis</i>	11
a. <i>Id</i>	12
b. <i>Ego</i>	13
c. <i>Superego</i>	13

C. <i>Novel</i>	14
D. <i>Paragatama</i>	15
E. <i>Perwatakan</i>	18
F. <i>Konflik</i>	20
G. <i>Nalaring Panaliten</i>	22
H. <i>Panaliten ingkang Jumbuh</i>	24
BAB III CARA PANALITEN	25
A. <i>Jinising Panaliten</i>	25
B. <i>Dhata saha Sumbering Dhata</i>	26
C. <i>Caranipun Ngempalaken Dhata</i>	26
D. <i>Pirantining Panaliten</i>	27
E. <i>Caranipun Nganalisis Dhata</i>	30
F. <i>Caranipun Ngesahaken Dhata</i>	31
BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN	33
A. <i>Asiling Panaliten</i>	33
B. <i>Pirembagan</i>	43
BAB V PANUTUP	85
A. <i>Dudutan</i>	85
B. <i>Implikasi</i>	86
C. <i>Pamrayogi</i>	86
KAPUSTAKAN	87
LAMPIRAN	89

DAFTAR TABEL

		Kaca
<i>Tabel 1</i>	: Dhata <i>Perwatakan Psikis</i> Paragatama Harjito wonten ing Novel <i>Lintang Panjer Rina</i> Anggitanipun Daniel Tito	38
<i>Tabel 2</i>	: Dhata <i>Wujud Konflik Psikis</i> Paragatama Harjito wonten ing Novel <i>Lintang Panjer Rina</i> Anggitanipun Daniel Tito	41

DAFTAR LAMPIRAN

Lampiran 1	: Dhata <i>Perwatakan Psikis</i> Paragatama Harjito wonten ing Novel <i>Lintang Panjer Rina Anggitanipun</i> Daniel Tito	Kaca 89
Lampiran 2	: Dhata Wujud <i>Konflik Psikis</i> Paragatama Harjito wonten ing Novel <i>Lintang Panjer Rina Anggitanipun</i> Daniel Tito..	110

**ANALISIS WATAK PARAGATAMA WONTEN ING NOVEL *LINTANG*
PANJER RINA ANGGITANIPUN DANIEL TITO
(KAJIAN PSIKOLOGI SASTRA)**

Dening Fitria Wulandari

NIM 10205241073

SARINING PANALITEN

Ancasing panaliten menika ngrembag babagan *perwatakan* saha *konflik psikis* paragatama ingkang wonten ing *novel Lintang Panjer Rina* anggitanipun Daniel Tito. Panaliten menika ngandharaken *perwatakan* paragatama saha wujud *konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening paragatama Harjito wonten ing *novel Lintang Panjer Rina* anggitanipun Daniel Tito.

Panaliten menika kalebet panaliten *deskriptif* ingkang migunakaken *pendekatan psikologi sastra*. Dhata panaliten menika awujud tembung, ukara, *paragraf* sarta pawicantenan ingkang wonten gayutanipun kaliyan *perwatakan* saha *konflik psikis*. Sumbering dhata panaliten inggih menika *novel Lintang Panjer Rina* anggitanipun Daniel Tito. Dhata dipunpangguhaken mawi *teknik* maos saha nyathet. Caranipun nganalisis dhata inggih menika *teknik deskriptif*, kalampahan kanthi cara: (1) *kategorisasi*, (2) *tabulasi*, (3) *menginterpretasikan data*, saha (4) *inferensi*. Panaliten menika migunakaken *validitas semantik*, inggih menika kanthi njumbuhaken dhata kaliyan konteks ukaranipun. Panaliten menika migunakaken *reliabilitas intrarater* saha *interrater*.

Asiling panaliten inggih menika *perwatakan psikis* ingkang dipungadhahi dening paragatama Harjito wonten ing *novel Lintang Panjer Rina* anggitanipun Daniel Tito inggih menika *gengsi*, jujur, gatekan, boten grusa-grusu, prigel, sabar, nekad, nriman, gampil pitados, tatag, gampil sedhih, gampil nyerah, nyimpen wadinipun piyambak, gadhah tekad ingkang kiyat, kedlereng, kaku manahipun, tegel saha wangkot. Sinaosa paragatama Harjito gadhah watak tatag, ananging amargi setunggal kalih prastawa adamel Harjito gadhah watak gampil pitados, gampil sedhih saha gampil nyerah. *Konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening paragatama Harjito wonten ing *novel Lintang Panjer Rina* anggitanipun Daniel Tito inggih menika cuwa, isin, kaget, bingung, ajrih, kagol manahipun, ngraos dipuncidrani, sumedhot, sedhih, sumelang, kemutan marang Winarsih, getun, taksih ngraos tresna marang Winarsih saha goreng.

Pamijining tembung: *Novel Lintang Panjer Rina, Psikologi Sastra, Paragatama*.

BAB I

PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Sastra inggih menika wujud ungkapan dhiri pribadhi manungsa ingkang awujud *pengalaman*. Asiling *sastra* menika dipunsebut *karya sastra*, *karya sastra* menika saged awujud seratan utawi lesan. *Karya sastra* inggih menika asiling penggalih utawi *gagasan* ingkang kaserat mawi basa. *Karya sastra* sanes *barang mati* ananging barang kanthi *imajinasi* ingkang urip kados dene manungsa ingkang gesang. Kanthi basa ingkang *estetis* saha *imajinatif*, *sastra* saged tebih saking nalar manungsa. Amargi saged tebih saking nalar manungsa saengga narik kawigatosan pamaos supados saged mendhet wosing *karya sastra* menika menapa.

Salah satunggaling *karya sastra* ingkang awujud seratan inggih menika *novel*. *Novel* nyariosaken pagesanganipun paraga-paraga kanthi nedahaken solah bawanipun. Prastawa ingkang kadadosan ing salebeting *novel* menika kados dene pagesangan manungsa samenika. Paraga wonten *novel* gadhah solah bawa, sipat saha watak ingkang beda-beda, lajeng antawisipun prastawa kaliyan paraga dipungayutaken saengga saged dados setunggal cariyos ingkang utuh. Menika ingkang narik kawigatosan pamaos maos *novel* saking *kompleksitasipun*.

Karya sastra ingkang dipundadosaken objek wonten panaliten menika inggih menika *novel* kanthi irah-irahan *Lintang Panjer Rina* anggitanipun

Daniel Tito. Daniel Tito inggih menika salah satunggaling panganggit ingkang kawentar. Karyanipun sampun kathah ingkang kapacak wonten ing salebeting koran *Suara Merdeka*, *Kompas* ugi wonten ing kalawarti *Jayabaya* kaliyan *Panyebar Semangat*. Karya-karyanipun Daniel Tito inggih menika cerpen *Sepasang Pengamen*, cerpen *Jatuh Cinta itu Sah* lan sapanunggalanipun. *Novel Lintang Panjer Rina* dipunterbitaken amargi kathah pamaos ingkang remen kaliyan cerbung ingkang wonten kalawarti *Jayabaya* taun 1998. *Novel Lintang Panjer Rina* menika dipunterbitaken dening Penerbit Yayasan Sasmita Budaya Sragen taun 2002 cetakan kaping sepisan ingkang kandelipun 115 kaca. *Novel Lintang Panjer Rina* anggitanipun Daniel Tito menika nyariosaken lelakon bab katresnan ingkang njalari antawisipun paragatama Harjito kaliyan kenya asmanipun Winarsih.

Novel Lintang Panjer Rina ingkang nyariosaken lampahing pagesangan paragatama Harjito saged kapanggihaken perkawis-perkawis ingkang gayut kaliyan panaliten menika. Harjito ingkang dados paraga *sentral* amargi asring kacariyosaken saha ingkang asring nglampahi *konflik* ing salebeting cariyos. *Novel* menika nyariosaken paragatama Harjito ingkang nglampahi konflik-konflik ing gesang padintenan saengga medalaken watak, tumindak saha solah bawanipun paragatama anggenipun nglampahi *konflik* menika. *Konflik* ingkang dipunlampahi paragatama saged mangaribawani watakipun paragatama mliginipun watak *psikis*.

Anggenipun manggihaken watak *psikis* paragatama ing *novel Lintang Panjer Rina* ngginakaken *teori psikologi*. Mawi *teori psikologi*, watak *psikis*

saha wujud *konflik* ingkang dipunlampahi paragatama saged katingal. *Psikologi* ngandharaken bab *kejiwaan* ingkang dipunraosaken manungsa anggenipun nglampahi *konflik* pagesangan. *Novel* ingkang cariyosipun kados cariyos manungsa wonten gesang padintenan saged dipuntliti *aspek kejiwaan*ipun paraga-paraganipun. Ratna (2004: 342) ngandharaken bilih ancasipun *psikologi sastra* inggih menika mangertosi *aspek kejiwaan* ingkang kawrat wonten ing *karya sastra*. *Psikologi sastra* nganalisis *karya sastra* saking *aspek-aspek kejiwaan* ingkang kawrat wonten ing salebeting *karya sastra*. Salah satunggaling *teori psikologi* ingkang trep kangge mangertosi wujud *psikis* manungsa ing salebeting *karya sastra* inggih menika *teori psikoanalisis*. *Teori psikoanalisis* dipunandharaken kaping sepisan kaliyan Sigmund Freud. Sigmund Freud ngandharaken bilih *teori psikoanalisis* wonten gayutanipun kaliyan *fungsi* saha ngrembakanipun *mental* manungsa. *Psikoanalisis* menika sedaya *gejala mental*, menapa ingkang sipatipun boten *sadar* katutup dening *alam kesadaran*.

Saking sedaya andharan ing nginggil menika, panaliten menika kalebet panaliten *psikologi sastra* mliginipun bab *perwatakan* paragatama saha *konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening paragatama wonten ing *novel Lintang Panjer Rina* anggitanipun Daniel Tito kanthi migunakaken *teori psikologi* saking Sigmund Freud inggih menika *psikoanalisis*.

B. Underaning Perkawis

Saking andharan wonten dhasaring panaliten ing nginggil, saged dipunpundhut underaning perkawis inggih menika :

1. *Perwatakan psikis* paragatama wonten ing *Novel Lintang Panjer Rina* anggitanipun Daniel Tito.
2. Wujud *konflik psikis* ingkang dipunlampahi paragatama wonten ing *Novel Lintang Panjer Rina* anggitanipun Daniel Tito.
3. Wataking paragatama wonten salebeting wujud *konflik psikis* saha *struktur* kapribaden wonten ing *Novel Lintang Panjer Rina* anggitanipun Daniel Tito.
4. Upayanipun paragatama kangge ngrampungaken *konflik psikis* ingkang dipunlampahi wonten ing *Novel Lintang Panjer Rina* anggitanipun Daniel Tito.
5. Piwulang ingkang badhe dipunandharaken dening pangripta dhateng pamaos kanthi *konflik psikologis* paragatama wonten ing *Novel Lintang Panjer Rina* anggitanipun Daniel Tito.

C. Watesaning Perkawis

Perkawis ingkang kapanggihaken boten karembag sedaya, ananging namung dipunwatesi kados wonten ing ngandhap menika :

1. *Perwatakan psikis* paragatama wonten ing *Novel Lintang Panjer Rina* anggitanipun Daniel Tito.

2. Wujud *konflik psikis* ingkang dipunlampahi paragatama wonten ing *Novel Lintang Panjer Rina* anggitanipun Daniel Tito.

D. Wosing Perkawis

Wosing perkawis wonten ing panaliten menika kados wonten ing ngandhap menika :

1. Kados pundi watak *psikis*ipun paragatama wonten ing *Novel Lintang Panjer Rina* anggitanipun Daniel Tito?
2. Kados pundi wujud *konflik psikis* ingkang dipunlampahi paragatama wonten ing *Novel Lintang Panjer Rina* anggitanipun Daniel Tito?

E. Ancasing Panaliten

Panaliten menika gadhah ancas ing ngandhap menika :

1. Ngandharaken watak *psikis*ipun paragatama wonten ing *Novel Lintang Panjer Rina* anggitanipun Daniel Tito.
2. Ngandharaken wujud *konflik psikis* ingkang dipunlampahi paragatama wonten ing *Novel Lintang Panjer Rina* anggitanipun Daniel Tito.

F. Paedahing Panaliten

1. Teoritis

Kasilipun panaliten menika kaangkah supados saged paring seserepan bab panaliten *sastra* wonten *novel -novel* Jawa mliginipun panaliten *psikologi*

sastra bab analisis perwatakan psikis paragatama wonten ing Novel Lintang Panjer Rina.

2. Praktis

Panaliten menika kaajab saged paring pambiyantu dhateng pamaos bab *sastra mliginipun psikologi sastra.*

G. Pangertosan

Irah – irahan panaliten menika inggih menika *Analisis Watak Paragatama wonten ing Novel Lintang Panjer Rina* Anggitanipun Daniel Tito. Kangge njumbuhaken penggalih dhateng irah-irahan menika lajeng badhe dipunandharaken wonten ing ngandhap menika :

- a. *Karya Sastra*, inggih menika asiling pamikiran utawi *gagasan* ingkang kaserat mawi basa. Salah satunggaling *karya sastra* inggih menika *Novel*.
- b. *Psikologi Sastra*, inggih menika salah satunggaling *disiplin* ngelmu *sastra*, wonten gayutanipun kaliyan ngelmu *psikologi* ingkang ngrembag bab *kejiwaan*. Saengga *psikologi sastra* menika ngrembag bab *konflik kejiwaan* ingkang dipunlampahi dening paraga utawi paanggit *karya sastra*.
- c. *Novel*, inggih menika salah satunggaling *karya sastra* ingkang awujud seratan, biyasanipun nyariosaken pagesangan paraganipun kanthi jangkep kados pagesangan manungsa.
- d. *Paragatama*, inggih menika paraga utawi tiyang ingkang dipuncariyosaken ing salebeting cariyos *fiksi*. Paragatama anggenipun dipuncariyosaken langkung kathah tinimbang paraga sanesipun, lajeng gadhah *karakter* utawi

sipat ingkang beda kaliyan paraga sanesipun amargi paragatama menika ingkang dados *fokus utama* ing salebeting cariyos *fiksi*.

- e. Watak utawi *perwatakan*, inggih menika sipat batin manungsa ingkang nedahaken penggalih, sipat, saha patrap piyambakipun. Biyasanipun *perwatakan* menika kangge nedahaken *karakter* paraga wonten satunggaling *karya fiksi*.
- f. *Konflik*, inggih menika samubarang ingkang gayut kaliyan samukawis ingkang boten laras antawisipun kalih kekiyatan ingkang imbang kaliyan wontenipun *aksi* menapa dene *aksi* piwales.

BAB II

GEGARAN TEORI

A. Karya Sastra

Sastra menika gambaran lampahing pagesangan. Miturut Priyatni (2010: 12), *Sastra* inggih menika "*ungkapan realitas kehidupan masyarakat secara imajiner atau fiksi*". Teeuw (1984: 22-23) ngandharaken bilih *sastra* menika saking basa *Sansekerta* inggih menika "Sas" ingkang tegesipun wucal utawi ngucal saha "tra" ingkang tegesipun *alat* utawi piranti. Tegesipun *sastra* inggih menika piranti kangge mucal. *Sastra* menika gambaran pagesangan *imajinatif*, ingkang kaandharaken mawi bentuk saha *struktur* basa (Wellek, 1990: 109). Miturut Wellek & Warren (1990: 3), *Sastra* inggih menika kegiatan ingkang *kreatif*, utawi salah satunggaling *karya seni*. Saking kegiatan ingkang *kreatif* menika lajeng medalaken asil ingkang dipunsebut *karya sastra*.

Karya sastra inggih menika asiling kegiatan *sastra* ingkang dipunlampahi penganggit. Miturut Luxemburg (1984: 55),

Sebuah karya sastra merupakan suatu "keseluruhan kata – kata" yang kait mengait secara masuk akal; dalam keseluruhan itu dilukiskan atau dihadirkan suatu kenyataan yang tidak langsung mengacu pada suatu kenyataan yang ada diluar karya sastra itu

Karya sastra menika dipunperang dados kalih inggih menika *fiksi* kaliyan *nonfiksi*. *Fiksi* inggih menika *karya* ingkang isinipun awujud *rekaan* utawi *imajinatif*. Miturut Abrams (lumantar Nurgiyantoro, 2007: 2) *fiksi*

inggih menika cariyos *khayalan*, amargi *fiksi* menika satunggaling *karya naratif* ingkang wosipun boten miturut *sejarah* ingkang sampun kalampahan.

Fiksi menika nyariosaken cariyos ingkang sipatipun *khayalan*, prastawa ingkang boten wonten kasunyatanipun.

Fiksi adalah prosa naratif yang bersifat imajinatif, namun biasanya masuk akal dan mengandung kebenaran yang mendramatisasi hubungan-hubungan antar manusia (Alterbend & Lewis lumantar Nurgiyantoro, 2007: 2-3).

Salah satunggaling jinising *karya fiksi* inggih menika *novel*. *Novel* inggih menika salah satunggaling asiling *karya sastra* ingkang manungsa dados paraga wonten ing proses damelipun *karya sastra* dening panganggit mawi *kreasi imajinatif*ipun panganggit piyambak. *Sastra* ngandharaken babagan pagesangan saengga ing salebeting *karya sastra* wonten makna babagan pagesangan ingkang kedah dipunpenggalih kanthi mendalam dening pamaos (Eko Wardani, 2009: 1). *Psikologi sastra* kapanggihaken ing salebeting *karya sastra*, mliginipun *novel*. *Sastra* minangka *gejala kejiwaan* kawrat kadadosan-kadadosan ingkang wonten gayutanipun kaliyan *psikis* utawi *kejiwaan*. Saengga *karya sastra* saged dipunkaji migunakaken *pendekatan psikologi*, amargi antawisipun *sastra* kaliyan *psikologi* gadhah gegayutan ingkang sipatipun boten *langsung*.

B. Psikologi Sastra

Miturut Luxemburg (1989: 5) *sastra* menika *luapan emosi* pangripta ingkang dipunandharaken kanthi cetha menapa ingkang dipunraosaken

pangripta supados tiyang sanes saged mangertosi raos menika. *Psikologi* inggih menika saking basa Yunani “*psyche*” ingkang tegesipun jiwa, kaliyan “*logos*” ingkang tegesipun ngelmu. *Psikologi* inggih menika ngelmu jiwa utawi ngelmu ingkang nyinaoni bab salah bawanipun manungsa (Atkinson lumantar Minderop, 2011: 3). Saking pangertosan ing nginggil *psikologi* menika nyinaoni jiwa manungsa saking salah bawanipun manungsa menika piyambak.

Antawisipun *sastra* kaliyan *psikologi* menika gadhah *hubungan fungsional* inggih menika sami – sami saged kangge sarana nyinaoni babagan *kejiwaan* manungsa. Gegayutan antawisipun *sastra* kaliyan *psikologi* menika ugi sami – sami anggenipun nyinaoni babagan gesangipun manungsa. *Sastra*, ngandharaken manungsa ingkang namung *imajinasinipun* panganggit utawi manungsa *imajiner* ananging menawi *psikologi* ngandharaken manungsa ingkang nyata utawi *riil* ingkang gesang wonten ing alam nyata. Antawisipun *psikologi* kaliyan *sastra* menika *saling melengkapi* saha gadhah gegayutan amargi dipunginakaken kangge manggihaken *proses penciptaan karya sastra*. *Psikologi* dipunginakaken kangge *menghidupkan karakter* para paraga ingkang kadamel dening panganggit.

Psikologi sastra inggih menika *kajian karya sastra* ingkang ngginakaken *teori psikologi* kangge *nganalisis aspek kejiwaan* ingkang wonten ing salebeting *karya*. *Psikologi sastra* inggih menika *analisis teks* mawi *pertimbangan relevan* saha peranipun *studi psikologis* (Ratna, 2004: 350). *Fokus panaliten psikologi sastra* inggih menika *aspek-aspek kejiwaan*

ingkang katingal saha ingkang boten katingal. Ancasipun *psikologi sastra* inggih menika mangertosi *aspek-aspek kejiwaan* ingkang wonten ing salebeting *karya sastra* (Ratna, 2004: 343). Karya sastra ingkang dipuntliti mawi kajian psikologi sastra amargi karya sastra menika asiling saking kejiwaan pamikiranipun panganggit, wonten ing karya sastra ugi saged ngandharaken pamikiran saha raosipun panganggit nalika nyipta karya sastra.

Psikologi sastra gadhah sekawan *sub kajian* inggih menika ngelmu *psikologi* panganggit minangka pribadhinipun piyambak, ngelmu *proses kreatif*, ngelmu *tipe* kaliyan ukum-ukum *psikologi* ingkang dipuntrapaken wonten *karya sastra*, saha ngelmu *psikologi* pamaos (Wellek & Warren, 1990: 90). Ananging panaliti namung *fokus* wonten setunggal *sub kajian psikologi sastra* inggih menika ngelmu *tipe* kaliyan ukum-ukum *psikologi* ingkang dipuntrapaken wonten *karya sastra*.

Psikoanalisis menika kalebet *kajian psikologi sastra*. *Kajian* menika dipunandharaken kaliyan Sigmund Freud. Freud ngandharaken bilih *ketaksadaran* menika langkung *dominan* tinimbang *kesadaran*. *Ketaksadaran* menika saged mangaribawani panganggit anggenipun damel *karya sastra*.

1. *Psikoanalisis*

Psikoanalisis inggih menika *disiplin* ngelmu ingkang dipunandharaken Sigmund Freud ing taun 1890-an. *Teori Psikoanalisis* wonten gayutanipun kaliyan *fungsi* saha ngrembakanipun *mental* manungsa. *Teori* menika dipundadosaken salah satunggaling *teori* kapribaden.

Miturut Sigmund Freud, *kesadaran (conscious mind)* menika namung bageyan ingkang alit, bageyan ingkang ageng inggih menika *ketaksadaran (unconscious mind)*. *Psikisme* manungsa miturut Freud menika wonten tigang *unsur* inggih menika *id*, *ego*, saha *superego*. Saking *interaksi* tigang *unsur* menika ingkang medalaken tumindak saha solah bawa manungsa.

Id menika wonten ing bageyan ingkang boten *sadar*, inggih menika *resevoir pulsi* saha kangge sumberipun *energi psikis*. *Ego* menika wonten tengah – tengahing bageyan *sadar* kaliyan *tak sadar*. *Superego* inggih menika ngrembakanipun saking *id* supados saged dipunkontrol.

a. *Id (das es)*

Id menika *sistem* kapribaden ingkang dhasar. *Insting* saha *nafsu* menika wonten ing bageyan menika. Freud nggambaraken *id* menika kados raja utawi ratu ingkang gadhah sipat *egois* saha *sewenang-wenang* (Minderop, 2011: 21). *Id* menika *naluri* ingkang adamel manungsa menika nyekapi kabetahan dhasar kados ta dhahar, ngunjuk, *seks* lan sanesipun. Miturut Freud, *Id* menika kalebet kabetahan *primer* saengga kedah dipuncukupi. Kados bayi ingkang nangis amargi ngraosaken ngelih, menawi boten dipunparingi dhaharan bayi menika tetep nangis. *Id* inggih menika kasunyatan ingkang *subyektif* madosi kesenanganipun saha badhe nebihaken saking *penderitaan* ingkang dipunraosaken *Id* menika.

b. *Ego (das ich)*

Menawi *Ego* kagambaraken dening Freud kados *perdana menteri* ingkang gadhah sipat kedah nglampahi ingkang asipat kasunyatan saha ingkang wonten gegayutanipun kaliyan gesang bebrayan (Minderop, 2011: 21). *Ego* menika kalebet kabetahan *sekunder* ingkang ngginakaken *prinsip realitas* utawi kasunyatan. Wonten kapribaden menika *logika* kaginakaken kangge menggalihaken kasunyatan ingkang nembe dipunlampahi. *Ego* menika dados pandhega saking tigang *unsur* kapribaden menika amargi sedaya perkawis saha *penalaran realitas* dipunrampungaken ing unsur menika.

c. *Superego (das ueber ich)*

Superego kagambaraken dening Freud kados *pemangku agama* ingkang mangertosi becik saha awonipun sipat ingkang dipunlampahi *id* (Minderop, 2011: 21). *Superego* kelebet aspek sosiologis ingkang gadhah ancas kangge ngontrol salah bawa ing tengahing masarakat. *Superego* menika dados aspek *moralitas* ing kapribaden. Saengga saged mbedakaken tumindak saha salah bawa ingkang becik utawi awon.

Minangka salah satunggaling *karya sastra*, *novel* nggambaraken pagesangan saha salah bawa ingkang nyata ing jaman nalika *novel* menika kaserat. *Psikologi* inggih menika *unsur intrinsik* ing *karya sastra*, peranipun *psikologi* tumrap *karya sastra* dipunginakaken kangge *menghidupkan karakter* paraga ingkang dipuncipta dening panganggit. Antawisipun *novel*

kaliyan *psikologi* gadhah gegayutan ingkang *funksional* inggih menika kekalihipun sami-sami dipunginakaken minangka sarana nyinaoni *aspek kejiwaan* manungsa.

C. *Novel*

Salah satunggaling jinising *karya fiksi* ingkang awujud seratan inggih menika *novel*. *Novel* minangka *karya fiksi* gadhah donyanipun piyambak ingkang sipatipun *imajinatif*, kabangun dening *unsur-unsur intrinsik* inggih menika *paraga*, *sudut pandang*, *plot*, *konflik* lan sapanunggalanipun menika ugi *imajinatif*. Sedaya kalawau sipatipun *noneksistensial* amargi dipunsengaja dipunkreasikaken dening panganggit supados sami kados kasunyatan gesang padintenan.

Miturut Abrams (lumantar Nurgiyantoro, 2007: 9) *novel* menika saking basa *Italia* “*Novella*” ingkang tegesipun cariyos cekak ingkang awujud *prosa*, menawi wonten basa *Jerman* dipunsebut *Novelle*. Tembung *novel* menika kapundhut saking basa *Inggris*, “*Novelette*” wonten basa Indonesia dados *Novelet*. *Novel* nyariosaken prastawa kanthi *kompleks*, beda kaliyan cerpen ingkang *terbatas* saking panjangipun cariyos. Saengga *novel* saged nyariosaken prastawa kanthi jangkep, panjang saha *konflik-konflik* ingkang langkung *kompleks*.

Sebuah novel merupakan sebuah totalitas, suatu kemenyeluruhan yang bersifat artistik. Sebagai sebuah totalitas, novel mempunyai unsur-unsur yang saling berkaitan dan saling menggantungkan (Nurgiyantoro, 2007: 22).

Karya fiksi mliginipun *novel* menika gadhah unsur-unsur ingkang mbangun cariyos menika saged nyawiji dados cariyos ingkang jangkep. *Unsur* menika kaperang dados kalih inggih menika *unsur intrinsik* saha *unsur ekstrinsik*. *Unsur intrinsik* inggih menika unsur-unsur ingkang mbangun karya sastra menika piyambak. *Unsur intrinsik* menika wonten *plot*, *tema*, *paraga*, *prastawa*, *latar* lan *sapanunggalanipun*. *Unsur sanesipun* inggih menika *unsur ekstrinsik*. *Unsur ekstrinsik* inggih menika unsur saking njawi karya sastra.

Minangka salah satunggaling karya sastra, *novel* nggambaraken pagesangan saha solah bawa ingkang nyata ing jaman nalika *novel* menika kaserat. *Novel* nyariosaken prastawa ingkang wonten ing gesangipun paraga, prastawa-prastawa menika ingkang nuwuhaken lajeng medalaken *konflik*. Wonten ing salebeting karya sastra mliginipun *novel*, paraga minangka tiyang ingkang kacariyosaken ing salebeting *novel*. Paraga ingkang asring dipuncariyosaken saha anglampahi prastawa-prastawa inggih menika paragatama. Paragatama ingkang asring dipuncariyosaken gadhah watak kaliyan *konflik* ingkang langkung kathah saha *kompleks* tinimbang paraga sanesipun.

D. Paragatama

Sayuti ngandharaken bilih paraga inggih menika para *pelaku* ingkang wonten ing salebeting *fiksi*. Paraga ing *fiksi* menika asiling cipta panganggit menapa dene saged minangka gambaran tiyang ingkang gesang ing alam nyata. Saengga ing salebeting *fiksi*, paraga kedahipun dipunhadiraken kanthi

alamiah. Tegesipun paraga menika gadhah *ciri hidup* utawi *keseperthidupan* (lumantar Wiyatmi, 2006: 30). Wellek & Warren (1990: 19) ngandharaken bilih paraga ing salebeting *novel* menika medal saking ukara-ukara ingkang ngandharaken piyambakipun saha saking tembung-tembung ingkang medal saking anggenipun paraga kasebut ngendikan dening panganggit. Paraga inggih menika tiyang ingkang dipuncariyosaken wonten ing salebeting cariyos. Paraga miturut Abrams inggih menika tiyang ingkang dipunandharaken wonten ing salebeting *karya naratif* utawi *drama* ingkang dipun~~ta~~*fsir*aken pamaos gadhah *moralitas* ingkang dipunmedalaken ing pangandikan saha tumindakipun (lumantar Nurgiyantoro, 1995: 165). Miturut Sudjiman, paraga inggih menika pribadhi *rekaan* ingkang anglampahi prastawa-prastawa ing salebeting cariyos (lumantar Budianta, 2003: 86).

Wonten ing *novel*, kathah paraga ingkang dipuncariyosaken ing salebeting *novel*. Ananging *peran*ipun saben paraga menika beda-beda. Wonten paraga ing salebeting *novel* menika dipuncariyosaken kanthi dipunambali terus. Paraga kasebut ingkang saged dipunsebut paraga utama utawi paragatama.

Miturut Nurgiyantoro (1995: 176) *tokoh utama adalah tokoh yang diutamakan penceritaannya dalam novel yang bersangkutan*.

Paragatama menika ingkang paling kathah anggenipun dipuncariyosaken, ingkang dados *pelaku kejadian* utawi ingkang *dikenai kejadian*. Paragatama miturut Budianta (2003: 191) inggih menika paraga ingkang wigati, kakung utawi putri, wonten ing salebeting *karya sastra*

paragatama boten namung gadhah sipat ingkang becik kemawon, ananging ugi saged gadhah sipat awon menika amargi paragatama dados *sentral* ing salebeting cariyos. Paragatama menika kalebet *aspek* ingkang wigati anggenipun medalaken *konflik-konflik* ing salebeting cariyos. Paragatama ingkang asring dipuncariyosaken saengga nglampahi perkawis, prastawa saha konflik ingkang kathah sarta kompleks tinimbang paraga sanesipun, menika saged mangaribawani watakipun paragatama anggenipun nglampahi konflik kasebut.

Paraga minangka tiyang ingkang kacariyosaken ing salebeting *novel*, gadhah sipat, wujud saha tumindak ingkang beda antawisipun paraga setunggal kaliyan paraga sanesipun. *Penokohan* ingkang minangka *penunjang* kaciptanipun paraga-paraga cariyos ingkang gesang saged kaperang dados tiga inggih menika *fisiologis*, *sosiologis* saha *psikologis*. *Fisiologis* inggih menika *penokohan* saking cirinipun *fisik* paraga, kadosta dedeg ingkang gedhe dhuwur lan sapanunggalanipun. Ing salebeting *novel*, paraga menika kagambaraken minangka manungsa *sosial* ingkang gadhah *interaksi* kaliyan paraga sanesipun kados gesang ing alam nyata. Saengga saking *segi sosiologis* inggih menika saking *unsur-unsur status sosial*, padamelan, *jabatan* lan sapanunggalanipun. *Segi psikologis* wonten gayutanipun kaliyan *penokohan* saha *psikologi*, amargi biyasanipun paraga ing salebeting *novel* kagambaraken kanthi jangkep mawi tumindak, sipat saha *kebiasaan*ipun paraga. *Kejiwaan*ipun para paraga ing *novel* sejatosipun gambaran manungsa ingkang gesang ing alam nyata minangka *model* ingkang kadamel dening panganggit.

Paraga minangka *sentral*, wontenipun paraga lajeng saged nuwuhaken prastawa-prastawa ing salebeting cariyos. Paraga dipunginakaken dening panganggit minangka sarana anggenipun ngandharaken pamanggih mawi pawicantenan sarta tumindak saking paraga. *Unsur psikologi* gadhah pangaribawa ingkang kathah tumrap *unsur penokohan* ing salebeting *karya sastra*. *Dimensi psikologis* inggih menika *norma-norma*, *perasaan-perasaan*, kekajengan, sipat saha watak. Saking *penokohan* paraga ing nginggil saengga ing saben paraga saged kapanggihaken watak ingkang sami beda.

E. Perwatakan

Watak utawi *perwatakan* menika beda kaliyan paraga. Paraga inggih menika *tokoh* utawi ingkang anglampahi cariyos. Watak utawi *perwatakan* inggih menika gambaran kanthi cetha tiyang ingkang dipunandharaken wonten ing satunggaling cariyos (Jones lumantar Nurgiyantoro, 1995: 165). Watak inggih menika sipat ingkang dhasar, *akhlak*, utawi budi pekerti ing salebeting paraga. Saben paraga ing salebeting *karya fiksi* menika gadhah sipat, tumindak, solah bawa saha watak ingkang beda-beda. Ingkang ngandharaken watak-watak kasebut inggih menika panganggit piyambak ingkang ancasipun kangge ngandharaken tema ingkang badhe dipuncariyosaken ing salebeting cariyos (Priyatni, 2010: 111).

Stanton (lumantar Nurgiyantoro, 1995: 165) ngandharaken bilih *karakter* inggih menika paraga-paraga ingkang dipuncariyosaken saha sipat, kekajengan, *emosi* kaliyan *prinsip moral* ingkang wonten ing salebeting

paraga kasebut. *Penokohan* inggih menika cara anggenipun nggambaraken paraga wonten ing salebeting cariyos *fiksi* menawi *perwatakan* inggih menika merang watak-watak ing saben paraga. *Perwatakan* menika tiyang ingkang dipuncariyosaken ing salebeting *karya sastra* ingkang gadhah *kualitas moral*.

Miturut M. Saleh saha Stephen Minot (Soedjijono lumantar Priyatni, 2010: 111) wonten kalih cara anggenipun panganggit ngandharaken watakipun paraga ing salebeting cariyos inggih menika :

1. *Langsung* utawi *analitik* inggih menika ngandharaken watak paraga mawi *cara langsung*. Panganggit ngandharaken mawi sipat saha tumindak ingkang dipunlampahi paraga.
2. *Dramatik* utawi boten langsung inggih menika *pelukisan* watak boten langsung. Tuladhanipun kanthi ngandharaken *monolog*, padintenanipun paraga, *jalan pikiran* paraga, anggenipun paraga nglampahi prastawa, lan sapanunggalanipun.

Perwatakan wonten ing salebeting *novel* dipungambaraken kanthi tigang cara inggih menika *fisik*, *sosial* kaliyan *psikis*. Gambaran *perwatakan fisik* dipuntingali saking badanipun paraga kados dene bagus, ayu, gagah, ireng manis, lan sapanunggalanipun. Gambaran *perwatakan sosial* inggih menika gambaran paraga ingkang gayut kaliyan kawontenan ing sakiwa tengenipun, inggih menika dipuntingali saking *status sosial* ing masarakat, saking padamelanipun lan sanesipun. Ingkang pungkasan inggih menika gambaran *perwatakan psikis*, *perwatakan* menika dipuntingali saking

*kejiwaan*ipun paraga kados ta remen nangis piyambak, remen ngalamun, lan sanesipun.

Gambaran *perwatakan* sinaosa dipunperang dados tigang perangan ananging saking *segi fisik* saha *segi sosial* menika ugi dipunsarengi kaliyan *segi psikologis*ipun. Wonten panaliten menika namung badhe kaandharaken ingkang saking *segi psikis*ipun kemawon. Saben paraga ing salebeting cariyos menika gadhah sipatipun piyambak-piyambak. Tumindak saha solah bawanipun saben paraga menika sami beda-beda, ingkang saged njalari medalipun konflik. Paragatama ingkang nglampahi kathah prastawa saengga saged njalari medalipun konflik. Kanthi watak ingkang dipungadhahi paragatama, saged mangaribawani tumrap paragatama anggenipun nglampahi konflik-konflik ingkang medal.

F. Konflik

Konflik inggih menika samubarang ingkang gayut kaliyan samukawis ingkang boten laras antawisipun kalih kekiyatan ingkang imbang kaliyan wontenipun *aksi* menapa dene *aksi* piwales (Wellek & Warren lumantar Nurgiyantoro, 1995: 122). Wonten pagesangan nyata, konflik menika kalebet perkawis ingkang awon amargi saged paring tatu ing manahipun dhiri. *Konflik* menika samubarang perkawis ingkang gadhah sipat boten ngremenaken menawi kalampahan dening paraga piyambak saengga menawi paraga menika saged milih, paraga menika badhe boten nglampahi *konflik* menika (Meredith & Fitzgerald lumantar Nurgiyantoro, 1995: 122). Prastawa kaliyan perkawis

menika gadhah gegayutan ingkang raket sanget. Sejatosisipun, *konflik* menika kalebet prastawa, prastawa ingkang medalaken *konflik*. Konflik menika dhasaripun saking perangan-perangan prastawa. Prastawa ingkang nyebabaken konflik saged nuwuhaken prastawa-prastawa sanes. Konflik-konflik ingkang tuwuh dipunsusul prastawa-prastawa saged nyebabaken konflik ingkang langkung kompleks (Nurgiyantoro, 1995: 123).

Miturut Stanton (Nurgiyantoro, 1995: 124) bilih *konflik* menika kaperang dados kalih inggih menika *konflik eksternal* kaliyan *konflik internal*. *Konflik eksternal* kaperang malih dados kalih inggih menika *konflik fisik* saha *konflik sosial*. Dene *konflik internal* menika *konflik kejiwaan* utawi *konflik batin/psikis*. *Konflik fisik* inggih menika *konflik* ingkang tuwuh amargi wontenipun *benturan* antawisipun paraga kaliyan *lingkungan*. *Konflik sosial* inggih menika *konflik* ingkang medal amargi wontenipun gegayutan antawisipun paraga kaliyan tiyang sanes. Dene, *konflik psikis* inggih menika *konflik* ingkang kadadosan wonten ing *alam pikiran* saha manahipun paraga, saengga adamel *konflik* antawisipun paraga kaliyan dhiri pribadhinipun. Antawisipun *konflik eksternal* kaliyan *konflik internal* menika wonten sambung raketipun, amargi saking *konflik internal* utawi batin menika saged adamel *konflik fisik* utawi *konflik sosial* paraga. Wonten ing salebeting cariyos, wujudipun prastawa menika saged arupi prastawa *fisik* utawi prastawa batin. Prastawa *fisik* menika wonten gayutanipun kaliyan *fisik* utawi badan saha *interaksi* kaliyan paraga sanesipun utawi kaliyan *lingkungan*ipun. Dene prastawa batin menika samubarang ingkang karaosaken ing salebeting batin

paraga. *Konflik* ingkang wonten ing batinipun paraga menika saged nyebabaken *gangguan* wonten ing *fisik*ipun paraga.

Antawisipun *konflik fisik*, *sosial* kaliyan *psikis* menika gadhah gegayutan ingkang saged paring pangaribawa satunggal kaliyan sanesipun. *Konflik fisik* kaliyan *konflik sosial* paraga saged mangaribawani *psikis*ipun paraga. Amargi *psikis*ipun keganggu saged mangaribawani *konflik psikis* ingkang dipunlampahi paraga. Ugi kosok wangsulipun bilih paraga nembe nglampahi *konflik psikis*, saged mangaribawani *fisik* kaliyan *sosial*ipun paraga kasebut. Paraga wonten salebeting cariyos mesthi ngraosaken perkawis ingkang saged dipunsebat *konflik* kanthi cara *psikologis*. *Konflik psikis* ingkang dipunlampahi saha dipunraosaken paraga menika paring pangaribawa wonten ing watak kaliyan solah bawanipun paraga. Wonten panaliten menika namung badhe ngandharaken *konflik internal* utawi *psikis* ingkang dipunlampahi dening paragatama novel *Lintang Panjer Rina* anggitanipun Daniel Tito.

G. Nalaring Panaliten

Sastra inggih menika ungkapan realitas gesang padintenan masarakat kanthi *fiktif* utawi *imajinatif*. *Karya sastra* inggih menika asiling kegiatan *sastra* ingkang dipunlampahi penganggit. *Karya sastra* kaperang dados *karya fiksi* kaliyan *nonfiksi*. *Karya fiksi* menika gadhah unsur ingkang *kompleks*, saengga saged manggihaken *unsur-unsur* ingkang mbangun *karya* menika. *Novel*, inggih menika salah satunggaling *karya fiksi* ingkang gadhah unsur

ingkang *kompleks*. Salah satunggaling *unsur* ingkang ambangun *novel* inggih menika paraga. Paraga inggih menika tiyang ingkang kacariyosaken ing salebeting cariyos. Paraga saged awujud kewan, manungsa lan sanesipun ananging sipat, tumindak saha solah bawanipun paraga – paraga kasebut *mencerminkan* manungsa ingkang gesang ing donya menika. Saben paraga menika gadhah sipat, tumindak, saha solah bawa ingkang beda – beda. Menika ingkang medalaken saben paraga menika gadhah pamanggih ingkang sami beda. Amargi beda pamanggih kasebut saged medalaken *konflik* antawisipun paraga-paraga kasebut.

Saben paraga anggenipun nglampahi *konflik* ugi beda-beda. Anggenipun nglampahi *konflik* kanthi maneka warna tumindak saengga saged mangaribawani *psikologisipun* paraga kasebut. Menika saged katingal saking watakipun paraga lajeng anggenipun nglampahi *konflik*. Watak *psikis* saha *konflik psikis* ingkang kalampahan dening paraga ing salebeting cariyos saged dipunkaji ngginakaken *teori Psikologinipun* Sigmund Freud. Sigmund Freud ngandharaken bilih mawi *Psikoanalisis* saged manggihaken *Id, Ego kaliyan Superego* ingkang dipunlampahi dening paraga ing salebeting cariyos. *Psikoanalisis* wonten gayutanipun kaliyan *fungsi* saha ngrembakanipun *mental* manungsa. *Kajian* ingkang gayut kaliyan watak, *konflik* saha paraga menika saged kapanggihaken ing salebeting *karya sastra fiksi* mliginipun *novel*. Amargi *novel* ingkang gadhah *unsur-unsur* ingkang langkung *kompleks* tinimbang *karya fiksi* sanesipun.

H. Panaliten Ingkang Jumbuh

Panaliten ingkang jumbuh kaliyan panaliten menika inggih menika ”*Perwatakan Tokoh Utama dalam Novel Garuda Putih Karya Suparto Brata*” anggitanipun Prima Rofik Mustafa, Jurusan Pendidikan Bahasa Jawa Angkatan 2007. Panaliten ingkang kaping kalih inggih menika panaliten saking Andri Kurniawan, Jurusan Pendidikan Bahasa Jawa Angkatan 2009 kanthi irah – irahan “*Konflik Psikologis Paragatama wonten ing Novel Kadurakan Ing Kidul Dringu Anggitanipun Suparto Brata*”.

Kekalih panaliten ing nginggil menika *fokus kajian*ipun sami kaliyan panaliten menika inggih menika *kajian psikologi sastra*. Ingkang mbedakaken inggih menika *objek* panalitenipun. *Objek* panaliten menika ngginakaken *Novel Lintang Panjer Rina* anggitanipun Daniel Tito.

BAB III

CARA PANALITEN

A. Jinising Panaliten

Miturut Wellek & Warren (1990: 90) *psikologi sastra* gadhah sekawan *model pendekatan* inggih menika ngelmu *psikologi* penganggit minangka pribadhinipun piyambak, ngelmu *proses kreatif*, ngelmu *tipe* kaliyan ukum-ukum *psikologi* ingkang dipuntrapaken wonten *karya sastra*, saha ngelmu *psikologi* pamaos. Panaliten menika ngginakaken *model pendekatan* ingkang nomer tiga inggih menika ngelmu *tipe* kaliyan ukum -ukum *psikologi* ingkang dipuntrapaken wonten *karya sastra*. Panaliten menika dipunfokusaken dhateng *perwatakan psikis* saha *konflik psikologis* ingkang dipunlampahi paragatama ingkang wonten ing *Novel Lintang Panjer Rina* anggitanipun Daniel Tito kanthi ngginakaken *teori Psikoanalisis*-ipun Sigmund Freud. Saengga *pendekatan* panaliten menika inggih menika *pendekatan psikologi sastra*.

Sedaya panaliten menika kedah ngginakaken *metode* panaliten. *Metode* ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika inggih menika *metode deskriptif*. *Metode deskriptif* dipunginakaken kangge ngandharaken panaliten bab *perwatakan* saha *konflik psikologis* ingkang dipunkaji saking *aspek psikis* paraganipun. Ancasipun *metode deskriptif* inggih menika supados anggenipun damel andharan saged kanthi *akurat*, *faktual* saha *sistematis* wonten gayutanipun kaliyan sumber dhata.

B. Dhata saha Sumbering Dhata

Dhata panaliten menika awujud tembung, ukara, paragraf sarta pawicantenan ingkang wonten ing *novel Lintang Panjer Rina* anggitanipun Daniel Tito ingkang dipunanggep jumbuh kaliyan panaliten ingkang dipuntindakaken inggih menika awujud *perwatakan psikis* paragatama kaliyan *wujud konflik psikis* ingkang dipunlampahi paragatama dipuntliti mawi *kajian psikologi sastra*. Panaliten menika dipuntindakaken kanthi mundhut saha *nganalisis* dhata ingkang gayut kaliyan watesaning perkawis.

Sumbering dhata panaliten menika awujud *novel* kanthi irah-irahan *Lintang Panjer Rina* anggitanipun Daniel Tito ingkang dipunterbitaken dening Penerbit Yayasan Sasmita Budaya Sragen taun 2002 cetakan kaping sepisan.

C. Caranipun Ngempalaken Dhata

Cara anggenipun ngempalaken dhata wonten ing panaliten menika ngginakaken kalih cara, inggih menika maos kaliyan nyathet. Lampah anggenipun ngempalaken dhata ingkang kaping pisan inggih menika maos, lajeng lampahipun kados ing ngandhap menika :

1. Kanthi tliti, maos sedaya isinipun *Novel Lintang Panjer Rina* anggitanipun Daniel Tito.
2. Maos *Novel Lintang Panjer Rina* kanthi manggihaken perangan-perangan ingkang ngandharaken *perwatakan psikis* kaliyan *konflik psikis* ingkang dipunlampahi paragatama.

3. Dhata ingkang sampun kapanggihaken lajeng dipunkempalaken. Sasampunipun dipunkempalaken, dhata-dhata menika dipungayutaken kaliyan *teori bab perwatakan psikis kaliyan konflik psikis* ingkang sampun dipuntemtokaken.

Menawi sampun nglampahi maos *novel*, cara salajengipun inggih menika nyathet. Lampahipun kados ing ngandhap menika:

1. Sedaya andharan ingkang awujud *perwatakan psikis kaliyan konflik psikis* paragatama dipuncathet lajeng dipunperang adhedhasar *aspek-aspek* ingkang badhe dipunkaji ngginakaken *psikologi sastra*.
2. Dhata dipunlebetaken wonten ing pirantining panaliten inggih menika *kartu* dhata saha *deskripsinipun* babagan *perwatakan psikis* paragatama kaliyan *konflik psikis* ingkang dipunlampahi paragatama wonten ing *Novel Lintang Panjer Rina* dipuncathet.

D. Pirantining Panaliten

Pirantining panaliten ing panaliten menika awujud *kartu* dhata. *Kartu* dhata menika dipunginakaken kangge nyerat dhata-dhata saha merang dhata – dhata ingkang dipunpanggihaken wonten ing pamaosan *Novel Lintang Panjer Rina* menika. *Kartu* dhatanipun awujud kados ing ngandhap menika.

Tabel 1.1 Perwatakan Psikis Paragatama wonten ing Novel Lintang Panjer**Rina**

No.	Pethikan Dhata	Seri/ Kaca	Perwatakan Psikis	Struktur Kapribaden		
				<i>Id</i>	<i>Ego</i>	<i>Superego</i>
1.	Harjito manthuk-manthuk. Gawe relief panen pari ing tembok ngarepan Balai Desa. Suwidak ewu. Ateges nelung puluh ewu. Lumayan. Ora jeneng lumayan maneh. Rejeki nomplok. Gek kerja apa seminggu, paling banter sepuluh dina, ditandangi saban awan bisa oleh asil semono. Yen kerja halal, paitan tenaga, genah tangeh lamun. Embuh yen laku durjana. Mbegal utawa ngrampog.	II/18	Prigel		√	

Katrangan

- No, inggih menika nomer urutipun dhata ingkang dipunpendhet.
- Pethikan dhata, inggih menika *kutipan* dhata ingkang dipunpendhet saking *novel Lintang Panjer Rina* anggitanipun *Daniel Tito* ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika.
- Kaca, inggih menika nedahaken nomeripun kaca saking *kutipan* ingkang dipunpendhet saking *novel Lintang Panjer Rina* anggitanipun *Daniel Tito*.

- *Perwatakan psikis*, inggih menika wujud watak *psikis* ingkang dipunlampahi dening paragatama wonten ing *novel Lintang Panjer Rina* anggitanipun *Daniel Tito*.
- *Struktur kapribaden*, inggih menika nedahaken golongan jinising watak adhedhasar *teori Psikologi Sigmund Freud* inggih menika *Id*, *Ego* kaliyan *Superego*.

Tabel 1.2 Wujud konflik psikis paragatama wonten ing Novel Lintang Panjer Rina

No.	Pethikan Dhata	Seri/ Kaca	Wujud Konflik <i>Psikis</i>	Struktur Kapribaden		
				<i>Id</i>	<i>Ego</i>	<i>Superego</i>
1.	Nalika Winarsih ngetokake dhompet, ndudut dhuwit, sajane Harjito ngrasa banget ora kepenak. Rumangsane mau kaya njaluk dijakake, kamangka jane ora. Dheweke sing nawani, dheweke sing kepengin njajakne, kang ateges nduwe dhuwit. Mula enggal-enggal tangane ngrogoh sak clana mburi. Ndilalah dhompete kok ya angel metune, sake keseseken utawa dhompete sing gegedhen. Sidane kalah dhisik. Winarsih luwih cepet. Klithih-klithih Harjito marani sepedhane kanthi praupan cuwa. Mesthi wae rumangsa isin.	I/7	Cuwa	✓	✓	

Katrangan

- No, inggih menika nomer urutipun dhata ingkang dipunpendhet.
- Pethikan dhata, inggih menika *kutipan* dhata ingkang dipunpendhet saking *novel Lintang Panjer Rina* anggitanipun *Daniel Tito* ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika.
- Kaca, inggih menika nedahaken nomeripun kaca saking *kutipan* ingkang dipunpendhet saking *novel Lintang Panjer Rina* anggitanipun *Daniel Tito*.
- Wujud *konflik psikis*, inggih menika *wujud konflik* ingkang dipunlampahi dening paragatama wonten ing *novel Lintang Panjer Rina* anggitanipun *Daniel Tito*.
- *Struktur* kapribaden, inggih menika nedahaken golongan *konflik psikis* adhedhasar *teori Psikologi Sigmund Freud* inggih menika *Id, Ego* kaliyan *Superego*.

E. Caranipun Nganalisis Dhata

Teknik analisis dhata ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika inggih menika *teknik deskriptif*. Anggenipun ngalampahi *teknik deskriptif* menika kaandharaken ing ngandhap menika:

1. *Kategorisasi* inggih menika dhata-dhata dipunperang adhedhasar *kategori* saha *aspek-aspek* ingkang dipuntliti jumbuh kaliyan *fokus* panaliten dhateng *kartu* dhatanipun.

2. *Tabulasi* inggih menika dhata-dhata ingkang badhe dipuntliti menika dipundamel awujud *tabel*. Dhata menika minangka asiling *kategori* saking *aspek-aspek* ingkang badhe dipuntliti dipunlajengaken mawi *analisis deskriptif*.
3. *Interpretasikaken* asiling *kategorisasi* tahap saderengipun mawi *teori* Sigmund Freud.
4. *Inferensi*, saking dhata-dhata ingkang sampun wonten lajeng dipundamel dudutanipun. *Inferensi* inggih menika negesi dhata ngginakaken *teori* ingkang sampun dipunpilih dados panjurung.

F. Caranipun Ngesahaken Dhata

Anggenipun ngesahaken dhata wonten panaliten menika pikantuk saking *validitas* saha *reliabilitas*. *Uji validitas* ing panaliten menika ngginakaken *validitas semantik* ingkang dipunlampahi kanthi njumbuhaken dhata-dhata ingkang kalebet *perwatakan* paragatama saha *konflik psikis* paragatama kaliyan *konteks* ukaranipun. *Uji validitas semantik* dipunginakaken kangge mangertosi makna *simbolik* ingkang wonten gegayutan kaliyan *konteksipun*.

Ujian pungkasan kanggo nggayuh ijasah SPG kari rong wulan. Nanging Harjito wis rumangsa kalah sadurunge perang. Dheweke wis ora kepengin maneh disubya-subya amarga kasil nggondhol biji apik dhewe kaya nalika rapotan ing taun-taun kepungkur. Sing dipengini mung siji: kepriye bisane enggal oncat saka kutha Ngawi.

Tuladha ing nginggil menika ngandharaken bilih Harjito menika gadhah sipat gampil nyerah tumrap perkawis ingkang nembe dipunlampahi.

Salajengipun anggenipun *uji reliabilitas* dhata, panaliten menika ngginakaken *reliabilitas intrarater* inggih menika kanthi maos saha nliti ngantos pikantuk dhata ingkang boten saged ewah utawi *konsisten*. Anggenipun saged pikantuk dhata ingkang *valid*, panaliten menika ugi ngginakaken *reliabilitas interrater* inggih menika asiling panaliten menika dipunkonsultasikaken kaliyan *ahli* ing *bidang sastra* inggih menika *dosen pembimbing*.

BAB IV

ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

A. Asiling Panaliten

Wosipun bab sekawan inggih menika babagan asiling panaliten saha pirembagan. Wosipun asiling panaliten menika inggih menika *perwatakan psikis* paragatama saha wujud *konflik psikis* ingkang dipunlampahi paragatama wonten ing *novel Lintang Panjer Rina* anggitanipun Daniel Tito. Panaliten menika ngginakaken *teori psikologi, psikoanalisis* saking Sigmund Freud. Pirembagan wonten panaliten menika dipunjumbuhaken kaliyan wosing perkawis saha ancasing panaliten. Panaliten tumrap *novel Lintang Panjer Rina* menika migunakaken *teknik* maos saha nyerat. Dhata ingkang dipunpendhet saking *novel*, dipunbabar wonten ing *tabel* rangkuman ing bab menika, saha dhata ingkang langkung jangkep dipunbabar wonten ing lampiran. Salajengipun dhata menika dipunandharaken migunakaken *teori* ingkang sampun dipunpilih.

1. Sinopsis *Novel Lintang Panjer Rina*

Harjito ingkang nembe ngraosaken bungah amargi saged sesambetan katresnan kaliyan kenya ingkang paling ayu wonten sekolahanipun inggih menika Winarsih. Ing sawijining dinten Winarsih cariyos dhumateng Harjito bilih piyambakipun badhe dipunjodhoaken kaliyan tiyang sepuhipun. Harjito kaget tumrap cariyosipun Winarsih menika. Winarsih ingkang sejatosipun boten purun menawi dipunjodhoaken lajeng nyuwun pitulungan dhumateng

Harjito. Harjito kanthi raos bingung lajeng nyaguhi badhe paring pitulungan dhateng Winarsih.

Sedaya cara sampun kalampahan, ananging Harjito kaliyan Winarsih boten saged tumindak menapa-menapa. Harjito kaliyan Winarsih nekad badhe nerasaken sesambetab tresna, lajeng kekalihipun janji prasetya boten badhe nilar salah satunggalipun.

Sekawan wulan salajengipun, Winarsih wiwit nerak janji, ketingal saking sipatipun ingkang nebih saking Harjito. Harjito ingkang ngraosaken bedanipun Winarsih menggalih bilih Winarsih wiwit nglirowakaken janjinipun. Harjito boten sengaja mirengaken cariyosipun kanca sakelasipun anggenipun dolan kaliyan Winarsih saha Sumardi. Harjito gampil pitados dhateng cariyos menika, ananging Agus kancanipun, nyuwun Harjito supados nyuwun pirsu langsung dhumateng Winarsih.

Satunggaling dinten, Harjito kaliyan Agus nembe antri karcis wonten ing bioskop, dumadakan Harjito manggihaken Winarsih medal saking mobil kaliyan Sumardi wonten ing parkiran. Harjito lajeng ngraosaken kagol ing manahipun, amargi Winarsih sampun nyidrani janji prasetyanipun. Harjito ngraosaken kalah saderengipun perang, perkawis menika adamel Harjito kepengin enggal medal saking kitha Ngawi tanpa ndherek ujian kelulusan. Ananging Agus nyuwun Harjito supados ndherek ujian, Harjito manut kaliyan Agus ndherek ujian kelulusan.

Wonten ing malem perpisahan kelulusan SPG, Harjito kepanggih kaliyan Winarsih ingkang pungkasan, lajeng kekalihipun ngucapaken selamat

anggenipun sampun lulus. Ananging Winarsih ugi nyuwun dhumateng Harjito supados sedaya ingkang sampun kalampahan ing dinten kepengker menika dipunsupekaken kemawon. Harjito sedhih sanget, piyambakipun ngraos dipuncidrani tresnanipun.

Sasampunipun lulus SPG, Harito gadhah niat badhe pados pengalaman wonten ing Jakarta kanthi nengga sangu ingkang cekap. Ing satunggaling dinten, Joko, kanca alitipun Harjito dolan wonten dalemipun Harjito. Joko cariyos bilih piyambakipun nyambut damel wonten perminyakan ing Sumatra. Harjito lajeng kepengin ndherek Joko supados pikantuk pengalaman ing padamelan. Pungkasan, Harjito nekad ndherek Joko mangkat ing Sumatra. Ing perminyakan, Harjito dipuntampi nyambut damel. Ing tlatah Sumatra, Harjito taksih asring kemutan kaliyan Winarsih ingkang samenika sampun palakrama kaliyan Sumardi.

Winarsih ingkang sampun palakrama kaliyan Sumardi lajeng manggihaken tumindak awonipun bojonipun, lajeng nyuwun pegat. Winarsih lajeng kemutan kaliyan Harjito, piyambakipun nyusul Harjito wonten ing tlatah Sumatra. Ing Sumatra, Winarsih kepanggih kaliyan Harjito, lajeng cariyos menawi piyambakipun badhe nyuwun sesambetan tresna malih kados jaman kepengker. Ananging Harjito ingkang taksih ngraos sedhih amargi sampun dipuntilar Winarsih, lajeng tegel nulak amargi sesambungan kekalih menika boten saged kados jaman rumiyin. Kanthi raos sedhih, Winarsih wangsul ing tanah Jawi.

Harjito lajeng wangsul wonten tlatah Jawi badhe nerasaken kuliah seni wonten ing ASRI Yogyakarta. Ing satunggaling dinten ing Yogyakarta, Harjito ingkang badhe dhaftar minangka mahasiswa enggal, pikantuk kintunan telegram saking Ngawi. Wosipun telegram inggih menika bilih simbahipun Harjito menika dhawah wonten lepen lajeng dipunbeta wonten griya sakit. Harjito lajeng wangsul ing Ngawi.

Harjito sampun dugi ing griya sakit Ngawi, ananging boten manggihaken simbahipun. Jebul, simbahipun sampun dipunpindah wonten ing griya sakit khusus tulang ing Sala. Harjito lajeng nyusul tindak wonten Sala. Sasampunipun dugi ing griya sakit Sala, Harjito manggihaken simbahipun kanthi ngraosaken sedhih sanget. Ing kamar jebul boten namung simbahipun Harjito kemawon, ananging wonten Yuli saha Winarsih. Sejatosisipun ingkang mbeta simbahipun Harjito wonten Sala inggih menika Winarsih piyambak. Harjito kanthi raos panuwun dhumateng Winarsih, lajeng ngajak Winarsih ngendikan.

Ndalu ing griya sakit, Harjito boten saged tilem amargi manahipun ngraosaken boten jenjem tumrap Winarsih ingkang samenika piyambakan. Kanthi raos tresna ingkang taksih wonten ing manahipun, Harjito blaka dhumateng Winarsih menawi piyambakipun taksih tresna kaliyan Winarsih. Winarsih ugi taksih tresna kaliyan Harjito.

Paraga-paraga ingkang kacariyosaken wonten ing salebeting *Novel Lintang Panjer Rina* inggih menika Harjito, Winarsih, Sumardi, Simbahipun Harjito, Agus, Joko, Ibunipun Winarsih, Tutik, Om Beng, Inez, Warni, saha Yuli.

2. *Perwatakan Psikis Paragatama Harjito wonten ing Novel Lintang Panjer Rina Anggitanipun Daniel Tito*

Watak inggih menika gambaran kanthi cetha tiyang ingkang dipunandharaken wonten ing salebeting cariyos. Watak utawi *perwatakan* menika sipat ingkang dhasar utawi budi pekertinipun paraga. Watak menika awujud sipat lair batinipun manungsa ingkang mangaribawani tumindak, salah bawa saben manungsa, saengga antawisipun paraga setunggal kaliyan sanesipun saged beda. Watak dipungambaraken dening penganggit menika mawi pocapan, salah bawa saha penggalhipun paraga. Watak saged dipuntingali saking *dialog*, *monolog* saha *narasi* paraganipun. Paragatama inggih menika paraga ingkang asring dipuncariyosaken utawi ingkang dados *center* ing satunggaling cariyos. Watak *psikis* paragatama Harjito ing *novel Lintang Panjer Rina* anggitanipun Daniel Tito menika dipuntliti mawi *teori psikoanalisis* Sigmund Freud manggihaken watak-watak inggih menika *gengsi*, jujur, gatekan, boten grusa-grusu, prigel, sabar, nekad, nriman, gampil pitados, tatag, gampil sedhih, gampil nyerah, nyimpen wadinipun piyambak, gadhah tekad ingkang kiyat, kedlereng, kaku manahipun, tegel saha wangkot.

Asiling panaliten *perwatakan psikis* paragatama Harjito wonten ing *novel Lintang Panjer Rina* anggitanipun Daniel Tito kaandharaken wonten ing *tabel* ngandhap menika.

Tabel 1. Dhata Perwatakan Psikis Paragatama Harjito wonten ing Novel Lintang Panjer Rina Anggitanipun Daniel Tito

No.	Perwatakan Psikis	Struktur Kapribaden			No. Dhata
		<i>Id</i>	<i>Ego</i>	<i>Superego</i>	
1.	Gengsi	√			1,46
			√		2
2.	Jujur			√	3,5,48
3.	Gatekan		√		4,9
4.	Boten grusa-grusu		√		6,7
5.	Prigel		√		8,12,29
6.	Sabar			√	10,26
7.	Nekad	√			11,24,27
8.	Nriman			√	13,15,21,23
9.	Gampil pitados	√			14
10.	Tatag/dhadhag	√			16,44
			√		22,30,36,39,47
11.	Gampil sedhih	√			17,19,25,35,37
12.	Gampil nyerah	√			18,20
13.	Nyimpèn wadinipun piyambak		√		31,32
14.	Gadhah tekad ingkang kiyat		√		28,33,34
15.	Kedlereng	√			38
16.	Kaku manahipun	√			40,42
17.	Tegel	√			41,43
18.	Wangkot	√			45

Adhedhasar *tabel* wonten ing nginggil, Harjito gadhah wolulas sipat, langkung kathah sipat tatag saha gampil sedhih. Tatag utawi teteg ugi saged dipunsebut dhadhag inggih menika kukuh, boten obah-owah, panggah, boten gadhah raos was sumelang. *Struktur* kapribaden sipat tatag ingkang langkung *dominan* inggih menika *Ego*. Gampil sedhih inggih menika gampil anggenipun ngraosaken raos sisah sanget. *Struktur* kapribaden sipat gampil sedhih ingkang langkung *dominan* inggih menika *Id*.

Sanesipun sipat ingkang *dominan* kados kekalih menika, taksih wonten sipat-sipat ingkang dipungadhahi dening Harjito. Sipat sanesipun kados dene *gengsi*, jujur, gatekan, boten grusa-grusu, prigel, sabar, nekad, nriman, gampil pitados, gampil nyerah, nyimpen wadinipun piyambak, gadhah tekad ingkang kiyat, kedlereng, kaku manahipun, tegel saha wangkot. *Gengsi* inggih menika raos isin amargi dipuntonton tiyang sanes. Jujur inggih menika blaka, ngendika ingkang sabeneripun. Gatekan inggih menika lantip utawi gampil mangertos. Boten grusa-grusu inggih menika boten kesesa anggenipun tumindak. Prigel inggih menika cukat saha trampil anggenipun nindakaken padamelan. Sabar inggih menika sareh utawi boten gampil duka.

Nekad inggih menika tumindak ingkang ngukuhi panemunipun piyambak, boten preduli menapa-menapa. Nriman inggih menika nampi sedaya kahanan kalawan panuwun. Gampil pitados inggih menika gampil pitados sedaya kemawon boten mawi curiga. Gampil nyerah inggih menika gampil anggenipun pasrah kaliyan perkawis saha kasunyatan ingkang nembe dipunlampahi piyambak. Nyimpen wadinipun piyambak inggih menika nyimpen perkawisipun dhiri pribadhi ingkang boten saged dipunwedharaken dhumateng tiyang sanes. Gadhah tekad ingkang kiyat inggih menika gadhah niyatan ingkang boten saged dipunowahi. Kedlereng inggih menika sipat ingkang gadhah raos kepengin ngertos langkung kathah bab menapa kemawon. Kaku manahipun inggih menika boten kersa mirengaken penggalih saha pamanggihipun tiyang sanes, namung mentingaken pamanggihipun

piyambak. Tegel inggih menika boten gadhah raos mesakake saha welas tumrap tiyang sanes. Wangkot inggih menika boten purun saha boten kenging dipunkandhani dening tiyang sanes, namung pitados pamanggihipun piyambak. *Struktur* kapribaden ingkang mangaribawani sipat-sipat paragatama Harjito ing nginggil menika *Id*, *Ego*, saha *Superego*.

3. Wujud Konflik Psikis Paragatama Harjito wonten ing Novel Lintang

Panjer Rina Anggitanipun Daniel Tito

Konflik inggih menika samubarang ingkang gayut kaliyan samukawis ingkang boten laras antawisipun kalih kekiyatan ingkang imbang kaliyan wontenipun aksi menapa dene aksi piwales. Prastawa-prastawa ingkang kadadosan wonten ing salebeting cariyos saged medalaken *konflik-konflik* ingkang langkung *kompleks*. *Konflik* ingkang dipunlampahi saha dipunraosaken paraga menika saged paring pangaribawa tumrap watak kaliyan salah bawanipun paraga. Watak saha salah bawa paraga menika ugi saged paring pangaribawa nuwuhaken *konflik* ingkang langkung *kompleks*. Paragatama Harjito wonten ing *novel Lintang Panjer Rina* anggitanipun Daniel Tito anglampahi *konflik-konflik psikis*, inggih menika cuwa, isin, kaget, bingung, ajrih, kagol manahipun, ngraos dipuncidrani, sumedhot, sedhih, sumelang, kemutan marang Winarsih, getun, taksih ngraos tresna marang Winarsih saha goreh. Asiling wujud *konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening paragatama Harjito wonten ing *novel Lintang Panjer*

Rina anggitanipun Daniel Tito kaandharaken wonten ing *tabel* ngandhap menika.

Tabel 2. Dhata Wujud Konflik Psikis Paragatama Harjito wonten ing Novel *Lintang Panjer Rina* Anggitanipun Daniel Tito

No.	Wujud Konflik Psikis	Struktur Kapribaden nalika Konflik			No. Dhata
		<i>Id</i>	<i>Ego</i>	<i>Superego</i>	
1.	Cuwa/gela	√	√		1
		√	√		11,19
2.	Isin	√	√		2
3.	Kaget	√	√		3,7,30
4.	Bingung	√	√		4,5,35
5.	Ajrih	√	√		6
			√	√	24
6.	Kagol manahipun	√	√		8,9
7.	Ngraos dipuncidrani	√	√	√	10,12,17,18,26,27
8.	Sumedhot	√	√		13
		√	√		20
9.	Sedhih	√	√		14,15,15,33
10.	Sumelang	√	√		21,31
11.	Kemutan marang Winarsih	√	√		22,23
12.	Getun		√	√	25,29
13.	Taksih ngraos tresna marang Winarsih	√	√	√	28
14.	Goreh	√	√		32,34

Adhedhasar *tabel* ing nginggil, *konflik psikis* paragatama Harjito wonten ing *novel Lintang Panjer Rina*, ingkang asring dipunlampahi inggih menika ngraos dipuncidrani. Ngraos dipuncidrani inggih menika ngraos dipunkhianati amargi boten nuhoni janji. *Struktur* kapribaden ingkang gadhah *konflik* inggih menika *Id*, *Ego* saha *Superego*. *Konflik psikis* ingkang dipunlampahi paragatama Harjito sanesipun inggih menika sedhih. Sedhih

inggih menika ngraosaken susah banget. *Struktur* kapribaden ingkang gadhah *konflik* inggih menika *Id* saha *Ego*. Taksih kathah *konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening paragatama Harjito kadosta cuwa, isin, kaget, bingung, ajrih, kagol manahipun, sumedhot, sumelang, kemutan marang Winarsih, getun, taksih ngraos tresna marang Winarsih saha goreng.

Adhedhasar tabel ing nginggil, wonten *kolom struktur* kapribaden ingkang wonten tandha (✓), tegesipun bilih *struktur* kapribaden kasebut ingkang langkung *dominan*. Tandha (✓) tegesipun *struktur* kapribaden ing sakiwa-tengenipun *struktur* ingkang *dominan*. *Struktur* kapribaden ingkang gadhah *konflik* wonten ing *konflik psikis* cuwa inggih menika *Id* saha *Ego*. *Struktur* kapribaden ingkang gadhah *konflik* wonten ing *konflik psikis* isin inggih menika *Id* saha *Ego*, *Ego* langkung *dominan* saking *Id*. *Struktur* kapribaden ingkang gadhah *konflik* wonten ing *konflik psikis* kaget inggih menika *Id* saha *Ego*, *Id* langkung *dominan* tinimbang *Ego*. *Struktur* kapribaden ingkang gadhah *konflik* wonten ing *konflik psikis* bingung inggih menika *Id* saha *Ego*, *Ego* langkung *dominan* saking *Id*. *Struktur* kapribaden ingkang gadhah *konflik* wonten ing *konflik psikis* ajrih inggih menika *Id*, *Ego* saha *Superego*.

Struktur kapribaden ingkang gadhah *konflik* wonten ing *konflik psikis* kagol manahipun inggih menika *Id* saha *Ego*, *Id* menika langkung *dominan* saking *Ego*. *Struktur* kapribaden ingkang gadhah *konflik* wonten ing *konflik psikis* sumedhot inggih menika *Id* saha *Ego*. *Struktur* kapribaden ingkang gadhah *konflik* wonten ing *konflik psikis* sumelang inggih menika *Id* saha *Ego*,

ingkang langkung *dominan* inggih menika *Ego*. *Struktur* kapribaden ingkang gadhah *konflik* wonten ing *konflik psikis* kemutan marang Winarsih inggih menika *Id* saha *Ego*, *struktur* ingkang *dominan* inggih menika *Ego*. *Struktur* kapribaden ingkang gadhah *konflik* wonten ing *konflik psikis* getun inggih menika *Ego* saha *Superego*, *Ego* menika ingkang langkung *dominan* saking *Superego*. *Struktur* kapribaden ingkang gadhah *konflik* wonten ing *konflik psikis* taksih ngraos tresna marang Winarsih inggih menika *Id*, *Ego* saha *Superego*, *Superego* menika langkung *dominan* saking *Id* saha *Ego*. *Struktur* kapribaden ingkang gadhah *konflik* wonten ing *konflik psikis* goreh inggih menika *Id* saha *Ego*, *Ego* menika ingkang langkung *dominan* saking *Id*.

B. Pirembagan

Kados ingkang sampun dipunandharaken wonten ing nginggil, panaliten menika badhe ngrembag kalih perkawis, inggih menika babagan *perwatakan psikis* saha wujud *konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening paragatama Harjito wonten ing *novel Lintang Panjer Rina* anggitanipun Daniel Tito. Ingkang sepisan, badhe ngrembag babagan *perwatakan* paragatama salajengipun inggih menika ngrembag babagan wujud *konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening paragatama Harjito wonten ing *novel Lintang Panjer Rina* anggitanipun Daniel Tito. Kekalih perkawis kala wau badhe karembag saha kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

1. Perwatakan Psikis Paragatama Harjito wonten ing Novel *Lintang Panjer Rina* anggitanipun Daniel Tito

a. *Gengsi*

Gengsi inggih menika raos isin amargi dipuntonton tiyang sanes (Poerwadarminta, 1939: 664). Sipat *gengsi* ingkang dipungadhahi dening Harjito menika amargi ngraosaken isin dhumateng Winarsih. Sipat *gengsi* Harjito menika sipat ingkang kalebet ing *struktur* kapribaden *Id* ketingal wonten pethikan ing ngandhap menika.

“Jajan cemue dhisik ya, Win?”

“Apa kowe duwe dhuwit?”

“Wah, ngenyek, ki.”

“Lho, ora ngono, yen kirane dhuwitmu ngepres, aku wae sing mbayari.”

“Ya *gengsi*, no!”

“Halah, kathik mikir *gengsi* barang. Pacaran jaman saiki ya endi sing ana ngono wae. Ra usah *gengsi* – *gengsinan*.”

Sidane sarwa kuwalik. Harjito sing ngajak ngajak jajan, nanging malah Winarsih sing mbayari. (*Lintang Panjer Rina*, 2002: 6).

Pethikan ukara ingkang ngandharaken sipat *gengsi* ingkang kalebet *Id* ketingal ing ngandhap menika.

“Ya *gengsi*, no!”

Pethikan ukara ing nginggil menika ngandharaken bilih Harjito ngraosaken *gengsi* kaliyan Winarsih. Harjito ingkang ngajak Winarsih jajan cemue gadhah niyatan badhe *nraktir* Winarsih. Ananging Winarsih naweni menawi Harjito boten gadhah arta, piyambakipun kemawon ingkang mbayari jajan. Harjito lajeng nulak amargi ngraosaken *gengsi* dhumateng Winarsih. Pungkasan, Winarsih ingkang mbayari jajanipun. *Struktur*

kapribaden *Id* ingkang ndadosaken Harjito ngraosaken sipat *gengsi* dhumateng Winarsih, amargi kedahipun ingkang mbayari inggih menika Harjito.

Klithih-klithih Harjito marani sepedhane kanthi praupan cuwa. Mesthi wae rumangsa isin.

“Suk maneh aku emoh ngajak jajan kowe,” ujure, nalika Winarsih wis ngethapel ana boncengane.

“Lho, isih mbok pikir, ta?”

“Ya, terang. Aku isin lho, Win.”

“Ngono wae ndadak isin. Wong ora ana uwong liyane sing njajan.”

“Isin karo bakule. Harak disengguh piye ngono. Andhok kok sing mbayari sing wadon. Gek bakule mau mesthine ngerti yen kowe dudu bojoku. Awake dhewe rak durung ketok kaya wong bebojowan.” (Lintang Panjer Rina, 2002: 7).

Pethikan ukara ingkang ngandharaken sipat *gengsi* ingkang kalebet *struktur* kapribaden *Ego* wonten ing ngandhap menika.

“Isin karo bakule. Harak disengguh piye ngono. Andhok kok sing mbayari sing wadon. Gek bakule mau mesthine ngerti yen kowe dudu bojoku.

Sejatosipun Harjito ingkang ngajak Winarsih menika jajan cemue, ananging malah Winarsih ingkang mbayari anggenipun jajan cemue. Perkawis menika ingkang nyebabaken Harjito ngraosaken *gengsi*. *Struktur* kapribaden *Id* ingkang nyebabaken Harjito ngraosaken *gengsi* amargi malah wanita ingkang mbayari jajan menika, boten piyambakipun ingkang priya. Ananging amargi Harjito ngraosaken boten kepenak dhumateng Winarsih saha isin dhumateng bakulipun, ingkang ndadosaken *Id* ewah dados *Ego*. *Id* saged ewah dados *Ego*, amargi *logika* sampun ngraosaken boten kepenak saha isin kaliyan tiyang sanes.

b. Jujur

Jujur inggih menika blaka, ngendika ingkang sabeneripun (Poerwadarminta, 1939: 47). Sipat jujur menika sipat blaka Harjito anggenipun cariyos babagan kasunyatanipun piyambak. Sipat jujur Harjito ketingal wonten pethikan ing ngandhap menika.

“Ora. Yen bab tresna lho, aku manteb wae. Dene ruwet-renteng lan sambekala sajroning bebrayan mono lumrah. Ya mung kuwi mau, urip sing sukses kuwi sing kaya ngapa. Apa sing sugih-mubru kaya wong tuwamu? Yen kuwi aku ora wani muni saguh. Tenan! Kowe ngerti dhewe kahananku.” (Lintang Panjer Rina, 2002: 14).

Harjito jujur babagan kahanan piyambakipun ingkang boten saged dipunsebut sugih kados Sumardi ingkang dipunjodhoaken tiyang sepuhipun Winarsih. Pethikan ukara ingkang nggambaraken sipat jujur Harjito ketingal ing ngandhap menika.

Apa sing sugih-mubru kaya wong tuwamu? Yen kuwi aku ora wani muni saguh. Tenan! Kowe ngerti dhewe kahananku.”

Harjito menika sampun manteb tresna kaliyan Winarsih, ananging tiyang sepuhipun Winarsih boten purun menawi jodhonipun Winarsih menika boten saking kulawarga ingkang sugih bandha. Perkawis menika ingkang damel Harjito boten saguh amargi kahanan kulawarganipun ingkang sedherhana. *Struktur* kapribaden *Superego* ingkang ndadosaken Harjito gadhah sipat jujur sarta blaka babagan kahanan piyambakipun dhumateng wanita ingkang dipuntresnani, supados ngertos menawi piyambakipun boten saking kulawarga ingkang sugih bandha-donya kados ingkang dipunkajengaken dening tiyang sepuhipun Winarsih.

c. Gatekan

Gatekan inggih menika lantip, gampil mangertos (Poerwadarminta, 1939: 134). Sipat gatekan Harjito ketingal wonten pethikan ing ngandhap menika.

“Yen kuwi padhadene sing mbokkandhakake. Bebasan ora ana tetembungan kang paling pas kanggo nggambarake rasa pangrasaku ing bab tresna. Nanging bareng kowe crita bab mbakyu-mbakyumu sing nyatane malah bubrah sawise ngugemi tresnane, aku uga dadi mikir. Ndak iya saumpama awake dhewe nekad, mengkone bisa urip mulya, guyup-rukun kaya sing digambarake awake dhewe. Ora kaya sedulur-sedulurmu. Iki mono realistis wae. Sapa sing wani njamin?”
“Dadi kowe ya tidha-tidha?”

“Ora. Yen bab tresna lho, aku manteb wae. Dene ruwet-renteng lan sambekala sajroning bebrayan mono lumrah. Ya mung kuwi mau, urip sing sukses kuwi sing kaya ngapa. Apa sing sugih-mubru kaya wong tuwamu? Yen kuwi aku ora wani muni saguh. Tenan! Kowe ngerti dhewe kahananku.”

Saiki genti Winarsih sing dheleg-dheleg. Dheweke ora kandha blaka bab kesugihan bandha-donya. Ananging kalantipan panggraitane Harjito nyata-nyata tembus. Priya sing ditresnani kuwi kayadene wong mancing sing nibakake pancinge menyang kedhung sing pener. Ya ing kono kuwi dumununge iwak.(Lintang Panjer Rina, 2002: 13-14).

Wonten pethikan ing nginggil ketingal sipat gatekanipun Harjito dhumateng perkawis ingkang nembe dipunlampahi Winarsih. Ukara ingkang nggambaraken sipat gatekan Harjito kaandharaken ing ngandhap menika.

Ndak iya saumpama awake dhewe nekad, mengkone bisa urip mulya, guyup-rukun kaya sing digambarake awake dhewe. Ora kaya sedulur-sedulurmu. Iki mono realistis wae. Sapa sing wani njamin?”

Struktur kapribaden Ego ingkang ndadosaken Harjito menika gatekan anggenipun menggalih kahanan ingkang kedah ngginakaken *logika*. Harjito menggalih bilih Harjito kaliyan Winarsih menika nekad mbangun bale-

somah, menapa mangkih saged urip bagya-mulya kados ingkang sampun dipungambaraken dening Harjito saha Winarsih. *Logika* ingkang adamel Harjito menggalih kanthi tumemen *sebab-akibat* ingkang saged tuwuh menawi kekalihipun nekad mbangun bale-somah.

d. Boten grusa-grusu

Grusa-grusu inggih menika sarwa kasar lan kesusu (Poerwadarminta, 1939: 164). Saengga boten grusa-grusu inggih menika boten kesesa anggenipun tumindak. Sipat boten grusa-grusu ingkang dipungadhahi Harjito ketingal wonten pethikan ing ngandhap menika.

Dheweke durung bisa menehi wangsulan, eguh pratikel: kepriye murih becike sing sakabehe marang Winarsih, ora ateges ngendhani kanyatan. Dheweke butuh wektu kanggo nglimbang, ngunggahake, ngudhunake.

Bener kandhane Winarsih, iki mono perkara abot. Ora bisa diputusake kanthi gradagan. Kejaba yen mung arep ngenaki rembug. (Lintang Panjer Rina, 2002: 15-16).

Saking pethikan ing nginggil kapanggihaken ukara ingkang nggambaraken sipat boten grusa-grusu ingkang dipungadhahi dening Harjito inggih menika,

kepriye murih becike sing sakabehe marang Winarsih, ora ateges ngendhani kanyatan. Dheweke butuh wektu kanggo nglimbang, ngunggahake, ngudhunake.

Harjito ngraosaken bingung anggenipun pados wangsulan dhumateng perkawis ingkang nembe kalampahan. Ananging Harjito boten pengin kesesa anggenipun tumindak, sedaya menika kedah mbetahaken wekdal kangge nimbang perkawisipun. Perkawis ingkang miturut Harjito menika awrat, boten saged dipunputusaken kanthi gradagan tanpa dipunpenggalih

ingkang tumemen. *Struktur* kapribaden *Ego* ingkang ndadosaken Harjito kedah boten grusa-grusu anggenipun tumindak, supados perkawis menika saged manggihaken wangsulan ingkang becik kangge piyambakipun saha Winarsih.

e. Prigel

Prigel inggih menika cukat sarta trampil (Poerwadarminta, 1939: 513). Prigel menika nindakaken sedaya padamelan kanthi cukat, trampil saha trengginas tanpa raos males-malesan. Sipat prigel ingkang dipungadhahi Harjito menika ketingal wonten pethikan ing ngandhap menika.

Harjito manthuk-manthuk. Gawe relief panen pari ing tembok ngarepan Balai Desa. Suwidak ewu. Ateges nelung puluh ewu. Lumayan. Ora jeneng lumayan maneh. Rejeki nomplok. Gek kerja apa seminggu, paling banter sepuluh dina, ditandangi saben awan bisa oleh asil semono. Yen kerja halal, paitan tenaga, genah tangeh lamun. Embuh yen laku durjana. Mbegal utawa ngrampog. Sidane Harjito mulih kanthi ati mbedhedeg. Kebak rasa bagya-mulya. Semono yen pancen wis dadi rejekine. Ateges bisa nglunasi SPP sing wis nunggak rong sasi. Lagi arep dibayar sawise dodolan mbako panenane emake minggu ngarep iki. Ah, ora usah ngenteni panen mbako, perskote “proyek” kuwi wis kena dienggo mbayar. (Lintang Panjer Rina, 2002: 18).

Saking pethikan ing nginggil kapanggihaken ukara ingkang nggambaraken sipat prigel ingkang dipungadhahi dening Harjito inggih menika,

Semono yen pancen wis dadi rejekine. Ateges bisa nglunasi SPP sing wis nunggak rong sasi. Lagi arep dibayar sawise dodolan mbako panenane emake minggu ngarep iki. Ah, ora usah ngenteni panen mbako, perskote “proyek” kuwi wis kena dienggo mbayar.

Harjito menika piyantun ingkang prigel sarta trampil. Harjito taksih sekolah ananging sampun saged pados arta piyambak amargi piyambakipun ingkang prigel sanget sarta mandhiri. Sedaya padamelan dipunlampahi Harjito kanthi raos eklas, cukat tanpa raos isin supados saged nglunasi SPP ingkang sampun nunggak kalih sasi tanpa nyuwun arta dhateng simbahipun. *Struktur* kapribaden *Ego* ingkang ndadosaken *logikanipun* Harjito menggalih bilih sedaya padamelan yen menika halal, boten dados menapa dhumateng dhirinipun saengga saged damel mbiyantu simbahipun kangge mbayar SPP.

f. Sabar

Sabar utawi sareh inggih menika boten gampil duka (Poerwadarminta, 1939: 536). Tiyang ingkang sabar menika boten gampil duka anggenipun nglampahi perkawis. Sipat sabar ingkang dipungadhahi Harjito ketinggal wonten pethikan ing ngandhap menika.

Sakjane ora mbutuhake dhuwit akeh. Pokoke angger bisa tekan Jakarta lan bisa kanggo urip sesasi ngono wae wis cukup. Mosok ta ikhtiyar sesasi ora oleh cantholan.

Sabenere Harjito dhewe isih nduwe celengan ana tabanas, ora akeh, mung cukup yen kanggo numpak sepur tekan Jakarta. Emake sing ora tega.

“Jakarta kuwi adoh. Yen nganti keluwen kowe arep njaluk sapa. Wong adoh sanak-sedulur,” ujure emake.

Harjito manut. Ngenteni sangu kang cukup. (Lintang Panjer Rina, 2002: 52).

Saking pethikan ing nginggil kapanggihaken ukara ingkang nggambaraken sipat sabar ingkang dipungadhahi dening Harjito inggih menika,

*“Jakarta kuwi adoh. Yen nganti keluwen kowe arep njaluk sapa. Wong adoh sanak-sedulur,” ujare emake.
Harjito manut. Ngenteni sangu kang cukup.*

Struktur kapribaden *Superego* ingkang ndadosaken Harjito kedah sabar anggenipun nengga sangu ingkang cekap kangge budhal wonten Jakarta. Sejatosisipun Harjito taksih gadhah tabungan ingkang cekap kangge nitih sepur ananging emake boten ngidini Harjito menika nekad mangkat tanpa nengga sangu saking Paklikipun. Pungkasan, Harjito manut kaliyan emake supados sabar anggenipun nengga sangu saking Paklikipun.

g. Nekad

Nekad inggih menika tumindak ingkang ngukuhi panemunipun piyambak (Poerwadarminta, 1939: 340). Nekad menika boten preduli menapa kemawon ingkang saged mangaribawani tumindakipun. Sipat nekad ingkang dipungadhahi Harjito ketingal wonten pethikan ing ngandhap menika.

“Awake dhewe kudu sabar ngenteni nganti lulus setaun maneh. Njur aku maju nglamar menyang wong tuwamu. Mati-mukti. Ditampa alhamdulillah, yen ora ya wis begjaku. Ora perduli aku isih dadi guru magangan. Ora perduli durung duwe bayar saka pemerintah. Aku nduwe kabisan liya kanggo cagaking urip. Aku nduwe kabisan nggambar, gawe relief, nulis ing koran utawa majalah sithik-sithik aku ya bisa. Wis ana karanganku sing kapacak. Oleh honor.”(Lintang Panjer Rina, 2002: 30-31).

Saking pethikan ing nginggil kapanggihaken ukara ingkang nggambaraken sipat nekad ingkang dipungadhahi dening Harjito inggih menika,

Njur aku maju nglamar menyang wong tuwamu. Mati-mukti. Ditampa alhamdulillah, yen ora ya wis begjaku. Ora perduli aku isih dadi guru magangan. Ora perduli durung duwe bayar saka pemerintah.

Sipat nekad Harjito menika boten sipat ingkang awon. Harjito nekad badhe nglamar Winarsih supados Winarsih boten siyos dipunjodhoaken kaliyan Sumardi. Saengga Harjito saged nerasaken sesambungan tresna kaliyan Winarsih. *Struktur* kapribaden *Id* ingkang adamel Harjito menika nekad badhe nglamar Winarsih, boten predhuli menawi piyambakipun dereng urip mapan kados Sumardi.

h. Nriman

Nriman inggih menika nampi kalawan panuwun (Poerwadarminta, 1939: 351). Sipat nriman kalebet sipat ingkang sae, sipat menika nampi sedaya keputusan, kahanan saha kasunyatan ingkang nembe dipunlampahi piyambakipun. Sipat nriman ingkang dipungadhahi Harjito ketingal wonten pethikan ing ngandhap menika.

Yen Harjito ngajak dolan, cukup numpak sepedha. Nanging yen Sumardi sing ngajak numpake Colt anyar. Apese Honda plat abang, sepedha motor dhines. Sapa sing ora mongkog atine, disawang wong akeh, nalika diboncengake priya bagus nganggo montor dhines bank? Yen Harjito ngajak jajan mung ajeg ing warung cemue totogan jalan Dr. Soetomo (kuwi wae kala-kala sing mbayari Winarsih). Nanging yen Sumardi sing ngajak bisa tekan ngendi-ngendi. Tekan Sala barang. Tur dudu warung, nanging restoran sing menune komplit. Harjito selot sadhar dhiri. Sumardi genah dudu tandhingane. (Lintang Panjer Rina, 2002: 38).

Saking pethikan ing nginggil kapanggihaken ukara ingkang nggambaraken sipat nriman ingkang dipungadhahi dening Harjito inggih menika,

Harjito selot sadhar dhiri. Sumardi genah dudu tandhingane.

Sipat nriman Harjito ketingal saking anggenipun Harito nampi keputusanipun Winarsih ingkang milih Sumardi tinimbang piyambakipun. Harjito sadhar dhiri bilih piyambakipun beda kados Sumardi ingkang saged ngajak dolan nitih mobil menapa motor. *Struktur* kapribaden *Superego* ingkang ndadosaken Harjito mbandhingaken piyambakipun kaliyan Sumardi sarta nampi kahanan ingkang boten saged katandhingaken antawisipun Harjito kaliyan Sumardi.

i. Gampil pitados

Percaya inggih menika ngandel utawi pitados marang sinten kemawon saged mawi masrahaken padamelan utawi menapa kemawon (Poerwadarminta, 1939: 404). Gampil pitados inggih menika gampil pitados tumrap sinten kemawon. Harjito gadhah sipat gampil pitados, ketingal wonten pethikan ing ngandhap menika.

Tutik, kancane Winarsih sabangku, wis crita dhewe ngethuprus sadurunge Harjito takon. Karepe jane mung arep nyiritakake kedadeyan ngedab-edabi sing mentas dirasakake. Yakuwi bab olehe dijak Winarsih karo Sumardi plesir menyang Sarangan banjur munggah menyang Cemara Sewu, tembus tekan Tawangmangu. Semangat banget anggone crita, nganti ora sadhar sapa sing dicritani.

“Wah, jan, dalane nggegirisi temenan. Ndedel semono dhuwure, kathik menggak-menggok pisan, nganti Colte kaya arep ngglondor. Mas Mardi dhewe, sing nyopir, nganti kringete metu brol-brolan sakjagung-jagung,” kojahe Tutik karo tangane saweyan.

Pancen ora mligi katujokake marang Harjito. Critane ing kelas wayah istirahat. Mesthi wae ditanguh pas Winarsih lagi metu. Sing ngrungokake bocah akeh.

Nanging Harjito cepet wae narik kesimpulan: Winarsih wiwit kegiwang. Winarsih wiwit ngingkari sumpah prasetyane.

“Aja kesusu dhisik. Ditliti maneh sing permati. Mengko gek kancamu sing crita kuwi mung gawe-gawe. Sengaja mbebeda ben kowe cemburu,” panyaruwene Agus, kancane raket ya kancane golek rejeki sing wis dianggep kaya sedulur.

“Apa aku perlu takon kepriye benere marang Winarsih?”

“Yen perlu mengkono,” tumadhese Agus.

“Yen wangsulane bener? Mangkat plesir temenan bareng Sumardi?” (Lintang Panjer Rina, 2002: 36-37).

Saking pethikan ing nginggil kapanggihaken ukara ingkang nggambaraken sipat gampil pitados ingkang dipungadhahi dening Harjito inggih menika,

Nanging Harjito cepet wae narik kesimpulan: Winarsih wiwit kegiwang. Winarsih wiwit ngingkari sumpah prasetyane..... “Yen wangsulane bener? Mangkat plesir temenan bareng Sumardi?”

Sipat gampil pitados Harjito menika sipat ingkang adamel Harjito nampi sedaya andharan tiyang sanes tanpa dipunpenggalih. Amargi boten dipunpenggalih rumiyin adamel Harjito gampil narik kesimpulan bilih Winarsih menika wiwit owah. *Struktur* kapribaden *Id* ingkang ndadosaken Harjito gampil pitados tumrap cariyos ingkang dipuncariyosaken dening Tutik. Ananging lajeng Harjito menika mirengaken Agus, supados Harjito menika kedah paring pitakon dhumateng Winarsih kados pundi cariyos ingkang leres.

j. Tatag

Tatag utawi teteg ugi saged dipunsebut dhadhag inggih menika kukuh, boten obah-owah, panggah, boten gadhah raos was sumelang (Poerwadarminta, 1939: 604). Sipat tatag menika sipat ingkang kukuh

tumrap pamanggihipun piyambak. Harjito gadhah sipat tatag, ketingal wonten pethikan ing ngandhap menika.

Tresna sejati, mengkono kang saben dina tansah dipikir, ora kena diregedi dening tumindak cidra sarta laku candhala. Kuwi kesimpulan sing dIdudut saka olehe memaca roman-roman katresnan sasuwene iki. Ing sajroning katresnan jati, ngadeg uga martabat lan ajining dhiri. Yen Harjito nganti nampani maneh katresnane Winarsih kang nyata-nyata wis alaku cidra ing janji, apa iki ora ateges mbanting ajining dhiri. Njur apa tegese wong lanang kaya Harjito? Kuwi sing dadi pamikire Harjito. (Lintang Panjer Rina, 2002: 104).

Saking pethikan ing nginggil kapanggihaken ukara ingkang nggambaraken sipat tatag ingkang kalebet *struktur* kapribaden *Id* inggih menika,

Yen Harjito nganti nampani maneh katresnane Winarsih kang nyata-nyata wis alaku cidra ing janji, apa iki ora ateges mbanting ajining dhiri. Njur apa tegese wong lanang kaya Harjito?

Tumindak cidra Winarsih dhumateng Harjito ingkang ndadosaken Harjito boten purun nampi malih katresnanipun Winarsih. *Struktur* kapribaden *Id* ingkang ndadosaken Harjito menika tatag utawi kukuh dhumateng pamanggihipun bilih Harjito boten saged nampi malih katresnanipun Winarsih. Miturut pamanggihipun Harjito, menawi piyambakipun nampi malih katresnanipun Winarsih sami mawon piyambakipun mbanting martabatipun dados priya kados ingkang kacariyosaken ing salebeting roman ingkang dipunwaos Harjito.

Lungguh ing kursi dheretan meh mburi dhewe Harjito nyawang mengarep sajak kaya nggatekake temenan. Nanging sajane ora. Buktine isih bisa melu ngguyu nyekikik nalika Bari ndhagel, sengaja gawe guyu. Rampung acara Harjito melu metu saka gedhong aula bareng liya-liyane. Dheweke ora ngira babar-pisan yen wengi kuwi bakal adhep-arep karo Winarsih kanggo kang pungkasan. Wiwitan

mung disengguh dhapur kapinujon kepethuk. Nanging ora. Bareng sing ngadeg mapagake lakune ora mung Winarsih dhewekan nanging ana kancane loro. Rini lan Endang. Harjito lagi sadhar yen wis mlebu wuwu. Dadi tekane Bari karo Siswanto tekan ndesane mau mujudake bageyan skenario “penyergapan”.

Gelem ora gelem Harjito kudu sumadiya ngadhepi.

Ah, ora pa-pa. Sikep kudu dhadhag. Ati kena panas nanging pikiran kudu tetep adhem.

“Selamat ya Har,” pambagene Winarsih luwih dhisik.

“Aku sing kudune ngucapake selamat. Selamat dhobel, ya?” sumaure Harjito tatag karo nampani epek-epeke Winarsih. (Lintang Panjer Rina, 2002: 48).

Saking pethikan ing nginggil kapanggihaken ukara ingkang nggambaraken sipat tatag ingkang kalebet *struktur* kapribaden *Ego* inggih menika,

Gelem ora gelem Harjito kudu sumadiya ngadhepi.

Ah, ora pa-pa. Sikep kudu dhadhag. Ati kena panas nanging pikiran kudu tetep adhem.... Harjito tatag karo nampani epek-epeke Winarsih.

Harjito dhateng wonten adicara perpisahan ingkang kalaksananan ing sekolahan. Sasampunipun acara rampung, Harjito kepanggih kaliyan Winarsih lajeng Winarsih paring selamat anggenipun sampun lulus. Harjito ingkang sejatosipun ngraosaken cidra, boten ngetingalaken kanthi praupan duka dhumateng Winarsih. Dene Harjito ugi ngucapaken selamat dhumateng Winarsih amargi sampun lulus saha sampun manggihaken calon bojo inggih menika Sumardi. *Struktur* kapribaden *Ego* ingkang ndadosaken Harjito kedah tatag dhumateng perkawis ingkang nembe kaadhepaken. Harjito menggalih bilih piyambakipun kedah tatag sarta sumadiya angadhepi kahanan ingkang kalampahan kados pethikan ing

nginggil. Harjito gadhah *prinsip* inggih menika kedah tatag utawi kukuh anggenipun ngadhapi Winarsih ingkang sampun nyidrani piyambakipun.

k. Gampil Sedhih

Sedhih inggih menika ngraos susah banget (Poerwadarminta, 1939: 552). Dados gampil sedhih menika gampil anggenipun ngraosaken susah banget. Ngraos sedhih biyasanipun amargi antawisipun kasunyatan kaliyan pepenginan menika boten sami. Sipat gampil sedhih Harjito ketinggal wonten pethikan ing ngandhap menika.

Pendhak weruh – ora sengaja – tlerame Winarsih, atine Harjito sansaya kelara-lara, kaya diiwi-iwi, dijuwing-juwing. Winarsih tau nyoba mesem, karepe naruh, nanging ing rasane Harjito kaya wong ngece. Kaya-kaya dibandhingake antarane dheweke karo Sumardi. Mesthi wae adoh sungate. Kaya mbandhingake antarane rembulan karo banyu got sing buthek lan reget. (Lintang Panjer Rina, 2002: 44).

Saking pethikan ing nginggil kapanggihaken ukara ingkang nggambaraken sipat gampil sedhih ingkang dipungadhahi dening Harjito inggih menika,

Pendhak weruh – ora sengaja – tlerame Winarsih, atine Harjito sansaya kelara-lara, kaya diiwi-iwi, dijuwing-juwing.

Harjito ngraosaken gampil sedhih menawi piyambakipun kepanggih kaliyan Winarsih. *Struktur* kapribaden *Id* ingkang ndadosaken Harjito gampil sedhih amargi piyambakipun ngraos dipuncidrani dening Winarsih. Menawi Harjito kepanggih kaliyan Winarsih, Harjito ngraosaken bilih piyambakipun kados dipuntandhingaken kaliyan Sumardi ingkang drajatipun beda. Lajeng adamel manahipun ngraosaken tansah kelara-lara kados dipuniwi-iwi.

1. Gampil Nyerah

Nyerah inggih menika pasrah, sumarah (Poerwadarminta, 1939: 475). Dados gampil nyerah inggih menika gampil anggenipun pasrah sumarah kaliyan perkawis saha kasunyatan ingkang nembe dipunlampahi piyambak. Sipat gampil nyerah Harjito ketingal wonten pethikan ing ngandhap menika.

Ujian pungkasan kanggo nggayuh ijasah SPG kari rong wulan. Nanging Harjito wis rumangsa kalah sadurunge perang. Dheweke wis ora kepengin maneh disubya-subya amarga kasil nggondhol biji apik dhewe kaya nalika rapotan ing taun-taun kepungkur. Sing dipengini mung siji: kepriye bisane enggal oncat saka kutha Ngawi. Malah saumpama ora nggugu guneme Agus sing akeh-akeh, dheweke mesthi wis lunga adoh ninggal bangku SPG, kang ateges durung nganti lulus. (Lintang Panjer Rina, 2002: 41).

Saking pethikan ing nginggil kapanggihaken ukara ingkang nggambaraken sipat gampil sedhih ingkang dipungadhahi dening Harjito inggih menika,

Nanging Harjito wis rumangsa kalah sadurunge perang... Malah saumpama ora nggugu guneme Agus sing akeh-akeh, dheweke mesthi wis lunga adoh ninggal bangku SPG, kang ateges durung nganti lulus.

Struktur kapribaden *Id* ingkang ndadosaken Harjito menika gampil nyerah saderengipun Harjito nglampahi ujian kelulusan. Perkawis Winarsih ingkang nyidrani tresnanipun ingkang adamel Harjito gampil nyerah. Harjito ingkang sejatosipun siswa ingkang lantip sampun boten kepengin lulus pikantuk biji ingkang apik, Harjito namung kepengin enggal medal saking kutha Ngawi. Harjito sampun gadhah niyatan badhe medal sekolah

saderengipun ujian kelulusan, ananging Harjito lajeng mirengaken wejanganipun Agus supados ndherek ujian kelulusan.

m. Nyimpen wadinipun piyambak

Nyimpen utawi simpen inggih menika nyinggahaken (Poerwadarminta, 1939: 563). Wadi inggih menika samubarang perkawis ingkang boten dipunwedharaken dhumateng tiyang sanes utawi rahasia (Poerwadarminta, 1939: 652). Dados, nyimpen wadinipun piyambak inggih menika nyinggahaken samubarang perkawis ingkang boten saged dipunwedharaken dhumateng tiyang sanes. Sipat nyimpen wadinipun piyambak paragatama Harjito ketingal wonten pethikan ing ngandhap menika.

Mikir mengkono Harjito selot manteb. Wis ben lelakone kang kepungkur manjing dadi wewadining pribadi. Joko, utawa sapa wae mengko sing dadi kancane, ora usah melu ngerti, melu krungu. Mula bareng Joko wiwit takon-takon bab pacar, Harjito mung nglewes wae. (Lintang Panjer Rina, 2002: 65).

Saking pethikan ing nginggil kapanggihaken ukara ingkang nggambaraken sipat nyimpen wadinipun piyambak ingkang dipungadhahi dening Harjito inggih menika,

Mikir mengkono Harjito selot manteb. Wis ben lelakone kang kepungkur manjing dadi wewadining pribadi.

Harjito rumaos bilih perkawisipun kaliyan Winarsih kalebet wadinipun piyambak ingkang boten saged dipunandharaken dhumateng tiyang sanes, kalebet Joko ingkang kanca caketipun. Pramila, wiwit Joko lajeng paring pitakon babagan pacar Harjito namung mendel kemawon. *Struktur*

kapribaden *Ego* ingkang ndadosaken Harjito kedah nyimpen wadinipun piyambak, amargi kalebet perkawis ingkang boten sae menawi dipuncariyosaken dhumateng tiyang sanes.

n. Gadhah tekad ingkang kiyat

Tekad inggih menika kaantepaning ati (Poerwadarminta, 1939: 596). Saengga, gadhah tekad ingkang kiyat inggih menika gadhah niat ingkang mantep ing manah. Harjito gadhah sipat gadhah tekad ingkang kiyat menika ketingal wonten pethikan ing ngandhap menika.

Saka rumangsane Om Beng, Harjito wis atekad cancut arep nekuni donya perminyakan kayadene Joko, kaya dheweke.

“Nanging ya kuwi, Har. Kowe kudu gelem miwiti pagaweyan sing paling cendhek, dadi roustabout. Kaya Joko dhek emben, kaya aku biyen.”

“Ora pa-pa, Om, gaweyan kasar apa wae aku gelem. Pokoke aku bisa urip na kene.” (Lintang Panjer Rina, 2002: 72).

Saking pethikan ing nginggil kapanggihaken ukara ingkang nggambaraken sipat gadhah tekad ingkang kiyat ingkang dipungadhahi dening Harjito inggih menika,

Saka rumangsane Om Beng, Harjito wis atekad cancut arep nekuni donya perminyakan kayadene Joko, kaya dheweke.... “Ora pa-pa, Om, gaweyan kasar apa wae aku gelem. Pokoke aku bisa urip na kene.”

Sipat Harjito ingkang gadhah tekad ingkang kiyat ndadosaken Harjito pikantuk padamelan wonten ing perminyakan. Padamelan ingkang sejatosipun namung reresik pabrik dipunlampahi Harjito kanthi tekad ingkang kiyat supados saged manggihaken pepingingan ingkang sampun dipunkajengaken inggih menika pikantuk arta kangge nerasaken kuliah wonten ASRI. *Struktur* kapribaden *Ego* ingkang ndadosaken Harjito purun

nglampahi padamelan *roustabout* utawi tukang reresik wonten pabrik perminyakan kanthi prigel supados saged pikantuk menapa ingkang sampun dados kekajenganipun Harjito.

o. Kedlereng

Kedlereng inggih menika gadhah raos pengen ngertos ingkang kathah. Sipat kedlereng ingkang dipungadhahi Harjito ketingal wonten pethikan ing ngandhap menika.

Dheweke melu Joko menyang Lubuk Linggau. Ing kana dheweke melu seneng-seneng. Ngrungokake musik, lagu-lagu country western sinambi ngombe-ngombe.

Harjito gelem dijak mrono istingarah kepingin ngerti kaya ngapa papan hiburan sing diumukake Joko kuwi. Dhasare mung golek pengalaman. Harak lucu, kabeh wong perminyakan ngerti papan hiburan kuwi kok dheweke thok sing ora ngerti. (Lintang Panjer Rina, 2002: 81).

Saking pethikan ing nginggil kapanggihaken ukara ingkang nggambaraken sipat kedlereng ingkang dipungadhahi dening Harjito inggih menika,

Harjito gelem dijak mrono istingarah kepingin ngerti kaya ngapa papan hiburan sing diumukake Joko kuwi. Dhasare mung golek pengalaman.

Sipat kedlereng ingkang dipungadhahi Harjito ndadosaken Harjito *terjerumus* wonten samubarang ingkang awon. *Struktur* kapribaden *Id* ndadosaken Harjito kepingin ngertos kahanan papan *hiburan* ingkang dipunpameri dening Joko. Harjito purun dipunajak Joko amargi piyambakipun raos isin dening kanca-kanca perminyakan amargi namung

Harjito piyambak ingkang dereng nate dolan ing papan *hiburan* Lubuk Linggau.

p. Kaku manahipun

Kaku manahipun inggih menika raos gampil duka utawi mutungan (Poerwadarminta, 1939:181). Kaku manahipun menika ndadosaken tiyang kasebut boten saged dipunkandhani utawi namung mentingaken kekajenganipun piyambak. Sipat Harjito ingkang kaku manahipun ketinggal wonten pethikan ing ngandhap menika.

Harjito wis mopo ora gelem melu. Abot pagaweyane. Kuwi alesane sing metu saka tutuke. Alesan sing temenan, dheweke wis ora kepengin ketemu maneh karo Winarsih.

Tumrap Harjito, buku ngenani Winarsih wis tamat. Ora perlu dibukak-bukak maneh. Ora ana paedahe. (Lintang Panjer Rina, 2002: 104).

Saking pethikan ing nginggil kapanggihaken ukara ingkang nggambaraken sipat kaku manahipun ingkang dipungadhahi dening Harjito inggih menika,

Alesan sing temenan, dheweke wis ora kepengin ketemu maneh karo Winarsih.

Tumrap Harjito, buku ngenani Winarsih wis tamat. Ora perlu dibukak-bukak maneh. Ora ana paedahe.

Winarsih ingkang nyusul Harjito wonten ing Sumatra badhe sambung tresna kaliyan Harjito. Winarsih taksih ngraosaken tresna dhumateng Harjito, ananging Harjito boten kepengin nerasaken sesambungan kados kepengker. Miturut Harjito, sedaya ingkang gayut kaliyan Winarsih menika sampun rampung, boten saged dipunlajengaken amargi boten paring paedah tumrap dhirinipun. *Struktur* kapribaden *Id* ingkang ndadosaken

Harjito gadhah sipat kaku manahipun tumrap Winarsih. Sipat menika ngetingalaken bilih Harjito namung mentingaken kekajenganipun piyambak.

q. Tegel

Tegel inggih menika raos boten gadhah welas tumrap sanesipun (Poerwadarminta, 1939:598). Sipat tegel ingkang dipungadhahi Harjito ketingal wonten pethikan ing ngandhap menika.

Kejem! Sepisan iki Harjito tumindak kejem banget. Kaya sikepe Edmond Dantes marang Mercedes, kaya sikepe Zainuddin menyang Hayati. Paraga-paraga ing buku roman kang titik komane wae Harjito nganti apal saka olehe kerep mbolan-mbaleni maca. (Lintang Panjer Rina, 2002: 104).

Saking pethikan ing nginggil kapanggihaken ukara ingkang nggambaraken sipat tegel ingkang dipungadhahi dening Harjito inggih menika,

Kejem! Sepisan iki Harjito tumindak kejem banget.

Harjito biyasanipun boten saged tegel tumrap sinten kemawon. Ananging tumrap Winarsih ingkang sampun nyidrani piyambakipun, Harjito tegel amargi badhe males seriking manah ingkang sampun adamel Harjito kelara-lara. *Struktur* kapribaden *Id* ingkang ndadosaken Harjito gadhah sipat tegel tumrap Winarsih supados boten saged kepanggih malih kaliyan Winarsih. Raos duka sarta cidra taksih karaosaken dening Harjito tumrap Winarsih.

r. Wangkot

Wangkot utawi ndableg inggih menika ndhendheng, boten ngrewes ing pakon (Poerwadarminta, 1939:62). Dados, wangkot inggih menika namung nggugu kekajenganipun piyambak. Sipat wangkot Harjito saged ketingal saking pethikan wonten ing ngandhap menika.

“Saiki aku tak takon, wangsulana kanthi jujur. Kowe nulak tekane Winarsih sing kepengin ndandani kaluputane, direwangi pegatan karo bojone betheke kepingin sambung tresna maneh karo kowe, apa dhasar alesanmu sing temenan?”

“Ya wis genah. Apa aku kudu kandha kanthi tembung kasar?”

“Hiya, kuwi aku wis ngerti. Winarsih pancen wis ora suci maneh, kaya karepmu. Nanging taktakoni: apa kowe kuwi ya isih ngaku suci sawise lungan menyang Lubuk Linggau kae? Jajal wangsulana.”

“Kuwi... kuwi rak... rak beda,” Harjito mangsuli kanthi gragaban, kaya wong ngutil konangan. (Lintang Panjer Rina, 2002: 105).

Saking pethikan ing nginggil kapanggihaken ukara ingkang nggambaraken sipat wangkot ingkang dipungadhahi dening Harjito inggih menika,

“Ya wis genah. Apa aku kudu kandha kanthi tembung kasar?”...

“Kuwi... kuwi rak... rak beda,” Harjito mangsuli kanthi gragaban, kaya wong ngutil konangan.

Struktur kapribaden *Id* ingkang ndadosaken Harjito gadhah sipat wangkot amargi piyambakipun nulak Winarsih amargi Winarsih menika sampun boten suci malih. Padahal piyambakipun ugi sampun boten suci malih sasampunipun dolan wonten Lubuk Linggau kaliyan Joko. Lajeng Joko ngandharaken bilih pamanggihipun Harjito menika boten *masuk akal* amargi Harjito samenika ugi sampun boten suci malih kados Winarsih. Ananging Harjito tetep kukuh nggugu pamanggihipun piyambak.

2. Wujud *Konflik Psikis* Paragatama Harjito wonten ing *Novel Lintang Panjer Rina anggitanipun Daniel Tito*

Prastawa-prastawa ingkang kadadosan ing salebeting cariyos saged nuwuhaken *konflik-konflik* ingkang dipunlampahi paraga. *Konflik* menika saged awujud *konflik fisik*, *konflik sosial* sarta *konflik psikis*. Wonten ngandhap menika namung badhe ngandharaken wujud *konflik psikis* ingkang dipunlampahi paragatama Harjito, dipunjumbuhaken kaliyan wosing perkawis sarta ancasing panaliten. *Konflik psikis* inggih menika *konflik* ingkang kadadosan wonten ing manahipun paraga. *Konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening paragatama Harjito wonten ing *novel Lintang Panjer Rina anggitanipun Daniel Tito* kaandharaken ing ngandhap menika.

a. Cuwa/Gela

Cuwa inggih menika boten keturutan menapa ingkang dados pepenginanipun utawi gela (Poerwadarminta, 1939: 644). Raos cuwa ingkang dipunlampahi dening paragatama Harjito ketingal wonten pethikan ing ngandhap menika.

Nalika Winarsih ngetokake dhompét, ndudut dhuwit, sajane Harjito ngrasa banget ora kepenak. Rumangsane mau kaya njaluk dijajakake, kamangka jane ora. Dheweke sing nawani, dheweke sing kepengin njajakne, kang ateges nduwe dhuwit. Mula enggal-enggal tangane ngrogoh sak clana mburi. Ndilalah dhompète kok ya angel metune, sake keseseken utawa dhompète sing gedeg.

Sidane kalah dhisik. Winarsih luwih cepet.

Klithih-klithih Harjito marani sepedhane kanthi praupan cuwa. Mesthi wae rumangsa isin. (Lintang Panjer Rina, 2002: 7).

Saking pethikan ing nginggil kapanggihaken ukara ingkang nggambaraken *konflik psikis* cuwa *struktur* kapribaden ingkang *dominan Ego* inggih menika,

Klithih-klithih Harjito marani sepedhane kanthi praupan cuwa. Mesthi wae rumangsa isin.

Saking pethikan wonten ing nginggil, Harjito ngraosaken cuwa utawi gela amargi kalah cepet kaliyan Winarsih anggenipun bayar jajan. Raos cuwa saged tuwuh amargi Harjito gadhah pepenginan njajakaken Winarsih, ananging kasunyatanipun Harjito kalah cepet kaliyan Winarsih amargi dhompetipun ingkang boten saged dipunwedalaken. Inggih ndadosaken Harjito ngraosaken cuwa inggih menika *Ego* ingkang wonten ing manahipun.

Diglibeti kaya mengkono, sapa wonge sing suwe-suwe ora kengguh? Dipameri gumebyare kadonyan kaya mengkono, wong wadon ngendi sing suwe-suwe ora kepilut?

Yen Harjito ngajak dolan, cukup numpak sepedha. Nanging yen Sumardi sing ngajak numpake Colt anyar. Apese Honda plat abang, sepedha motor dhines. Sapa sing ora mongkog atine, disawang wong akeh, nalika diboncengake priya bagus nganggo montor dhines bank?

Yen Harjito ngajak jajan mung ajeg ing warung cemue totogan jalan Dr. Soetomo (kuwi wae kala-kala sing mbayari Winarsih). Nanging yen Sumardi sing ngajak bisa tekan ngendi-ngendi. Tekan Sala barang. Tur dudu warung, nanging restoran sing menune komplit.

Harjito selot sadhar-dhiri. Sumardi genah dudu tandhingane.

Weruh Harjito tumungkul amarikelu sawise krungu kojahe sing akeh-akeh mau, Sriyati thukul rasa welase. (Lintang Panjer Rina, 2002: 38).

Saking pethikan ing nginggil kapanggihaken ukara ingkang nggambaraken *konflik psikis* cuwa *struktur* kapribaden ingkang *dominan Id* inggih menika,

*Diglibeti kaya mengkono, sapa wonge sing suwe-suwe ora kengguh?
Dipameri gumebyare kadonyan kaya mengkono, wong wadon ngendi
sing suwe-suwe ora kepilut?*

Harjito mbandhingaken piyambakipun kaliyan Sumardi, menawi Sumardi menika saged dipunsebut sugih bandha dene piyambakipun namung bocah sekolah ingkang sedherhana. Winarsih ingkang kepincut kaliyan Sumardi amargi saking sugihing bandha ndadosaken Harjito ngraosaken cuwa sanget. Kasunyatan ingkang nyerikaken manahipun Harjito, tresna ingkang dipuncidrani namung amargi gumebyaring bandha kadonyan. *Struktur* kapribaden *Id* ingkang ndadosaken Harjito nglampahi *konflik psikis* cuwa ing manahipun.

b. Isin

Isin inggih menika rumaos rikuh dhumateng liyan (Poerwadarminta, 1939: 174). Raos isin ingkang dipunlampahi dening Harjito ketinggal wonten pethikan ing ngandhap menika.

“Suk maneh aku emoh ngajak jajan kowe,” ujare, nalika Winarsih wis ngethapel ana boncengane.

“Lho, isih mbok piker, ta?”

“Ya terang. Aku isin lho, Win.”

“Ngono wae ndadak isin. Wong ora ana uwong liyane sing njajan.”

“Isin karo bakule. Harak disengguh piye ngono. Andhok kok sing mbayari sing wadon. Gek bakule mau mesthine ngerti yen kowe dudu bojoku. Awake dhewe rak durung ketok kaya wong bebojowan.”
(Lintang Panjer Rina, 2002: 7).

Saking pethikan ing nginggil kapanggihaken ukara ingkang nggambaraken *konflik psikis* isin ingkang dipunlampahi dening Harjito inggih menika,

“Isin karo bakule. Harak disengguh piye ngono. Andhok kok sing mbayari sing wadon. Gek bakule mau mesthine ngerti yen kowe dudu bojoku.

Winarsih ingkang mbayari jajanipun Harjito, padahal sejatosipun Harjito ingkang ngajak Winarsih jajan. Perkawis menika ingkang nuwuhaken raos isin ing manahipun Harjito. Sejatosipun ingkang mbayari kedahipun tiyang kakung inggih menika Harjito piyambak. Harjito ugi ngraosaken isin kaliyan bakulipun, amargi Harjito menggali bilih bakulipun mangertosi Harjito kaliyan Winarsih ketingal taksih enem dados dereng bebojoan. Saengga Harjito ngraosaken isin, dereng bebojoan ananging ingkang mbayari menika ingkang setri. *Struktur* kapribaden ingkang nuwuhaken *konflik psikis* isin ingkang dipunlampahi Harjito inggih menika *Ego*.

c. Kaget

Kaget inggih menika raosing manah ingkang owah dadakan (Poerwadarminta, 1939: 179). Raos kaget menika manah ingkang owah dadakan amargi kahanan ingkang boten saged dipunpercaya saged kadadosan tumrap dhiri pribadhi. Raos kaget ingkang dipunlampahi dening Harjito ketingal wonten pethikan ing ngandhap menika.

“Yen aku nulak, oo, ora kayaa mengko penggalihe sibu. Mbakyuku loro wis kelakon nulak dientukake pilihane ibu. Abot pilihane dhewe. Atas nama cinta, mengkono sing digulgulake. Nyatane olehe omah-omah padha ora beres. Ekonomine morat-marit. Sing siji saben ndina anane mung padu, purik-purikan. Sijine maneh – mbakyuku sing nomer loro – malah saiki wis pegatan. Apa aku ya arep napak tilas lelakone mbakyu-mbakyuku? Aku mono rak digegadhang bisaa dadi tamba tatu atine ibu dening mbakyu-mbakyuku. Mung kari aku amarga aku sing ragil.”

Harjito njegreg. Mripate kelop-kelop kaya wong mentas ngimpi ala. Angin isih mIdit. Isih krasa seger sajane. Nanging apa kang mentas dikojahake Winarsih ndadekake atine sumuk lan sedih. (Lintang Panjer Rina, 2002: 13).

Saking pethikan ing nginggil kapanggihaken ukara ingkang nggambaraken *konflik psikis* kaget ingkang dipunlampahi dening Harjito inggih menika,

Harjito njegreg. Mripate kelop-kelop kaya wong mentas ngimpi ala. Angin isih mIdit. Isih krasa seger sajane. Nanging apa kang mentas dikojahake Winarsih ndadekake atine sumuk lan sedih.

Harjito ngraosaken kaget mirengaken cariyosipun Winarsih ingkang badhe dipunjodhokaken kaliyan tiyang sepuhipun. Perkawis ingkang ndadosaken Winarsih sedhih menawi boten saged sesambungan tresna kaliyan Harjito, lajeng badhe nyuwun *kejelasan* dhateng Harjito. Harjito ingkang dipuncariyosaken perkawis kados mekaten ngraosaken kaget, manahipun boten percaya bilih perkawis kados menika saged kadadosan tumrap piyambakipun ingkang tresna kaliyan Winarsih. *Struktur* kapribaden *Id* ingkang nuwuhaken raos kaget ing manahipun Harjito lajeng adamel piyambakipun sedhih amargi perkawis ingkang nembe kalampahan.

d. Bingung

Bingung inggih menika raos kuwur manahipun amargi boten ngertos badhe kados pundi (Poerwadarminta, 1939: 45). Raos bingung inggih menika raos boten ngertos badhe tumindak menapa anggenipun nglampahi perkawis. Harjito ngraosaken bingung saged ketingal wonten pethikan ing ngandhap menika.

“Lha aku iki njur piye, Har?” Muni mangkono praupane Winarsih prembik-prembik, kaya wong arep nangis. Wasana Winarsih nangis temenan. Raine ditutupi kacu sing digelar ing epek-epeke.

Harjito gurawalan marani. Pundhake Winarsih dirangkul. Diruket.

Tanpa muni apa-apa.

Tanpa guneman, ngarih-arih apa piye. Pikirane dhewe dadi melu kisruh. Ruwet. Dheweke jago etung ana sekolahan, wasis pidhato ing ngarep kelas. Nanging apa kang nembe dikandhakake dhara kekasihe kuwi bener-bener marakake utege kodheng. (Lintang Panjer Rina, 2002: 15).

Saking pethikan ing nginggil kapanggihaken ukara ingkang nggambaraken *konflik psikis* bingung ingkang dipunlampahi dening Harjito inggih menika,

Tanpa guneman, ngarih-arih apa piye. Pikirane dhewe dadi melu kisruh. Ruwet... Nanging apa kang nembe dikandhakake dhara kekasihe kuwi bener-bener marakake utege kodheng.

Winarsih nangis amargi ngraosaken bingung anggenipun tumindak, lajeng nyuwun pitulungan tumrap kekasihipun inggih menika Harjito. Harjito ingkang dipuncariyosaken perkawis kados mekaten ngraosaken bingung anggenipun pados wangsulan ingkang prayogi kangge Winarsih saha piyambakipun, supados sesambungan tresna kekalihipun boten pedhot. *Struktur* kapribaden *Ego* ingkang nuwuhaken raos bingung ing manahipun Harjito, amargi Harjito kedah migunakaken *logikanipun* pados tumindak ingkang prayogi kangge nglampahi perkawis menika.

e. Ajrih

Ajrih inggih menika wedi utawi boten wantun (Poerwadarminta, 1939: 659). Raos ajrih menika saged ajrih kaliyan tiyang sanes sarta ajrih kaliyan

Gusti Inggang Maha Kuwaos. Raos ajrih inggang dipunlampahi dening Harjito saged ketingal wonten pethikan ing ngandhap menika.

Cilaka temenan! Winarsih wis kesusu nagih sadurunge Harjito entuk wangsulan kang gumathok bab sing dikandhakake ing Tawun sewelas dina kepungkur.

Winarsih ora salah, Harjito dhewe sing muni sedina rong ndina. Nyatane Harjito omonge tansah bab liya, nalika ngaso ing kelas. Digoleki wanci sore, wayah latihan karawitan seminggu kaping pindho kanggo ngiringi tari, Harjito ora tau ana. Tugase nyekel boning digenteni Pangat. Gek Harjito ora blaka saben sore lunga menyang ngendi. (Lintang Panjer Rina, 2002: 21).

Saking pethikan ing nginggil kapanggihaken ukara inggang nggambaraken konflik psikis ajrih struktur kapribaden inggang dominan *Id* inggih menika,

Nyatane Harjito omonge tansah bab liya, nalika ngaso ing kelas. Digoleki wanci sore, wayah latihan karawitan seminggu kaping pindho kanggo ngiringi tari, Harjito ora tau ana.

Harjito dereng pikantuk wangsulan inggang prayogi babagan perjodhoan ananging Winarsih sampun kesesa nagih wangsulanipun Harjito. Perkawis menika inggang adamel Harjito ajrih menawi Winarsih nagih wangsulan bab perjodhoan, saengga Harjito mesthi ngilang saking adhepanipun Winarsih supados boten dipuntagih. *Struktur* kapribaden *Id* inggang nuwuhaken raos ajrih ing manahipun Harjito amargi dereng saged paring wangsulan dhumateng Winarsih.

Inez nyopot sandhangane mbaka siji. Kaos ireng sing ana gambare kobo i numpak jaran, njur clana jeans sing wernane padha karo duweke Harjito. Dicopot pisan. Njur sandhangan sing paling njero, paling njero...

Awake Harjito ndhredheg kabeh. Kringete sansaya dumrodos.

“Har...! Haryanto ya, jenengmu, eh... sapa? Ayo, Har...”

Lampu kamar dipateni. Inez sing mateni.

Ganti Harjito sing dicopoti sandhangane. Ing kamar kang peteng kuwi.

Harjito kepingin suwala, setengah sadhar. Nanging ora bisa apa-apa. Anane mung pasrah. Kepengine suwala mung separo. Separone maneh kepingin ngrasakake pengalaman sing anyar, pengalaman ngono kuwi... Dheweke isih kelingan dosa. Nanging kesadharan bab dosa nalika kuwi ya mung sethithik.

Njur kedadeyan temenan. (Lintang Panjer Rina, 2002: 82-83).

Saking pethikan ing nginggil kapanggihaken ukara ingkang nggambaraken konflik psikis ajrih struktur kapribaden ingkang dominan *Superego* inggih menika,

Harjito kepingin suwala, setengah sadhar. Nanging ora bisa apa-apa. Anane mung pasrah... Dheweke isih kelingan dosa.

Harjito ingkang nembe mabuk dipunajak Inez mlebet kamar nindakaken tumindak ingkang awon. Inez nyopot rasukanipun Harjito, ananging Harjito namung mendel kemawon boten tumindak menapa-menapa. Ing manahipun, Harjito sejatosipun ngraosaken ajrih dhumateng Gusti Ingang Maha Kuwaos tumrap tumindakipun ingkang adamel dosa ageng. *Struktur* kapribaden *Superego* ingkang nuwuhaken raos ajrih dhumateng Gusti Ingang Maha Kuwaos ing manahipun Harjito amargi tumindakipun ingkang boten bener.

f. Kagol Manahipun

Kagol manahipun inggih menika boten keturutan ingkang sampun dados kekajenganipun (Poerwadarminta, 1939: 180). Amargi satunggaling perkawis ingkang boten trep kaliyan kekajenganipun ingkang saged nuwuhaken raos kagol manahipun. Raos kagol manahipun ingkang

dipunlampahi dening Harjito saged ketingal wonten pethikan ing ngandhap menika.

*Mbokmenawa wit-witan endhum sing tinandur ing kiwa-tengen ndalan
Guyung-Gerih durung ganti godhong.
Nanging Winarsih wis ganti klageyan.
Saiki tangkepe Winarsih sepa. Ampang.
Kaping pindho Harjito nawani mboncengake wayah praktek mulang
nanging tansah ditulak. Alesane kepingin nyepedha dhewe. Budhal
wae ora gelem dadi sarombongan, kamangka papan prakteke dadi
saenggon, padha-padha ing SD Negeri Diponegoro I. Winarsih ajeg
budhal ndhisiki bareng Warsini.
Geneya saiki, bareng wis kelas telu, sikepe Winarsih owah? (Lintang
Panjer Rina, 2002: 36).*

Saking pethikan ing nginggil kapanggihaken ukara ingkang nggambaraken konflik psikis kagol manahipun ingkang dipunlampahi dening Harjito inggih menika,

*Saiki tangkepe Winarsih sepa. Ampang.
Kaping pindho Harjito nawani mboncengake wayah praktek mulang
nanging tansah ditulak... Geneya saiki, bareng wis kelas telu, sikepe
Winarsih owah?*

Sesambungan tresna antawisipun Harjito kaliyan Winarsih nembe ngancik sekawan wulan ananging Winarsih sampun wiwit owah, sampun beda kados biyasanipun. Harjito ngraosaken bilih Winarsih sampun beda, padahal Winarsih janji prasetya dhumateng Harjito bakal boten ewah saha boten nyidrani katresnan. Perkawis menika ingkang adamel Harjito ngraosaken kagol manahipun tumrap Winarsih ingkang wiwit owah lajeng nyidrani janji kang suci. Struktur kapribaden *Id* ingkang nuwuhaken raos kagol ing manahipun Harjito tumrap Winarsih ingkang wiwit mblenjani janji prasetya kaliyan Harjito.

g. Ngraos Dipuncidrani

Cidra inggih menika boten setya, boten nuhoni janji (Poerwadarminta, 1939: 637). Ngraos dipuncidrani inggih menika ngraos dipunkhianati janji prasetyanipun. *Konflik psikis* ngraos dipuncidrani ingkang dipunlampahi dening Harjito ketingal wonten pethikan ing ngandhap menika.

Winarsih isih kober njaluk ngapura menawa apa sing wis ditindakake sasuwene iki dianggep salah lan nglarakake ati. Uga njaluk supaya Harjito gelem nglalekake sakabehe lan dianggepa lelakon sing ora tau ana.

Harjito kalem mangsuli.

“Ora ana sing perlu dijulukake pangapura. Sabab pancen ora ana sing salah, Win. Kowe ora salah. Mbokmenawa pancen kudu mengkono lumakune takdir. Awake dhewe mung tinitah kadidene kanca salumrah.”

“Wis ya, Sugeng Dalu,” Harjito ngeterake tekan regol sekolahan. Winarsih wis dipapag Colt anyar warna abang maron. Ora kepalang tanggung. Bareng weruh Sumardi mudhun saka sopiran, Harjito mapagake pisan.

“Sugeng Dalu, Mas Mardi.”

“...daluh.” Keprungu wangsulan lirih.

Harjito mbalik. Njupuk sepedhane.

Sidane wengi kuwi Harjito nekad mulih. Ora sida turu omahe Bari. Najan wis kliwat jam sepuluh. Dicandhet Bari karo Siswanto. Nanging ora mempan.

Mendhung nggamen mayungi lakune Harjito sing mancal sepedha ijen tanpa rowang nlusuri dalan gedhe Sala-Surabaya. Mengulon. Tumuju desane, Bangunrejo Kidul, bawah kecamatan Kedunggalar.

Atine nangis kelara-lara. Beda lan dina-dina kepungkur. Saiki Harjito nangis temenan. Karo mancal sepedhane, luhe dumrodos ing sadawaning dalan. Sabanjure banyu udan nggrujugi anggane. Ora dipaelu.

Lakune sepedha ajeg. Udan riwis-riwis sing ngancani. (Lintang Panjer Rina, 2002: 49).

Saking pethikan ing nginggil kapanggihaken ukara ingkang nggambaraken *konflik psikis* ngraos dipuncidrani ingkang dipunlampahi dening Harjito inggih menika,

Atine nangis kelara-lara. Beda lan dina-dina kepungkur. Saiki Harjito nangis temenan. Karo mancal sepedhane, luhe dumrodos ing sadawaning dalan. Sabanjure banyu udan nggrujugi anggane. Ora dipaelu.

Winarsih kepanggih kaliyan Harjito nyuwun pangapunten tumrap tumindakipun ingkang adamel Harjito sakit manahipun sarta nyuwun supados Harjito purun nyupekaken sedaya kadadosan ingkang kepengker. Harjito kanthi raos kalem mangsuli bilih boten wonten ingkang kedah dipunsuwuni pangapunten sarta takdiripun kekalih ingkang namung saged kekancan kemawon. Harjito ingkang mapagaken Winarsih lajeng kepanggih Sumardi ingkang methuk Winarsih. Sasampunipun ndalu menika, Harjito nekad wangsul ing dalemipun ingkang tebih sanget saking sekolahan. Manahipun Harjito ngraosaken sedhih sanget, kelara-lara ngantos nangis amargi ngraos dipuncidrani dening Winarsih. *Struktur* kapribaden *Superego* ingkang nuwuhaken raos dipuncidrani wonten manahipun Harjito tumrap Winarsih, kenya ingkang dipuntresnani.

h. Sumedhot

Sumedhot inggih menika raos sedhih dadakan (Poerwadarminta, 1939: 572). Raos sumedhot inggih menika raos sedhih dadakan amargi manggihaken perkawis ingkang boten dipunkajengaken. Raos sumedhot ingkang dipunlampahi dening Harjito saged ketingal wonten pethikan ing ngandhap menika.

Dumadakan mripate kepergok nalika nyawang menjaba ing pernah parkiran. Bocah wadon ayu-manis mudhun saka Colt abang. Ing sebelahe wong lanang dandan besus, klambine setlikan rapi, sepatunan mengkilap.

Harjito genah ora bakal pangling. Winarsih mlaku bareng karo Sumardi. Ngunggah tlundhakan. Arep melu antri karcis. Panone Harjito kaya semrepet. Raine pucet dadakan. (Lintang Panjer Rina, 2002: 40).

Saking pethikan ing nginggil kapanggihaken ukara ingkang nggambaraken *konflik psikis sumedhot struktur kapribaden ingkang dominan Id* inggih menika,

Harjito genah ora bakal pangling. Winarsih mlaku bareng karo Sumardi... Panone Harjito kaya semrepet. Raine pucet dadakan.

Harjito manggihaken Winarsih nembe mlampah kaliyan priya sanes inggih menika Sumardi. Perkawis menika ingkang adamel Harjito ngraosaken sumedhot. *Struktur kapribaden Id* ingkang nuwuhaken raos sumedhot ing manahipun Harjito amargi manggihaken perkawis ingkang boten dipunkajengaken.

“Ora ta, Har. Kowe kuwi olehmu gendhelang-gendheleng sekesuk kuwi mikir apa? Apa isih mikir sangu?”

“Ora,” wangsulane Harjito cekak, karo mapan ing amben babrakan, cedhak olehe adang sega emake.

Ah! Harjito ngesah lirih. Ora wani banter. Dheweke ora kepingin, emake sing banget ditresnani kuwi ngerti apa sing sejatine ngreridu pikire. Dheweke ora kepingin emake melu susah, melu nelangsa, amarga dicecenges kemlaratane dening liyan. (Lintang Panjer Rina, 2002: 54-55).

Saking pethikan ing nginggil kapanggihaken ukara ingkang nggambaraken *konflik psikis sumedhot struktur kapribaden ingkang dominan Ego* inggih menika,

Ah! Harjito ngesah lirih. Ora wani banter. Dheweke ora kepingin, emake sing banget ditresnani kuwi ngerti apa sing sejatine ngreridu pikire. Dheweke ora kepingin emake melu susah, melu nelangsa, amarga dicecenges kemlaratane dening liyan.

Harjito ingkang nembe ngalamun, menggalih wonten ing pawon lajeng dipundangu simbahipun. Simbahipun paring pitaken tumrap Harjito alesanipun Harjito ngalamun menika menggalih perkawis sangu utawi sanesipun. Ananging Harjito boten blaka anggenipun mangsuli pitakenanipun simbahipun. Harjito boten kepengin simbahipun mangertosi perkawisipun menika amargi Harjito boten kepengin simbahipun ugi ngraosaken sedhih kados Harjito. Struktur kapribaden *Ego* ingkang ndadosaken Harjito ngraosaken sumedhot ing manahipun dhumateng simbahipun ingkang sampun sepuh. Harjito boten kepengin simbahipun sami-sami ngraosaken sedhih.

i. Sedhih

Sedhih inggih menika ngraos susah banget (Poerwadarminta, 1939: 552). Raos sedhih ingkang dipunlampahi dening Harjito saged ketingal wonten pethikan ing ngandhap menika.

Dumadakan mripate kepergok nalika nyawang menjaba ing pernah parkiran. Bocah wadon ayu-manis mudhun saka Colt abang. Ing sebelahe wong lanang dandan besus, klambine setlikan rapi, sepatunan mengkilap.

Harjito genah ora bakal pangling. Winarsih mlaku bareng karo Sumardi. Ngunggahi tlundhakan. Arep melu antri karcis.

Panone Harjito kaya semrepet. Raine pucet dadakan.

Agus ya weruh. Agus melu nyekseni. Senadyan lagi dikenalake sepisan dening Harjito, nanging Agus durung lali marang praupan lonjong sumringah kuwi. Dheweke trengginas nylametake kahanan. Harjito enggal diglandhang mlebu sawise karcis dicekel.

Ing njero gedhong pancen sumuk. Kipas angin gedhe sing dipasang ing ndhuwur kapasitase durung nutut kanggo ngisisake gedhong gedhe kuwi. Dadi isih panggah sumuk. Katambahan pikiran sing kedadak kuwur nambahi sumuke. Wong loro wiwit gemrobos, kringeten. Mung ana bedane, yen Agus kringet panas nanging yen Harjito kringet anyep.

*Dadine hiburan film kuwi tanpa guna. Babar pisan Harjito ora bisa ngrasakake endahe tontonan.
Pungkasane Harjito ngajak mulih najan film durung rampung.
Agus solidher. Ora perlu ndadak takon apa sebabe. (Lintang Panjer Rina, 2002: 40).*

Saking pethikan ing nginggil kapanggihaken ukara ingkang nggambaraken *konflik psikis* sedhih ingkang dipunlampahi dening Harjito inggih menika,

... Mung ana bedane, yen Agus kringet panas nanging yen Harjito kringet anyep... Babar pisan Harjito ora bisa ngrasakake endahe tontonan.

Harjito manggihaken Winarsih ingkang nembe mlampah dhateng bioskop kaliyan Sumardi. Agus ingkang ngertos kahanan lajeng ngajak Harjito mlebet bioskop. Wonten bioskop, Harjito boten saged *fokus* anggenipun nonton *film* amargi kadadosan kalawau adamel Harjito ngraosaken sedhih. Harjito ngraosaken sedhih amargi Winarsih boten nuhoni janji prasetya tumrap piyambakipun ananging malah nggandheng priya sanes. *Struktur* kapribaden *Id* ingkang nuwuhaken raos sedhih wonten manahipun Harjito manggihaken Winarsih nggandheng priya sanes minangka wujud Winarsih boten nuhoni janji prasetya tumrap Harjito.

j. Sumelang

Sumelang inggih menika raos kuwatir (Poerwadarminta, 1939: 572). Raos kuwatir inggih menika raosing manah ingkang boten jenjem amargi dereng mangertosi perkawis ingkang sabeneripun. Raos sumelang ingkang dipunlampahi dening Harjito saged ketingal wonten pethikan ing ngandhap menika.

Beneh banget karo donyane wong perminyakan. Umur bisa padha, nanging pengalamane Joko beda banget. Luwih-luwih ing bab wanita. Tumrape Joko, tembung seneng sing katujokake marang wanita bisa ora ana gandhenge karo tresna miturut pamawase Harjito. Lha yen ngono wanita kuwi tegese apa? Obyek? Biyuh, amit-amit! Aja nurun anak-putu.

Harjito ora mung legeg, nanging muneg-muneg.

Nanging sedhela maneh dheweke kudu ambyur ing jagade perminyakan, jagade Joko. Dheweke kudu adaptasi. Kepriye mengkone? Apa ya kudu melu-melu ngasorake drajade pangrasa luhur ngono kuwi? Melu nganggep, sing wigati tumrap wanita ya mung fisik lan kawanitane? Dadi tresna sing thukul saka jiwa sing resiko kuwi wis ora ana. Tresna kuwi mung dongeng ngayawara, kaya sesorane Joko iki mau. Sing yen dituruti, kurang-kurang begjane, malah gawe kapitunan. Lhadhalah! Kok ya sithik-sithik ana empere karo sing mentas dialami Harjito. Dadi Harjito wis kaseret ing ulegane dongeng ngayawara? Whalah, kok kaningaya timen. Urip sepiisan wae kudu keseret dongeng. (Lintang Panjer Rina, 2002: 64).

Saking pethikan ing nginggil kapanggihaken ukara ingkang nggambaraken konflik psikis sumelang ingkang dipunlampahi dening Harjito inggih menika,

Nanging sedhela maneh dheweke kudu ambyur ing jagade perminyakan, jagade Joko. Dheweke kudu adaptasi. Kepriye mengkone? Apa ya kudu melu-melu ngasorake drajade pangrasa luhur ngono kuwi? Melu nganggep, sing wigati tumrap wanita ya mung fisik lan kawanitane?

Harjito ndherek nyambut damel Joko wonten ing perminyakan. Joko cariyos bilih donyanipun tiyang perminyakan menika beda sanget kaliyan donyanipun guru, mliginipun bab wanita. Miturut Joko, wanita namung obyek kasenenganing priya. Seneng tumrap wanita menika boten kedah amargi tresna, ananging namung tumrap fisik sarta kawanitanipun. Harjito kaget kaliyan pamanggihipun Joko tumrap wanita, perkawis menika ingkang adamel Harjito ngraosaken sumelang. *Struktur kapribaden Ego*

ingkang nuwuhaken raos sumelang ing manahipun Harjito, amargi piyambakipun ajrih bilih mangkih ndherek ambyur ing donya maksiat kados Joko.

k. Kemutan marang Winarsih

Kemutan inggih menika eling, kelingan dhumateng menapa ingkang waune sampun kesupen (Poerwadarminta, 1939: 196). Raos kemutan marang Winarsih ingkang dipunlampahi dening Harjito saged ketingal wonten pethikan ngandhap menika.

Karo nyapu srag-sreg Harjito isih kober mikir. Ewuh apa Siswanto karo Bari esuk ngene iki? Mesthine ya mulang. Wong guru jarene. Mesthine padha seneng-seneng bareng muride. Nulis, maca, etung, menyanyi, nggambar. Mendah senenge.

Ewuh apa Winarsih? Apa sida manten temenan karo Mas Mantri Bank?

Ah, eling jeneng kuwi, Harjito nggresah dhewe. Dhuhlae, jeneng kuwi ora bisa sirna nganggo kesibukan kaya ngapa wae. Sriyati, Retno, Rini, Endang, lan liya-liyane bisa ora kelingan. Bisa dilalekake, dislamur pegaweyane sing nyatane kaya tanpa kendhat. Ana-ana wae. Nanging Winarsih? Jeneng kuwi rasane kaya ora bisa ilang. Saben Harjito tangi esuk, nyawang menjaba, nyawang langit, tansah kaya ajeg dielingake menyang jeneng kuwi. (Lintang Panjer Rina, 2002: 73).

Saking pethikan ing nginggil kapanggihaken ukara ingkang nggambaraken konflik psikis kemutan marang Winarsih ingkang dipunlampahi dening Harjito inggih menika,

Ewuh apa Winarsih? Apa sida manten temenan karo Mas Mantri Bank?

Ah, eling jeneng kuwi, Harjito nggresah dhewe. Dhuhlae, jeneng kuwi ora bisa sirna nganggo kesibukan kaya ngapa wae.

Harjito ingkang nembe nyapu lajeng kemutan marang kanca-kancanipun SPG ingkang sampun mucal ing sekolah. Lajeng kemutan

marang Winarsih, kenya ingkang taksih dipuntresnani. Harjito lajeng menggalih menapa Winarsih siyos bebojoan kaliyan Sumardi mantri bank menapa boten. Sibuk kados menapa kemawon, nama Winarsih boten saged ical saking pikiran saha manahipun Harjito. *Struktur* kapribaden *Ego* ingkang nuwuhaken raos kemutan marang Winarsih ingkang taksih dipuntresnani, amargi sampun dangu boten kepanggih.

1. Getun

Getun inggih menika keduwung amargi kelangan (Poerwadarminta, 1939: 146). Raos getun ingkang dipunlampahi Harjito saged ketingal wonten pethikan ing ngandhap menika.

Esuke Joko sarawang sorak-sorak. Ngajak ngombe maneh kanggo ngengeti 'hari kemenangan'.

Edaan kabeh! Harjito misuh-misuh. Nalika kuwi misuh seneng.

Sawise kuwi lagi krasa getune. Kaya sing dirasakake saiki. Getun banget. Rasane, dosa sing nggegilani wis rumasuk ing kabeh poriporing awak. Ora ana sing kliwatan.

Dheweke lagi kelingan manawa sajenge manggon Jene iki salate wis ora bener maneh. Ora ajeg. Kerep gowang.

Dhuh Gusti, nyuwun pangapunten!

Awake wis kebak dosa saiki. (Lintang Panjer Rina, 2002: 83).

Saking pethikan ing nginggil kapanggihaken ukara ingkang nggambaraken *konflik psikis* getun ingkang dipunlampahi dening Harjito inggih menika,

Sawise kuwi lagi krasa getune. Kaya sing dirasakake saiki. Getun banget.

Harjito sampun keblasuk wonten ing donya maksiyat amargi ajakanipun Joko sarta kanca-kancanipun ing perminyakan. Awalipun

Harjito ngraos seneng amargi piyambakipun sampun boten *cupu* ingkang kados Joko saha kanca-kancanipun ngunekake tumrap Harjito. Ananging sasampunipun, Harjito ngraosaken getun sanget amargi nindakaken tumindak ingkang boten bener, maksiyat saha ingkang adamel dosa ageng. *Struktur* kapribaden *Ego* ingkang nuwuhaken raos getun ing manahipun Harjito tumrap tumindak awon ingkang sampun dipunlampahi sarta tumrap badanipun ingkang sampun boten suci malih.

m. Taksih ngraos tresna marang Winarsih

Taksih ngraos tresna inggih menika taksih kemutan, taksih raos tresna marang tiyang ingkang sampun boten wonten sesambungan. Raos taksih tresna marang Winarsih ingkang dipunlampahi dening Harjito saged ketingal wonten pethikan ing ngandhap menika.

Harjito ngrasa keok. Lagi sawise Joko ninggal kamare, Harjito mbuwang ambegan landhung. Dheweke lagi ndhadha bab olehe wis cengkah karo batine. Satemene rasa tresnane isih murub ngalad-alad ing atine. Jeneng Winarsih isih durung lumengser saka papane kang agung. Malah kepara luwih tumanem kukuh karana asring ditembangake ing wengi-wengi sepine. (Lintang Panjer Rina, 2002: 106).

Saking pethikan ing nginggil kapanggihaken ukara ingkang nggambaraken *konflik psikis* taksih ngraos tresna marang Winarsih ingkang dipunlampahi dening Harjito inggih menika,

Satemene rasa tresnane isih murub ngalad-alad ing atine. Jeneng Winarsih isih durung lumengser saka papane kang agung.

Harjito menggalih bilih piyambakipun taksih tresna kaliyan Winarsih. Harjito sampun nate dipuncidrani dening Winarsih ananging raos tresna

menika taksih kiyat ing salebeting manah. *Struktur* kapribaden *Superego* ingkang nuwuhaken raos taksih tresna marang Winarsih ing manahipun Harjito. Sampun nate dipuncidrani, boten adamel Harjito menika duka sarta sengit kaliyan Winarsih. Tresna ingkang suci ingkang Harjito raosaken dhumateng Winarsih adamel tresna menika boten saged ical saking manah.

n. Goreh

Goreh inggih menika raos boten tentrem manahipun (Poerwadarminta, 1939: 160). Raos goreh ingkang dipunlampahi dening Harjito saged ketingal wonten pethikan ing ngandhap menika.

Meh persis karo pengangen-angene. Becak sing ditumpaki Harjito manyuk plawangan rumah sakit Ngawi jam siji punjul rolas menit. Langsung njujug bangsal sing disebutake ing telegrame Yuli. Diinguk saben kamar, emake ora ana. Yuli ora ana. Wasana kepeksa takon perawat jaga.

“Oo, Mbok Sutiya ingkang saking Kedunggalar?”

“Inggih”

“Saweg kemawon dipun bekta dhateng Sala. Dhateng rumah sakit Jebres. Soalipun mrika ingkang ahli tulang.”

“Jam pinten kalawau mbetanipun?”

“Watawis jam sewelas.”

Harjito kepeksa mbalik menyang Sala maneh. Pikirane sansaya goreh. Nitik olehe nganti digawa menyang Sala genah yen larane ora baen-baen. Mesthi ana sing patah. RS. Jebres mono kondhang minangka bengkel tulang gedhe dhewe. (Lintang Panjer Rina, 2002: 109).

Saking pethikan ing nginggil kapanggihaken ukara ingkang nggambaraken *konflik psikis* goreh ingkang dipunlampahi dening Harjito inggih menika,

Pikirane sansaya goreh. Nitik olehe nganti digawa menyang Sala genah yen larane ora baen-baen. Mesthi ana sing patah.

Harjito ingkang wonten ing Yogyakarta lajeng wangsul wonten ing Ngawi sasampunipun pikantuk telegram bilih emake mlebet griya sakit amargi dhawah wonten lepen. Sasampunipun dugi wonten ing griya sakit ing tlatah Ngawi, Harjito boten manggihaken emake. Ananging emake sampun dipunbeta wonten griya sakit ing tlatah Sala ingkang *ahli* bidhang *tulang*. Harjito kepeksanipun mbalik dhateng Sala, wonten ing griya sakit Jebres. Ing margi, Harjito menggali menawi emake dipunbeta wonten ing Sala, emake nandhang gerah ingkang boten baen-baen utawi gerah ingkang awrat. *Struktur* kapribaden *Ego* ingkang nuwuhaken raos goreng ing manahipun Harjito tumrap kadadosan ingkang dipunlampahi emake ing Ngawi. Emake utawi simbahipun Harjito menika kulawarga ingkang taksih gesang sarta ingkang sanget dipuntresnani kaliyan Harjito. Emake menika ingkang nggantosaken *peran* tiyang sepuhipun. Harjito ajrih bilih emake nilar piyambakipun, perkawis menika ingkang adamel Harjito ngraosaken goreng.

BAB V

PANUTUP

A. Dudutan

Adhedhasar saking panaliten saha pirembagan ingkang sampun dipunlampahi saged dipunpendhet dudutan kados mekaten.

1. *Perwatakan psikis* ingkang dipungadhahi dening paragatama Harjito wonten ing *Novel Lintang Panjer Rina* anggitanipun Daniel Tito inggih menika *gengsi*, jujur, gatekan, boten grusa-grusu, prigel, sabar, nekad, nriman, gampil pitados, tatag, gampil sedhih, gampil nyerah, nyimpen wadinipun piyambak, gadhah tekad ingkang kiyat, kedlereng, kaku manahipun, tegel saha wangkot. Sinaosa paragatama Harjito gadhah watak tatag, ananging amargi setunggal kalih prastawa adamel Harjito menika gadhah watak gampil pitados, gampil sedhih saha gampil nyerah. *Perwatakan* ingkang dipungadhahi dening paragatama Harjito paling kathah dipundhorong saking *struktur* kapribaden *Id*.
2. *Konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening paragatama Harjito wonten ing *Novel Lintang Panjer Rina* anggitanipun Daniel Tito wonten 14 wujud, inggih menika cuwa, isin, kaget, bingung, ajrih, kagol manahipun, ngraos dipuncidrani, sumedhot, sedhih, sumelang, kemutan marang Winarsih, getun, taksih ngraos tresna marang Winarsih saha goreh. Saking sedaya *konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening paragatama Harjito wonten ing *Novel Lintang Panjer Rina* anggitanipun Daniel Tito, ingkang

paling kathah dipunsebabaken wontenipun dhorongan saking *struktur* kapribaden *Ego*.

B. Implikasi

Panaliten menika ngrembag babagan *perwatakan psikis* saha wujud *konflik psikis* paragatama Harjito wonten ing *novel Lintang Panjer Rina* anggitanipun Daniel Tito. Panaliten menika dipunkajengaken saged paring pambiyantu tumrap pamaos karya sastra mliginipun babagan *perwatakan psikis* saha wujud *konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening paragatama wonten ing *novel Lintang Panjer Rina* anggitanipun Daniel Tito.

C. Pamrayogi

Adhedasar saking dudutan saha implikasi wonten ing nginggil, panaliti saged paring pamrayogi. Amargi perkawis ingkang dipuntaliti namung sekedhik, saengga taksih kathah perkawis ingkang saged dipuntaliti wonten ing babagan *sastra*. Perkawis menika tuladhanipun, perkawis ingkang njalari *konflik psikis* utawi cara anggenipun mungkasi *konflik psikis* wonten ing *novel Lintang Panjer Rina* anggitanipun Daniel Tito.

KAPUSTAKAN

- Budianta, Melani dkk. 2003. *Membaca Sastra*. Magelang: Tera.
- Eko Wardani, E. Nugraheni. 2009. *Makna Totalitas dalam Karya Sastra*. Solo: UNS Press.
- Endraswara, Suwardi. 2008. *Metode Penelitian Psikologi Sastra: Teori, Langkah dan Penerapannya*. Yogyakarta: FBS UNY.
- _____. 2011. *Metodologi Penelitian Sastra: Epistemologi, Model, Teori dan Aplikasi*. Yogyakarta: CAPS.
- Kurniawan, Andri. 2013. *Konflik Psikologis Paragatama wonten ing Novel Kadurakan Ing Kidul Dringu Anggitanipun Suparto Brata*. Yogyakarta: Universitas Negeri Yogyakarta.
- Luxemburg, Jan Van, dkk. 1989. *Pengantar Ilmu Sastra*. Diindonesiakan oleh Dick Hartoko. Jakarta: Gramedia.
- Minderop, Albertine. 2010. *Psikologi Sastra*. Jakarta: Yayasan Pustaka Obor Indonesia.
- Moleong, Lexy J. 2000. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya.
- Mustafa, Prima Rofik. 2007. *Perwatakan Tokoh Utama dalam Novel Garuda Putih Karya Suparto Brata*. Yogyakarta: Universitas Negeri Yogyakarta.
- Nurgiyantoro, Burhan. 1995. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- _____. 2007. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.

- Poerwadarminta, W. J. S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Batavia: N.V. Groningen.
- Priyatni, Endah Tri. 2010. *Membaca Sastra dengan Ancangan Literasi Kritis*. Jakarta: Bumi Aksara.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2004. *Metode, Teori dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustakan Pelajar.
- Teeuw, A. 1984. *Sastra dan Ilmu Sastra*. Jakarta: Pustaka Jaya.
- Tito, Daniel. 2002. *Lintang Panjer Rina*. Sragen: Yayasan Sasmita Budaya Sragen.
- Wellek, Rene dan Austin Warren. 1990. *Teori Kesusasteraan Terjemahan Melani Budianta*. Jakarta: Gramedia.
- Wiyatmi. 2006. *Pengantar Kajian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka.

LAMPIRAN

Tabel 1. Dhata Perwatakan ingkang Dipunlampahi Dening Paragatama Harjito wonten ing Novel Lintang Panjer Rina Anggitanipun Daniel Tito

No. Dhata	Pethikan Dhata	Seri/ Kaca	Perwatakan	Struktur Kapribaden ingkang gadhah konflik psikis		
				Id	Ego	Superego
1.	“Jajan cemue dhisik ya, Win?” “Apa kowe duwe dhuwit?” “Wah, ngenyek, ki.” “Lho, ora ngono, yen kirane dhuwitmu ngepres, aku wae sing mbayari.” “Ya gengsi, no!” “Halah, kathik mikir gengsi barang. Pacaran jaman saiki ya endi sing ana ngono wae. Ra usah gengsi – gengsinan.” Sidane sarwa kuwalik. Harjito sing ngajak ngajak jajan, nanging malah Winarsih sing mbayari.	I/6	Gengsi	√		
2.	Klithih-klithih Harjito marani sepedhane kanthi praupan cuwa. Mesthi wae rumangsa isin. “Suk maneh aku emoh ngajak jajan kowe,” ujare, nalika Winarsih wis ngethapel ana boncengane. “Lho, isih mbok pikir, ta?” “Ya, terang. Aku isin lho, Win.” “Ngono wae ndadak isin. Wong ora ana uwong liyane sing njajan.” “Isin karo bakule. Harak disengguh piye ngono. Andhok kok sing mbayari sing wadon. Gek bakule mau mesthine ngerti	I/7	Gengsi		√	

	yen kowe dudu bojoku. Awake dhewe rak durung ketok kaya wong bebojowan.”					
3.	“Dudu. Dudu kuwi masalahe. Aku mbok sumpah piye wae gelem. Aku uga nresnani kowe, Har. Tenan. Wiwit awake dhewe kenal nalika mlebu sekolah anyaran kae, njur tambah akrab nalika dadi sakelas ing kelas loro iki, aku wis ngrasa ana kang mekar sajroning atiku. Bener, jarene kanca-kanca kae, kowe kuwi manungsa sing paling nyentrik sasekolahan. Ora ana sing ngembari. Sok nduwe pikiran sing aeng-aeng. Nanging aku seneng. Mung kowe, Har, sing wani kandha jujur bab uripmu sing ora nyenengake. Bab wong tuwamu sing jaremu pisahan nalika kowe sasedulur isih padha cilik. Njur padha golek urip dhewe-dhewe, sing ndadekake kowe milih urip karo simbah-mu.” Harjito mung meneng. Mung mandeng. Sengaja dijarake wadon ayu-manis ing ngarepe kuwi kojah. Kepengin ngerti arahe pirembungan kok nganti tekan kono olehe nyangkani. “Kuwi rak dudu crita sing nyenengake ta, Har. Rak dudu crita sing marakake bangga, mongkog. Kamangka kuwi mbok tujokake marang bocah wadon sing mboksiri. Aku. Kamangka bocah liyane mesthi nuduhake bab sing bisa dipamerake. Apa sugihe, apa kepinterane, apa baguse. Yen perlu nggedebus sethithik utawa akeh ora apa-apa angger sedyane ketekan. Nanging kowe ora. Kowe bisa crita bab sing nyedhihake kanthi wirama dhatar, kaya maca berita ing Koran.”	II/12	Jujur	√		

4.	“Yen kuwi padhadene sing mbokkandhakake. Bebasan ora ana tetembungan kang paling pas kanggo nggambarake rasa pangrasaku ing bab tresna. Nanging bareng kowe crita bab mbakyu-mbakyumu sing nyatane malah bubrah sawise ngugemi tresnane, aku uga dadi mikir. Ndak iya saumpama awake dhewe nekad, mengkone bisa urip mulya, guyup-rukun kaya sing digambarake awake dhewe. Ora kaya sedulur-sedulurmu. Iki mono realistis wae. Sapa sing wani njamin?” “Dadi kowe ya tidha-tidha?” “Ora. Yen bab tresna lho, aku manteb wae. Dene ruwet-renteng lan sambekala sajroning bebrayan mono lumrah. Ya mung kuwi mau, urip sing sukses kuwi sing kaya ngapa. Apa sing sugih-mubru kaya wong tuwamu? Yen kuwi aku ora wani muni saguh. Tenan! Kowe ngerti dhewe kahananku.” Saiki genti Winarsih sing dheleg-dheleg. Dheweke ora kandha blaka bab kesugihan bandha-donya. Ananging kalantipan panggraitane Harjito nyata-nyata tembus. Priya sing ditresnani kuwi kayadene wong mincing sing nibakake pancinge menyang kedhung sing pener. Ya ing kono kuwi dumununge iwak.	II/ 13-14	Gatekan		√	
5.	“Ora. Yen bab tresna lho, aku manteb wae. Dene ruwet-renteng lan sambekala sajroning bebrayan mono lumrah. Ya mung kuwi mau, urip sing sukses kuwi sing kaya ngapa. Apa sing sugih-mubru kaya wong tuwamu? Yen kuwi aku ora wani muni saguh. Tenan! Kowe ngerti dhewe kahananku.”	II/14	Jujur			√

6.	Bener. Harjito mono dudu bangsane lancur kang dhemen ngumbar janji. Apa-apa sarwa dipikir. Migunakake rasiona. Ora bakal janji yen kirane ora bisa netepi. Dheweke kuwi kaum Sagitarius sing luwih seneng ngadhepi kanyatan senajan kepriyea paite tinimbang legi ananging palsu. Dheweke luwih adreng ngadhepi tantangan. Malah kadhangkala kudu nyrempet-nyrempet bebaya. Ananging dheweke seneng lan wani wae. Jer jiwa petualangan, petualangan sing positip, wis manjing katut ilining getihe.	II/15	Boten grusa-grusu		√	
7.	Dheweke durung bisa menehi wangsulan, eguh pratikel: kepriye murih becike sing sakabehe marang Winarsih, ora ateges ngendhani kanyatan. Dheweke butuh wektu kanggo nglimbang, ngunggahake, ngudhunake. Bener kandhane Winarsih, iki mono perkara abot. Ora bisa diputusake kanthi gradagan. Kejaba yen mung arep ngenaki rembug.	II/ 15-16	Boten grusa-grusu		√	
8.	Harjito manthuk-manthuk. Gawe relief panen pari ing tembok ngarepan Balai Desa. Suwidak ewu. Ateges nelung puluh ewu. Lumayan. Ora jeneng lumayan maneh. Rejeki nomplok. Gek kerja apa seminggu, paling banter sepuluh dina, ditandangi saben awan bisa oleh asil semono. Yen kerja halal, paitan tenaga, genah tangeh lamun. Embuh yen laku durjana. Mbegal utawa ngrampog. Sidane Harjito mulih kanthi ati mbedhedeg. Kebak rasa bagya-mulya. Semono yen pancen wis dadi rejekine. Ateges bisa nglunasi SPP sing wis nunggak rong sasi. Lagi arep dibayar sawise dodolan mbako panenane emake minggu	II/18	Prigel		√	

	ngarep iki. Ah, ora usah nggenteni panen mbako, perskote “proyek” kuwi wis kena dienggo mbayar.					
9.	Harjito ora kalah seneng. Dudu amarga ndulu polatane Winarsih sing kaya yen dhong nampa ulangan entuk sepuluh, nanging amarga gumun karo pikirane dhewe mentas iki mau. Nalika mangkat nyepedha saka Ngawi esuk mau isih durung muncul unen-unen nerusake menyang IKIP. Mau mung entuk alesan: sabisa-bisa diundur olehe arep manten. Embuh pirang taun lan alesane apa durung temu. Lha kok iki mau, nalika dijak Winarsih ngurut galengan nuju tengah sawah, ujug-ujug tembung IKIP metu kaya dudu karepe dhewe. Oh, iya. Nalika nggenteni Winarsih mranteni sangu sing dienggo mangan awan ing gubug, Harjito kober maca suwekan koran ana meja. Embuh bekas buntel apa wong wis lencu kabeh pinggire. Ing suwekan koran kuwi dimot wisuda IKIP Negeri Surabaya. Ana gambare rektor misudha salah sijining wisudhawan terbaik. Harjito lali jenenge. Elinge mung jurusane Bahasa Inggris, lan bocah saka Tulungagung. Inspirasi kang becik. Awit ora mung mathis nanging uga teka tepat wayah dibutuhake.	III/23	Gatekan		√	
10.	Bocah loro lungguhan galengan garing. Parine bubar dipanen. Jejer. Ora mepet banget. Wektu semana rembulan moblong kekencaran edi sinawang. “Saiki wancine nganakake medan perang terbuka. Wis ora ana cara liya maneh.” “Karepmu?”	IV/ 30-31	Sabar			√

	“Awake dhewe kudu sabar ngenteni nganti lulus setaun maneh. Njur aku maju nglamar menyang wong tuwamu. Mati-mukti. Ditampa alhamdulillah, yen ora ya wis begjaku. Ora perduli aku isih dadi guru magangan. Ora perduli durung duwe bayar saka pemerintah. Aku nduwe kabisan liya kanggo cagaking urip. Aku nduwe kabisan nggambar, gawe relief, nulis ing koran utawa majalah sithik-sithik aku ya bisa. Wis ana karanganku sing kapacak. Oleh honor.”					
11.	“Awake dhewe kudu sabar ngenteni nganti lulus setaun maneh. Njur aku maju nglamar menyang wong tuwamu. Mati-mukti. Ditampa alhamdulillah, yen ora ya wis begjaku. Ora perduli aku isih dadi guru magangan. Ora perduli durung duwe bayar saka pemerintah. Aku nduwe kabisan liya kanggo cagaking urip. Aku nduwe kabisan nggambar, gawe relief, nulis ing koran utawa majalah sithik-sithik aku ya bisa. Wis ana karanganku sing kapacak. Oleh honor.”	IV/ 30-31	Nekad	√		
12.	Ora perduli aku isih dadi guru magangan. Ora perduli durung duwe bayar saka pemerintah. Aku nduwe kabisan liya kanggo cagaking urip. Aku nduwe kabisan nggambar, gawe relief, nulis ing koran utawa majalah sithik-sithik aku ya bisa. Wis ana karanganku sing kapacak. Oleh honor.”	IV/ 30-31	Prigel		√	
13.	Winarsih, kepengin nangis rasane. Nangis sing banter, kareben bisa lega sakabehing momotane atine. Nanging ing dhadhane Harjito dheweke ora nangis banter. Mung mingseg-mingseg. Harjito kelop-kelop. Nyawang rembulan kekencaran. Eman sulak kang padhang njingglang kuwi ora bisa tembus ing atine.	IV/32	Nriman			√

	Suwe-suwe sesege Winarsih saya longgar. Harjito lagi bisa nata tembunge maneh. Nata lungguhe. “Kowe wedi, Win? Saumpama katresnane awake dhewe gagal?” Winarsih mung ndhingkluk. “Aku ngerti sing mbok kuatirake. Ora papa. Win, yen pancen mung semono kabegjanku. Yen pancen awake dhewe ora jodho.”					
14.	Tutik, kancane Winarsih sabangku, wis crita dhewe ngethuprus sadurunge Harjito takon. Karepe jane mung arep nyritakake kedadeyan ngedab-edabi sing mentas dirasakake. Yakuwi bab olehe dijak Winarsih karo Sumardi plesir menyang Sarangan banjur munggah menyang Cemara Sewu, tembus tekan Tawangmangu. Semangat banget anggane crita, nganti ora sadhar sapa sing dicritani. “Wah, jan, dalane nggegirisi temenan. Ndedel semono dhuwure, kathik menggak-menggok pisan, nganti Colte kaya arep ngglondor. Mas Mardi dhewe, sing nyopir, nganti kringete metu brol-brolan sakjagung-jagung,” kojahe Tutik karo tangane saweyan. Pancen ora mligi katujokake marang Harjito. Critane ing kelas wayah istirahat. Mesthi wae ditanguh pas Winarsih lagi metu. Sing ngrungkake bocah akeh. Nanging Harjito cepet wae narik kesimpulan: Winarsih wiwit kegiwang. Winarsih wiwit ngingkari sumpah prasetyane. “Aja kesusu dhisik. Ditliti maneh sing permati. Mengko gek kancamu sing crita kuwi mung gawe-gawe. Sengaja mbebeda	V/ 36-37	Gampil pitados	√		

	ben kowe cemburu,” panyaruwene Agus, kancane raket ya kancane golek rejeki sing wis dianggep kaya sedulur. “Apa aku perlu takon kepriye benere marang Winarsih?” “Yen perlu mengkono,”tumadhese Agus. “Yen wangsulane bener? Mangkat plesir temenan bareng Sumardi?”					
15.	Yen Harjito ngajak dolan, cukup numpak sepedha. Nanging yen Sumardi sing ngajak numpake Colt anyar. Apese Honda plat abang, sepedha motor dhines. Sapa sing ora mongkog atine, disawang wong akeh, nalika diboncengake priya bagus nganggo montor dhines bank? Yen Harjito ngajak jajan mung ajeg ing warung cemue totogan jalan Dr. Soetomo (kuwi wae kala-kala sing mbayari Winarsih). Nanging yen Sumardi sing ngajak bisa tekan ngendi-ngendi. Tekan Sala barang. Tur dudu warung, nanging restoran sing menune komplit. Harjito selot sadhar dhiri. Sumardi genah dudu tandhingane.	V/38	Nriman			√
16.	Nanging Harjito wis kenceng atine: ora arep nangis. Ditangisana nganti metu luh getih paribasane, wis ora ana gunane. Percumah! Prau kertas sing wis kentir ora bakal bali meneh. Nglengkara yen ta arep ditutupana, wong wis teles kebloh, rusak!	V/41	Tatag/dhadhag	√		
17.	Mula bengi kuwi sinambi tata-tata barang, tekade wis gumolong gilig. Wiwit minggu ngarep dheweke arep nglajo wae saka Bangunrejo, desane. Mung rong puluh kilometer. Ora adoh. Siswanto malah bisa nglakoni rong taun nglajo saka ngomahe, wewengkon Karangjati sing dohe meh kaping	V/41	Gampil sedhih	√		

	pindhone. Lan ya arang telat mlebu jam pitu esuk. Ngiras nggedhekake prihatin lan panalangsane. Kuwi pangayem-ayem tumrap atine sing paling jero. Ati sing njaba isine panggah. Anane mung serik lan pangigit-igit. Rasa kalah lan ina ndadekake kutha Ngawi sing maune tansah endah-edhum sinawang dadi kaya satru. Ngawi wis dudu kutha sing kecathet nemokake rasa bagya-mulya maneh, nanging kutha sing wengis ngiwi-iwi. Harjito kaya wis ora kuwawa maneh nampani sakehing pangiwi-iwi. Atine wis kliwat ringkih.					
18.	Ujian pungkasan kanggo nggayuh ijasah SPG kari rong wulan. Nanging Harjito wis rumangsa kalah sadurunge perang. Dheweke wis ora kepengin maneh disubya-subya amarga kasil nggondhol biji apik dhewe kaya nalika rapotan ing taun-taun kepungkur. Sing dipengini mung siji: kepriye bisane enggal oncat saka kutha Ngawi. Malah saumpama ora nggugu guneme Agus sing akeh-akeh, dheweke mesthi wis lunga adoh ninggal bangku SPG, kang ateges durung nganti lulus.	V/41	Gampil nyerah	√		
19.	Pendhak weruh – ora sengaja – tlerame Winarsih, atine Harjito sansaya kelara-lara, kaya diiwi-iwi, dijuwing-juwing. Winarsih tau nyoba mesem, karepe naruh, nanging ing rasane Harjito kaya wong ngece. Kaya-kaya dibandhingake antarane dheweke karo Sumardi. Mesthi wae adoh sungstate. Kaya mbandhingake antarane rembulan karo banyu got sing buthek lan reget.	VI/44	Gampil sedhih	√		

20.	Mula nalika ujian wis rampung, njur pengumuman, liyane padha bikut gawe lamaran, nanging Harjito mung ayem wae. Ijazah dijupuk kanthi tenang. Mbales salame kanca-kanca. Esem mung saperlu wae. Mung dhapur ben ora diarani anggak. Nanging najan ngakune ora satus persen olehe mikir ujian nyatane bijine isih klebu sepuluh besar nilai terbaik paralel. Nanging apa gunane biji apik yen Harjito dhewe wis ora mbutuhake?	VI/45	Gampil nyerah	√		
21.	Aku mbiyen mlebu SPG iki rak kena diarani keblasuk. Ya mung amarga nuruti krenahe paklikku sing dadi guru ana Walikukun. Jarene luwih becik mlebu SPG ben ndang kena diliwet. Yen mlebu SMA kudu nerusake maneh. Wragade akeh. Ya wis lah, akhire aku nurut. Nanging bareng wis klakon mlebu temenan nyatane aku malah ngalami nasib kaya nasib kaya ngene. Kowe weruh dhewe, Sri, ora usah diungkit-ungkit maneh. Njur saya ngandelake pangrasaku yen aku iki bener-bener keblasuk. Cita-citaku biyen kepingin dadi pelukis misuwur. Kaya Basuki Abdullah utawa Affandi. Yen perlu kaya Van Gogh utawa Picasso. Saora-orane kaya Le Majeur utawa Antonio Blanco sing bisa urip seneng ana Pulo Bali. Kudune aku mlebu SMA. Perkara ora bisa nerusake kuwi perkara mburi. Mbesuk yen ana rejaning jaman bisa nerusake menyang ASRI utawa mesisan menyang Departemen Seni Rupa ITB. Rak ngono...” “Dadi kowe getun sekolah guru iki?” “Ya ora. Jeneng wis kebacut. Malah kebacut lulus. Pancen	VI/47	Nriman			√

	aku wis nate ngentha-entha dadi guru ndesa, ayem tentrem. Nanging...” Guneme Harjito ora diterusake. “Wis ah. Pokoke aku ora arep dadi guru, kuwi putusanku saiki. Embuh yen mbesuk-mbesuk kono yen nyatane aku gagal lan kepeksa migunakake ijazah guru.”					
22.	Lungguh ing kursi dheretan meh mburi dhewe Harjito nyawang mengarep sajak kaya nggatekake temenan. Nanging sajane ora. Buktine isih bisa melu ngguyu nyekikik nalika Bari ndhagel, sengaja gawe guyu. Rampung acara Harjito melu metu saka gedhong aula bareng liya-liyane. Dheweke ora ngira babar-pisan yen wengi kuwi bakal adhep-arep karo Winarsih kanggo kang pungkasan. Wiwitan mung disengguh dhapur kapinujon kepethuk. Nanging ora. Bareng sing ngadeg mapagake lakune ora mung Winarsih dhewekan nanging ana kancane loro. Rini lan Endang. Harjito lagi sadhar yen wis mlebu wuwu. Dadi tekane Bari karo Siswanto tekan ndesane mau mujudake bageyan skenario “penyergapan”. Gelem ora gelem Harjito kudu sumadiya ngadhepi. Ah, ora pa-pa. Sikep kudu dhadhag. Ati kena panas nanging pikiran kudu tetep adhem. “Selamat ya Har,” pambagene Winarsih luwih dhisik. “Aku sing kudune ngucapake selamat. Selamat dhobel, ya?” sumaure Harjito tatag karo nampani epek-epeke Winarsih.	VI/48	Tatag/dhadhag		√	
23.	Winarsih isih kober njaluk ngapura menawa apa sing wis ditindakake sasuwene iki dianggep salah lan nglarakake ati. Uga njaluk supaya Harjito gelem nglalekake sakabehe lan dianggepa lelakon sing ora tau ana.	VI/49	Nriman			√

	Harjito kalem mangsuli. “Ora ana sing perlu dijalukake pangapura. Sabab pancen ora ana sing salah, Win. Kowe ora salah. Mbokmenawa pancen kudu mengkono lumakune takdir. Awake dhewe mung tinitah kadidene kanca salumrah.” “Wis ya, Sugeng Dalu,” Harjito ngeterake tekan regol sekolahan. Winarsih wis dipapag Colt anyar warna abang maron. Ora kepalang tanggung. Bareng weruh Sumardi mudhun saka sopiran, Harjito mapagake pisan. “Sugeng Dalu, Mas Mardi.”					
24.	Sidane wengi kuwi Harjito nekad mulih. Ora sida turu omahe Bari. Najan wis kliwat jam sepuluh. Dicandhet Bari karo Siswanto. Nanging ora mempan. Mendhung nggamen mayungi lakune Harjito sing mancal sepedha ijen tanpa rowang nlusuri dalan gedhe Sala-Surabaya. Mengulon. Tumuju desane, Bangunrejo Kidul, bawah kecamatan Kedunggalar.	VI/49	Nekad	√		
25.	Atine nangis kelara-lara. Beda lan dina-dina kepungkur. Saiki Harjito nangis temenan. Karo mancal sepedhane, luhe dumrodos ing sadawaning dalan. Sabanjure banyu udan nggrjugi anggane. Ora dipaelu. Lakune sepedha ajeg. Udan riwis-riwis sing ngancani.	VI/49	Gampil sedhih	√		
26.	Sakjane ora mbutuhake dhuwit akeh. Pokoke angger bisa tekan Jakarta lan bisa kanggo urip sesasi ngono wae wis cukup. Mosok ta ikhtiyar sesasi ora oleh cantholan. Sabenere Harjito dhewe isih nduwe celengan ana tabanas, ora akeh, mung cukup yen kanggo numpak sepur tekan Jakarta.	VII/ 52	Sabar			√

	Emake sing ora tega. “Jakarta kuwi adoh. Yen nganti keluwen kowe arep njaluk sapa. Wong adoh sanak-sedulur,” ujure emake. Harjito manut. Ngenteni sangu kang cukup.					
27.	Ing tambang minyak kuwi ijazah ora digondheli nemen-nemen. Sing baku ketrampilane. Najan mung lulusan SD yen nyatane luwih mumpuni tinimbang lulusan STM ya tiba ndhuwure. Saya suwe olehe nyambut gawe, saya akeh pengalamane, gajine uga saya gedhe. Fasilitas sansaya komplit. Mengko Harjito kudu gelem nyambut gawe kaya Uli, lulusan SMA sing lagi wae mlebu sesasi kepungkur. Ndhak iya Harjito gelem? Diweden-wedeni mengkono kudune Harjito emoh. Wedi. Giris. Ewasemono Harjito panggah arep melu. Malah katone adreng banget. Iki sing gawe gumun Joko. Ora mung Joko. Dalasan Harjito dhewe gumun karo keputusane dadakan iki mau. Kok mara-mara muni sanggup. Jan, ajaib!	VII/ 58	Nekad	√		
28.	Harjito duwe petungan mathis. Pendhak dina, sepuluh dina sadurunge mangkat, selot kandel keyakinane. Dheweke arep keklumpuk dhuwit, mbuh rong taun, mbuh telung taun, bakune bakal kecekel wragat kanggo nerusake pasinaone ana pamulangan luhur.	VIII/ 61	Gadhah tekad ingkang kiyat		√	

29.	Sing diancas ASRI Yogyakarta. Dheweke wis maca buku pandhuane akadhemi kuwi. Weton SPG ya bisa mlebu anggere testing lulus. Awake dhewe njajagi, nggambar wasis, basa Inggris ora nguciwani, basa Indonesia – dheweke asring nulis artikel nganggo basa Indonesia, pengetahuan umum – kira-kira ora kalah banget karo sing sekolah ana kutha gedhe amarga Harjito seneng maca koran sing dilanggan sekolahane. Mata pelajaran sing ditestingake ya mung kuwi.	VIII/ 61-62	Prigel		√	
30.	Nanging sedhela maneh dheweke kudu ambyur ing jagade perminyakan, jagade Joko. Dheweke kudu adaptasi. Kepriye mengkone? Apa ya kudu melu-melu ngasorake drajade pangrasa luhur ngono kuwi? Melu nganggep, sing wigati tumrap wanita ya mung fisik lan kawanitane? Dadi tresna sing thukul saka jiwa sing resik kuwi wis ora ana. Tresna kuwi mung dongeng ngayawara, kaya sesorahe Joko iki mau. Sing yen dituruti, kurang-kurang begjane, malah gawe kapitunan. Lhadalah! Kok ya sithik-sithik ana empere karo sing mentas dialami Harjito. Dadi Harjito wis kaseret ing ulegane dongeng ngayawara? Whalah, kok kaningaya timen. Urip sepisan wae kudu keseret dongeng. Ah, ora! Aku ora kena melu-melu kaya ngono. Saben wong mardika njejegake prinsip. Cik ben Joko nglakoni kaya sing wis dadi donyane sasuwene iki, anggere aku ora. Aku isih percaya yen rasa-pangrasa luhur kuwi durung muspra. Katresnan jati kuwi isih ana. Ya mung dinane iki aku lagi apes. Lagi kebentus ing tawang, kesandhung ing rata. Mbesuk-mbesuk yen wis tekan titi mangsane mesthine ora	VIII/ 64-65	Tatag/dhadhag		√	

	apes maneh. Kabagyan mesthi bakal tumiba uga ing pangkonku. Edmond Dantes sing wis kelangan Mercedes pungkasane ya bisa nemokake tresnane marang prawan Haydee.					
31.	Mikir mengkonono Harjito selot manteb. Wis ben lelakone kang kepungkur manjing dadi wewadining pribadi. Joko, utawa sapa wae mengko sing dadi kancane, ora usah melu ngerti, melu krungu. Mula bareng Joko wiwit takon-takon bab pacar, Harjito mung nglewes wae.	VIII/ 65	Nyimpen wadinipun piyambak		√	
32.	Harjito melu-melu gondhelan. Karo isih mikir. Banjur ujure: “Ko, apa kowe ora tau pacaran?” Ditakoni ngono kuwi Joko dumadakan kaya wong blangkeman. “Aa...aku. Ya...piye, ya?” “Wis tau apa durung?” pandhesege Harjito. “Ora takselaki, uwis! Sejatine aku bisa omong ngana kae mau ya merga aku ngalami dhewe. Aku wis nate pacaran karo sawijining wanita, ya bocah saka Jawa. Aku tresna temenan, semana uga dheweke. Kuwi ngakune. Nyatane aku dikhianati. Katone pacaran karo aku nanging kanthi dhelikan dheweke uga pacaran karo bocah lanang liya. Lan bocah lanang kuwi kancaku dhewe, ya padha-padha mekanike. Sapa sing ora serik? Umpama kowe dhewe piye, Har, rasamu? Coba gambarne.” Oh...ora perlu digambarke. Sebab Harjito dhewe ngalami.	VIII/ 66-67	Nyimpen wadinipun piyambak		√	

	Nanging Harjito wis kebacut prasetya marang awake dhewe ora arep bongkar-bongkar wewadi pribadi. Mula ya ora komentar piye-piye.					
33.	“Lha apa ora rugi, ijazah guru ora dienggo mulang?” Om Beng nyoba njajagi sepira ketekadane Harjito. “Bab mulang kuwi gampang, Om. Sing penting nduwe pengalaman liya dhisik. Urip mung sepisan. Eman yen mung dipasrahake menyang siji-sijining lembaga, kaya dadi guru kuwi. Aku kepingin duwe pengalaman sing akeh ing sajroning uripku.”	IX/71	Gadhah tekad ingkang kiyat		√	
34.	Saka rumangsane Om Beng, Harjito wis atekad cancut arep nekuni donya perminyakan kayadene Joko, kaya dheweke. “Nanging ya kuwi, Har. Kowe kudu gelem miwiti pagaweyan sing paling cendhek, dadi <i>roustabout</i>. Kaya Joko dhek emben, kaya aku biyen.” “Ora pa-pa, Om, gaweyan kasar apa wae aku gelem. Pokoke aku bisa urip na kene.”	IX/72	Gadhah tekad ingkang kiyat		√	
35.	Karo nyapu srag-sreg Harjito isih kober mikir. Ewuh apa Siswanto karo Bari esuk ngene iki? Mesthine ya mulang. Wong guru jarene. Mesthine padha seneng-seneng bareng muride. Nulis, maca, etung, menyanyi, nggambar. Mendah senenge. Ewuh apa Winarsih? Apa sida manten temenan karo Mas Mantri Bank? Ah, eling jeneng kuwi, Harjito nggresah dhewe. Dhuhlae, jeneng kuwi ora bisa sirna nganggo kesibukan kaya ngapa wae. Sriyati, Retno, Rini, Endang, lan liya-liyane bisa ora	IX/73	Gampil sedhih	√		

	kelingan. Bisa dilalekake, dislamur pegaweyan sing nyatane kaya tanpa kendhat. Ana-ana wae. Nanging Winarsih? Jeneng kuwi rasane kaya ora bisa ilang. Saben Harjito tangi esuk, nyawang menjaba, nyawang langit, tansah kaya ajeg dielingake menyang jeneng kuwi.					
36.	Nanging kabeh mau ora ngurangi rasa syukure. Ambak mung dadi pembantune Joko. Harjito bungah banget, dene lagi setengah taun wis bisa dadi karyawan Stanvac. Sragame wis ora coklat maneh, nanging biru enom kaya duweke Joko. Ing dhadhane ana logone bunderan biru kanthi tulisan STANVAC warna abang. Mongkog rasane ati. Saiki dhuwit sing ditampa wis luwih akeh maneh. Harjito isih kenceng karo gegayuhane. Mula tansah gemi lan ngati-ati. Iki sing ndadekake sok salah tanpa yen dhong guyonan karo Joko. Joko kerep ngenyeki Harjito kampungan utawa ndesit! Isih durung bisa ninggalake mental priyayi, mental guru sekolah dasar. Jirih lan yutune ora njamak. Luwih-luwih bareng Harjito kipa-kipa nalika arep dijak dolan menyang Lubuk Linggau maneh. Dijiyata, Harjito tetep ora mangkat. Kanggone dheweke, pengalaman mengkana cukup sepisan wae. Sepisan wae wis gawe kapok kanggo selawase urip.	IX/ 78-79	Tatag/dhadhag		√	
37.	Layang dibuka maneh. Diwaca maneh. Unen-unene ora owah. Nanging daya pangaribawane sing owah. Pendhak di-ambali olehe maca rumangsane saya ngundhakake rasa kangene menyang bumi kelairan, menyang emake, menyang... Ah! Ya gene Bari ora crita, ora ngabarake kepriye kahanane Winarsih saiki. Apa lali, apa pancen sengaja ora crita. Samar yen malah	X/81	Gampil sedhih	√		

	ndadekake kanteb tatu atine Harjito. Awit Bari ngerti, ngerti banget ngenani underaning perkara pisahe Harjito lan Winarsih. Harjito dadi ngalamun. Ora sida maca. Kelingan nalika dolan menyang Tawun bareng-bareng. Kelingan nalika lagi posah-pasihan ing gubug sawah Gerih. Njur nyuut... kelingan kedadeyan kang mentas dialami telung minggu kepungkur.					
38.	Dheweke melu Joko menyang Lubuk Linggau. Ing kana dheweke melu seneng-seneng. Ngrungkake musik, lagu-lagu <i>country western</i> sinambi ngombe-ngombe. Harjito gelem dijak mrono istingarah kepingin ngerti kaya ngapa papan hiburan sing diumukake Joko kuwi. Dhasare mung golek pengalaman. Harak lucu, kabeh wong perminyakan ngerti papan hiburan kuwi kok dheweke thok sing ora ngerti.	X/81	Kedlereng/rasa ingin tahu tinggi	√		
39.	Pancen lagi lan mung sepisan kuwi Harjito nglakoni maksiat. Minggu candhake dheweke wis emoh dijak maneh menyang Lubuk Linggau. Kalebu sore iki mau.	X/83	Tatag/dhadhag		√	
40.	“Ora bisa, Win. Ngene wae. Kaya unimu mbiyen, awake dhewe tetep dadi kanca, mitra kang becik. Sing uwis ya uwis. Bab kowe njaluk pangapura amarga kowe rumangsa duwe kaluputan marang aku, kuwi aku wis menehi pangapura. Malah wiwit biyen, wiwit aku durung mangkat mrene. Kelingan, ta? Nalika aku nguntabake kowe sing dipapag calon bojomu numpak mobil anyar ing malem perpisahan. Wektu kuwi kowe ya wis njaluk pangapura, lan aku yaw is aweh pangapura. Lha njur pangapura sing endi maneh sing kudu	XII/ 103	Kaku manahipun	√		

	takwenehake?”					
41.	Winarsih nyawang Harjito kanthi tajem. Kaya ora percaya marang sumbere pocapan. Kaya ora percaya yen sing mentas muni kuwi wong lanang kang banget ditresnani, kang wiwit biyen dikenal tansah alus bebudene. Males seriking ati? Hiya! Winarsih lagi sadhar yen Harjito lagi males kelara-laraning atine. Lan kuwi ya ora salah. Dudu salahe Harjito. Mula najan atine keranta-ranta kaya ngapa, rumangsa dinistha kaya ngapa, sikep lair tetep digawe dhadhag.	XII/ 103	Tegel	√		
42.	Harjito wis mopo ora gelem melu. Abot pagaweyane. Kuwi alesane sing metu saka tutuke. Alesan sing temenan, dheweke wis ora kepengin ketemu maneh karo Winarish. Tumrap Harjito, buku ngenani Winarsih wis tamat. Ora perlu dibukak-bukak maneh. Ora ana paedahe.	XII/ 104	Kaku manahipun	√		
43.	Kejem! Sepisan iki Harjito tumindak kejem banget. Kaya sikepe Edmond Dantes marang Mercedes, kaya sikepe Zainuddin menyang Hayati. Paraga-paraga ing buku roman kang titik komane wae Harjito nganti apal saka olehe kerep mbolan-mbaleni maca.	XII/ 104	Tegel	√		
44.	Tresna sejati, mengkono kang saben dina tansah dipikir, ora kena diregedi dening tumindak cidra sarta laku candhala. Kuwi kesimpulan sing didudut saka olehe memaca roman-roman katresnan sasuwene iki. Ing sajroning katresnan jati, ngadeg uga martabat lan ajining dhiri. Yen Harjito nganti nampani maneh katresnane Winarsih kang nyata-nyata wis	XII/ 104	Tatag/dhadhag	√		

	alaku cidra ing janji, apa iki ora ateges mbanting ajining dhiri. Njur apa tegese wong lanang kaya Harjito? Kuwi sing dadi pamikire Harjito.					
45.	“Saiki aku tak takon, wangsulana kanthi jujur. Kowe nulak tekane Winarsih sing kepengin ndandani kaluputane, direwangi pegatan karo bojone betheke kepingin sambung tresna maneh karo kowe, apa dhasar alesanmu sing temenan?” “Ya wis genah. Apa aku kudu kandha kanthi tembung kasar?” “Hiya, kuwi aku wis ngerti. Winarsih pancen wis ora suci maneh, kaya karepmu. Nanging taktakoni: apa kowe kuwi ya isih ngaku suci sawise lungan menyang Lubuk Linggau kae? Jajal wangsulana.” “Kuwi... kuwi rak... rak beda,” Harjito mangsuli kanthi gragaban, kaya wong ngutil konangan.	XII/ 105	Wangkot	√		
46.	Harjito ngrasa keok. Lagi sawise Joko ninggal kamare, Harjito mbuwang ambegan landhung. Dheweke lagi ndhadha bab olehe wis cengkah karo batine. Satemene rasa tresnane isih murub ngalad-alad ing atine. Jeneng Winarsih isih durung lumengser saka papane kang agung. Malah kepara luwih tumanem kukuh karana asring ditembangake ing wengi-wengi sepine. Ananging bawane sadhar ajining dhiri pinangka wong lanang kang ora gelem diasorake, dhewe kepeksa muni kasar lan nundhung bali Winarsih. Saiki sing isih ana kari getune. Getun! Nanging uga gengsi.	XII/ 106	<i>Gengsi</i>	√		

	Kanggo nawingi rasa loro sing bredondi kuwi Harjito dadi luwih sengkud makarya. Luwih gemi nyelengi. Pepenginane nerusake sekolah ing Ngayogyakarta isih durung ilang. Kepara dadi luwih kenceng maneh sawise ketekanan Winarsih.					
47.	Harjito, sempat trataban. Nanging cepet nata atine. Sing dicedhaki luwih dhisik emake. Emake gemlethak ing dhipan, katon lemes. Mripate rem-rem ayam, kaya ngempet lara. Pancen ora ana sing diperban ing perangan ndhuwur awakke. Mung ana tipete tatu mbaret-mbaret lan obat merah ing lengene. Ah, sing lara genah bageyan sikil sing ketutup slimut.	XIII/ 110	Tatag/dhadhag		√	
48.	“Oh!” lathine Winarsih kumecap. Tipis banget. Nganti Harjito ora krungu. Bisa uga amarga jarak kang durung cedhak banget. Isih watara telung jangkah. Winarsih kandheg lakune. Ngadeg nggejejer. Harjito sing marani. Nyekel tangane. Ngrangkul pundhake. Winarsih mbales ngrangkul. “Apuranen aku ya, Win. Gelem, ta, ngapura aku? Aku sing luput, Win. Aku sing dhedhel ing panggraita...” Winarsih ora sumaur. Mung mripate... Mung mripate... Manther kaya sorote lintang panjer rina nyawang praupane jejaka kuru sing lagi nyuntak pangrasa ngungune. Pangrangkule saya keket. Saya keket!	XIII/ 115	Jujur			√

Tabel 2. Dhata Wujud Konflik Psikis ingkang Dipunlampahi dening Paragatama Harjito wonten ing Novel *Lintang Panjer*
Rina Anggitanipun Daniel Tito

No. Dhata	Pethikan Dhata	Seri/Kaca	Wujud Konflik Psikis	Struktur Kapribaden ingkang gadhah konflik psikis		
				Id	Ego	Superego
1.	Nalika Winarsih ngetokake dhompét, ndudut dhuwit, sajane Harjito ngrasa banget ora kepenak. Rumangsane mau kaya njaluk dijakake, kamangka jane ora. Dheweke sing nawani, dheweke sing kepengin njakne, kang ateges nduwe dhuwit. Mula enggal-enggal tangane ngrogoh sak clana mburi. Ndilalah dhompete kok ya angel metune, sake keseseken utawa dhompete sing gegedhen. Sidane kalah dhisik. Winarsih luwih cepet. Klithih-klithih Harjito marani sepedhane kanthi praupan cuwa. Mesthi wae rumangsa isin.	I/7	Cuwa/gela	√	√	
2.	“Suk maneh aku emoh ngajak jajan kowe,” ujare, nalika Winarsih wis ngethapel ana boncengane. “Lho, isih mbok piker, ta?” “Ya terang. Aku isin lho, Win.” “Ngono wae ndadak isin. Wong ora ana uwong liyane sing njajan.” “Isin karo bakule. Harak disengguh piye ngono. Andhok kok sing mbayari sing wadon. Gek bakule mau mesthine ngerti yen kowe dudu bojoku. Awake dhewe rak durung ketok kaya wong bebojowan.”	I/7	Isin	√	√	

3.	“Yen aku nulak, oo, ora kayaa mengko penggalihe sibu. Mbakyuku loro wis kelakon nulak dientukake pilihane ibu. Abot pilihane dhewe. Atas nama cinta, mengkono sing digulgulake. Nyatane olehe omah-omah padha ora beres. Ekonomine morat-marit. Sing siji saben ndina anane mung padu, purik-purikan. Sijine maneh – mbakyuku sing nomer loro – malah saiki wis pegatan. Apa aku ya arep napak tilas lelakone mbakyu-mbakyuku? Aku mono rak digegadhang bisaa dadi tamba tatu atine ibu dening mbakyu-mbakyuku. Mung kari aku amarga aku sing ragil.” Harjito njegreg. Mripate kelop-kelop kaya wong mentas ngimpi ala. Angin isih midit. Isih krasa seger sajane. Nanging apa kang mentas dikojahake Winarsih ndadekake atine sumuk lan sedih.	II/13	Kaget	✓	✓	
4.	“Har, kepriye mungguh panemumu ing bab iki?” Winarsih takon. “Wah, piye, ya? Bingung olehku arep ngomong.” “Ngomonga! Merdika wae, Har. Aja mikir yen aku bakal kuciwa, lara ati, sawise krungu tembung-tembungmu. Sepisan maneh pitakonku ngarep mau durung mbokwangsuli. Apa kowe bener-bener nresnani aku tumus tekan batinmu?”	II/13	Bingung	✓	✓	
5.	“Lha aku iki njur piye, Har?” Muni mangkono praupane Winarsih prembik-prembik, kaya wong arep nangis. Wasana Winarsih nangis temenan. Raine ditutupi kacu sing digelar ing epek-epeke. Harjito gurawalan marani. Pundhake Winarsih dirangkul. Diruket.	II/15	Bingung	✓	✓	

	Tanpa muni apa-apa. Tanpa guneman, ngarih-arit apa piye. Pikirane dhewe dadi melu kisruh. Ruwet. Dheweke jago etung ana sekolahan, wasis pidhato ing ngarep kelas. Nanging apa kang nembe dikandhakake dhara kekasihe kuwi bener-bener marakake utege kodheng.					
6.	Cilaka temenan! Winarsih wis kesusu nagih sadurunge Harjito entuk wangsulan kang gumathok bab sing dikandhakake ing Tawun sewelas dina kepungkur. Winarsih ora salah, Harjito dhewe sing muni sedina rong ndina. Nyatane Harjito omonge tansah bab liya, nalika ngaso ing kelas. Digoleki wanci sore, wayah latihan karawitan seminggu kaping pindho kanggo ngiringi tari, Harjito ora tau ana. Tugase nyekel boning digenteni Pangat. Gek Harjito ora blaka saben sore lunga menyang ngendi.	III/21	Ajrih	✓	✓	
7.	Matiklah, batine Winarsih sambat. Gagar-wigar tanpa karya rekayasane sasuwene iki. Advise Harjito ora pasah. Strategine rontog ing tengah ndalan. Harjito dhewe bareng diomongi wayah ngaso ing kelas ora kalah kaget. Lambene nggresah. Njur dheleg-dheleg, kaya wong lungan kepancal sepur. “Terus piye, Har?” ujure Winarsih. Ora ana wangsulan.	IV/30	Kaget	✓	✓	
8.	Lagi dhek kapan kae Winarsih janji prasetya bareng lan Harjito. Padhadene ora kepingin nduwe pasangan liya-liya maneh kanggo mengku balesomah. Setaun, cetha yen durung ana. Lagi udakara nem sasinan. Malah durung ganep. Ngancik	V/ 35-36	Kagol manahipun	✓	✓	

	bangku kelas telu lagi patang sasi. Lagi nedheng-nedhenge praktek mulang ana SD-SD. Andekmono saka rumangsane Harjito kabeh wis owah, wis geseh. Winarsih dhek emben dudu Winarsih sing saiki. Kamangka kahanan rasane durung owah. Dalan menyang desa Gerih isih kaya dhek emben. Isih dalan khas desa sing durung mambu aspal. Nggaler limit ing perangan tengah amarga kerep diliwati sepeda utawa sepeda motor, kiwa tengene watu pathing blasah.					
9.	Mbokmenawa wit-witan endhum sing tinandur ing kiwa-tengen ndalan Guyung-Gerih durung ganti godhong. Nanging Winarsih wis ganti klageyan. Saiki tangkepe Winarsih sepa. Ampang. Kaping pindho Harjito nawani mboncengake wayah praktek mulang nanging tansah ditulak. Alesane kepingin nyepedha dhewe. Budhal wae ora gelem dadi sarombongan, kamangka papan prakteke dadi saenggon, padha-padha ing SD Negeri Diponegoro I. Winarsih ajeg budhal ndhisiki bareng Warsini. Geneya saiki, bareng wis kelas telu, sikepe Winarsih owah?	V/36	Kagol manahipun	✓	✓	
10.	Pancen ora mligi katujokake marang Harjito. Critane ing kelas wayah istirahat. Mesthi wae ditangguh pas Winarsih lagi metu. Sing ngrungokake bocah akeh. Nanging Harjito cepet wae narik kesimpulan: Winarsih wiwit kegiwang. Winarsih wiwit ngingkari sumpah prasetyane.	V/ 36-37	Ngraos dipuncidrani	✓	✓	✓
11.	Diglibeti kaya mengkono, sapa wonge sing suwe-suwe ora kengguh? Dipameri gumebyare kadonyan kaya mengkono, wong wadon ngendi sing suwe-suwe ora kepilut? Yen Harjito ngajak dolan, cukup numpak sepedha. Nanging	V/38	Cuwa	✓	✓	

	yen Sumardi sing ngajak numpake Colt anyar. Apese Honda plat abang, sepedha motor dhines. Sapa sing ora mongkog atine, disawang wong akeh, nalika diboncengake priya bagus nganggo montor dhines bank? Yen Harjito ngajak jajan mung ajeg ing warung cemue totogan jalan Dr. Soetomo (kuwi wae kala-kala sing mbayari Winarsih). Nanging yen Sumardi sing ngajak bisa tekan ngendi-ngendi. Tekan Sala barang. Tur dudu warung, nanging restoran sing menune komplit. Harjito selot sadhar-dhiri. Sumardi genah dudu tandhingane. Weruh Harjito tumungkul amarikelu sawise krungu kojahe sing akeh-akeh mau, Sriyati thukul rasa welase.					
12.	“Aku bisa nampa,” ujure Harjito lirih. Swarane rada groyok. Nalika Harjito pamit mulih, Sriyati nyedhaki. Isih kober muni “Sing tabah ya, Har. Aja nglokro. Aja nguciwani. Bocah lanang kok. Patah tumbuh hilang berganti, ngono lho, Har.” Sriyati karepe mono becik. Mbombong. Ngedhekake atine bocah lanang kancane sekolah kuwi. Nanging atine Harjito wis kadhung nglokro. Pepes. Ya ngono kuwi kahanane pupus kang pepes. Mula tetembungan edi sing kaya ngapa ora bisa nambani perihing ati.	V/39	Ngraos dipuncidrani	√	√	√
13.	Dumadakan mripate kepergok nalika nyawang menjaba ing pernah parkiran. Bocah wadon ayu-manis mudhun saka Colt abang. Ing sebelah wong lanang dandan besus, klambine setlikan rapi, sepatunan mengkilap. Harjito genah ora bakal pangling. Winarsih mlaku bareng karo Sumardi. Ngunggahi tlundhakan. Arep melu antri karcis.	V/40	Sumedhot	√	√	

	Panone Harjito kaya semrepet. Raine pucet dadakan.					
14.	Ing njero gedhong pancen sumuk. Kipas angin gedhe sing dipasang ing ndhuwur kapasitase durung nutut kanggo ngisisake gedhong gedhe kuwi. Dadi isih panggah sumuk. Katambahan pikiran sing kedadak kuwur nambahi sumuke. Wong loro wiwit gemrobyos, kringeten. Mung ana bedane, yen Agus kringet panas nanging yen Harjito kringet anyep. Dadine hiburan film kuwi tanpa guna. Babar pisan Harjito ora bisa ngrasakake endahe tontonan. Pungkasane Harjito ngajak mulih najan film durung rampung. Agus solidher. Ora perlu ndadak takon apa sebabe.	V/40	Sedhih	✓	✓	
15.	Mula bengi kuwi sinambi tata-tata barang, tekade wis gumolong-gilig. Wiwit minggu ngarep dheweke arep nglajo wae saka Bangunrejo, desane. Mung rong puluh kilometer. Ora adoh. Siswanto malah bisa nglakoni rong taun nglajo saka ngomahe, wewengkon Karangjati sing dohe meh kaping pindhone. Lan ya arang telat mlebu jam pitu esuk. Ngiras nggedhekake prihatin lan panalangsane. Kuwi pangayem-ayem tumrap atine sing paling jero. Ati sing njaba isine panggah. Anane mung serik lan pangigit-igit. Rasa kalah lan ina ndadekake kutha Ngawi sing maune tansah endah-edhum sinawang dadi kaya satu. Ngawi wis dudu kutha sing kecathet nemokake rasa bagya-mulya maneh, nanging kutha sing wengis ngiwi-iwi. Harjito kaya wis ora kuwawa maneh nampani sakehing pangiwi-iwi. Atine wis kliwat ringkih.	V/41	Sedhih	✓	✓	

16.	Wiwit ngancik bangku kelas telu iki kena diarani Harjito kudu urip ngempet. Ngempet sakabehe. Ya ragane ya atine. Ragane wis kaya oncat-oncata dhek emben-emben. Atine malah wis luwih dhisik mlayu nggendring adoh, saploke meruhi dhewe Winarsih digandheng Sumardi ngunggahahi tlundhakan gedhong bioskop Sana Budaya kae.	VI/43-44	Sedhih	✓	✓	
17.	Pendhak weruh – ora sengaja – tlerame Winarsih, atine Harjito sansaya kelara-lara, kaya diiwi-iwi, dijuwing-juwing. Winarsih tau nyoba mesem, karepe naruh, nanging ing rasane Harjito kaya wong ngece. Kaya-kaya dibandhingake antarane dheweke karo Sumardi. Mesthi wae adoh sungsate. Kaya mbandhingake antarane rembulan karo banyu got sing buthek lan reget. Gek kaya ngapa rasane Harjito. Kamangka saben dina kepethuk, wong ya sakelas. Saben dina bisa papagan laku wong mlebu-metu kelas lawange mung siji.	VI/44	Ngraos dipuncidrani	✓	✓	✓
18.	Winarsih isih kober njaluk ngapura menawa apa sing wis ditindakake sasuwene iki dianggep salah lan nglarakake ati. Uga njaluk supaya Harjito gelem nglalekake sakabehe lan dianggepa lelakon sing ora tau ana. Harjito kalem mangsuli. “Ora ana sing perlu dijulukake pangapura. Sabab pancen ora ana sing salah, Win. Kowe ora salah. Mbokmenawa pancen kudu mengkono lumakune takdir. Awake dhewe mung tinitah kadidene kanca salumrah.” “Wis ya, Sugeng Dalu,” Harjito ngeterake tekan regol sekolahan. Winarsih wis dipapag Colt anyar warna abang	VI/49	Ngraos dipuncidrani	✓	✓	✓

	maron. Ora kepalang tanggung. Bareng weruh Sumardi mudhun saka sopiran, Harjito mapagake pisan. “Sugeng Dalu, Mas Mardi.” “...daluh.” Keprungu wangsulan lirih. Harjito mbalik. Njupuk sepedhane. Sidane wengi kuwi Harjito nekad mulih. Ora sida turu omahe Bari. Najan wis kliwat jam sepuluh. Dicandhet Bari karo Siswanto. Nanging ora mempan. Mendhung nggamen mayungi lakune Harjito sing mancal sepedha ijen tanpa rowang nlusuri dalan gedhe Sala-Surabaya. Mengulon. Tumuju desane, Bangunrejo Kidul, bawah kecamatan Kedunggalar. Atine nangis kelara-lara. Beda lan dina-dina kepungkur. Saiki Harjito nangis temenan. Karo mancal sepedhane, luhe dumrodos ing sadawaning dalan. Sabanjure banyu udan nggrujugi anggane. Ora dipaelu. Lakune sepedha ajeg. Udan riwis-riwis sing ngancani.					
19.	Ndilalah wiwit kenal rasa tresna kudu kebentus karang. Nresnani dhara wae sing ora anteban. Gampang lamur dening pangkat lan kasugihan. Ing wektu-wektu kang lodhang mengkono, Harjito kerep mikir, lelakone kok kaya ing crita-crita fiksi wae. Tresnane kang rontog wanci ndungkap gapura kamulyan kuwi persis karo sing dialami Edmond Dante sing crita novel <i>The Count of Monte Cristo</i> karyane pengarang Perancis, Alexandre Dumas.	VII/ 53	Cuwa	✓	✓	

20.	“Ora ta, Har. Kowe kuwi olehmu gendhelang-gendheleng sekesuk kuwi mikir apa? Apa isih mikir sangu?” “Ora,” wangsulane Harjito cekak, karo mapan ing amben babrakan, cedhak olehe adang sega emake. Ah! Harjito ngesah lirik. Ora wani banter. Dheweke ora kepingin, emake sing banget ditresnani kuwi ngerti apa sing sejatine ngreridu pikire. Dheweke ora kepingin emake melu susah, melu nelangsa, amarga dicecenges kemlaratane dening liyan.	VII/ 54-55	Sumedhot	√	√	
21.	Beneh banget karo donyane wong perminyakan. Umur bisa padha, nanging pengalamane Joko beda banget. Luwih-luwih ing bab wanita. Tumrape Joko, tembung seneng sing katujokake marang wanita bisa ora ana gandhenge karo tresna miturut pamawase Harjito. Lha yen ngono wanita kuwi tegese apa? Obyek? Biyuh, amit-amit! Aja nurun anak-putu. Harjito ora mung legeg, nanging muneg-muneg. Nanging sedhela maneh dheweke kudu ambyur ing jagade perminyakan, jagade Joko. Dheweke kudu adaptasi. Kepriye mengkone? Apa ya kudu melu-melu ngasorake drajade pangrasa luhur ngono kuwi? Melu nganggep, sing wigati tumrap wanita ya mung fisik lan kawanitane? Dadi tresna sing thukul saka jiwa sing resik kuwi wis ora ana. Tresna kuwi mung dongeng ngayawara, kaya sesorahe Joko iki mau. Sing yen dituruti, kurang-kurang begjane, malah gawe kapitunan. Lhadhalah! Kok ya sithik-sithik ana empere karo sing mentas dialami Harjito. Dadi Harjito wis kaseret ing ulegane dongeng ngayawara? Whalah, kok kaningaya timen. Urip sepisan wae	VIII/ 64	Sumelang	√	√	

	kudu keseret dongeng.					
22.	Karo nyapu srag-sreg Harjito isih kober mikir. Ewuh apa Siswanto karo Bari esuk ngene iki? Mesthine ya mulang. Wong guru jarene. Mesthine padha seneng-seneng bareng muride. Nulis, maca, etung, menyanyi, nggambar. Mendah senenge. Ewuh apa Winarsih? Apa sida manten temenan karo Mas Mantri Bank? Ah, eling jeneng kuwi, Harjito nggresah dhewe. Dhuhlae, jeneng kuwi ora bisa sirna nganggo kesibukan kaya ngapa wae. Sriyati, Retno, Rini, Endang, lan liya-liyane bisa ora kelingan. Bisa dilalekake, dislamur pegaweyane sing nyatane kaya tanpa kendhat. Ana-ana wae. Nanging Winarsih? Jeneng kuwi rasane kaya ora bisa ilang. Saben Harjito tangi esuk, nyawang menjaba, nyawang langit, tansah kaya ajeg dielingake menyang jeneng kuwi.	IX/73	Kemutan marang Winarsih	√	√	
23.	Layang dibuka maneh. Diwaca maneh. Unen-unene ora owah. Nanging daya pangaribawane sing owah. Pendhak di-ambali olehe maca rumangsane saya ngundhakake rasa kangene menyang bumi kelairan, menyang emake, menyang... Ah! Ya gene Bari ora crita, ora ngabarake kepriye kahanane Winarsih saiki. Apa lali, apa pancen sengaja ora crita. Samar yen malah ndadekake kanteb tatu atine Harjito. Awit Bari ngerti, ngerti banget ngenani underaning perkara pisahe Harjito lan Winarsih. Harjito dadi ngalamun. Ora sida maca. Kelingan nalika dolan menyang Tawun bareng-bareng. Kelingan nalika lagi posah-	X/81	Kemutan marang Winarsih	√	√	

	pasihan ing gubug sawah Gerih.					
24.	Inez nyopot sandhangane mbaka siji. Kaos ireng sing ana gambare koboi numpak jaran, njur clana jeans sing wernane padha karo duweke Harjito. Dicopot pisan. Njur sandhangan sing paling njero, paling njero... Awake Harjito ndhredheg kabeh. Kringete sansaya dumrodos. “Har...! Haryanto ya, jenengmu, eh... sapa? Ayo, Har...” Lampu kamar dipateni. Inez sing mateni. Ganti Harjito sing dicopoti sandhangane. Ing kamar kang peteng kuwi. Harjito kepingin suwala, setengah sadhar. Nanging ora bisa apa-apa. Anane mung pasrah. Kepengine suwala mung separo. Separone maneh kepingin ngrasakake pengalaman sing anyar, pengalaman ngono kuwi... Dheweke isih kelingan dosa. Nanging kesadharan bab dosa nalika kuwi ya mung sethithik. Njur kedadeyan temenan.	X/ 82-83	Ajrih		√	√
25.	Esuke Joko sarawang sorak-sorak. Ngajak ngombe maneh kanggo ngengeti ‘hari kemenangan’. Edaan kabeh! Harjito misuh-misuh. Nalika kuwi misuh seneng. Sawise kuwi lagi krasa getune. Kaya sing dirasakake saiki. Getun banget. Rasane, dosa sing nggegilani wis rumasuk ing kabeh pori-porining awak. Ora ana sing kliwatan. Dheweke lagi kelingan manawa sajage manggon Jene iki salate wis ora bener maneh. Ora ajeg. Kerep gowang. Dhuh Gusti, nyuwun pangapunten!	X/83	Getun		√	√

	Awake wis kebak dosa saiki.					
26.	“Kowe njaluk pangapura, Win? Kowe tegel muni kaya mengkono? Mangertiya, Win, aku kendhang tekan tanah sabrang ngene, dadi kuli, dadi gedibal, amarga apa? Amarga nglabuhi prasetyaku. Aku kepingin adoh saka kowe, nginggati kowe, betheke supaya kowe bisa urip mulya tanpa nyawang raga mlarat nyepet-nyepeti iki...” Ora banter. Ora perlu mbengok. Amarga omongan kanthi wirama cendhek kuwi wis cetha banget. Tatas, titis, kebak wibawa. Ora amarga mung dirungu dening wong loro ndhil sing lungguh jajar ana jok ngarep, ana njero jip sing diparkir ing sapinggiring alas kang sepi nyenyet. Ora amarga sing omong lanang lan sing ngrungokake wong wadon. Nanging amarga sing omong Harjito, jejaka kang sasuwene iki dikhianati dening dhara pepujaning ati. Lan sing ngrungokake, Winarsih, kenya kang wis deksiya ngiyanti tresnane.	XII/ 102	Ngraos dipuncidrani	√	√	√
27.	Tumrap Harjito, buku ngenani Winarsih wis tamat. Ora perlu dibukak-bukak maneh. Ora ana paedahe. Kejem! Sepisan iki Harjito tumindak kejem banget. Kaya sikepe Edmond Dantes marang Mercedes, kaya sikepe Zainuddin menyang Hayati. Paraga-paraga ing buku roman kang titik komane wae Harjito nganti apal saka olehe kerep mbolan-mbaleni maca. Tresna sejati, mengkono kang saben dina tansah dipikir, ora kena diregedi dening tumindak cidra sarta laku candhala. Kuwi kesimpulan sing didudut saka olehe memaca roman-	XII/ 104	Ngraos dipuncidrani	√	√	√

	roman katresnan sasuwene iki. Ing sajroning katresnan jati, ngadeg uga martabat lan ajining dhiri. Yen Harjito nganti nampani maneh katresnane Winarsih kang nyata-nyata wis alaku cidra ing janji, apa iki ora ateges mbanting ajining dhiri. Njur apa tegese wong lanang kaya Harjito? Kuwi sing dadi pamikire Harjito.					
28.	Harjito ngrasa keok. Lagi sawise Joko ninggal kamare, Harjito mbuwang ambegan landhung. Dheweke lagi ndhadha bab olehe wis cengkah karo batine. Satemene rasa tresnane isih murub ngalad-alad ing atine. Jeneng Winarsih isih durung lumengser saka papane kang agung. Malah kepara luwih tumanem kukuh karana asring ditembangake ing wengi-wengi sepine.	XII/ 106	Taksih ngraos tresna marang Winarsih	√	√	√
29.	Ananging bawane sadhar ajining dhiri pinangka wong lanang kang ora gelem diasorake, dheweke kepeksa muni kasar lan nundhung bali Winarsih. Saiki sing isih ana kari getune. Getun!	XII/ 106	Getun		√	√
30.	Sawise ngucap matur-nuwun Harjito enggal mbukak sampule lan maca... Tangane ndhredheg, wel-welan. Banjur cepet-cepet pantopel lan klambine dicopot maneh, ganti kaos lan sepatu sandhal. Ora let suwe bokonge wis temumpang jok colt. Ora nuju kampus ASRI, nanging nuju terminal. Pikiran ndhaftar tes dina iki kontan suwak. Ndhaftar isih bisa sesuk-sesuk kono, wektune isih ombor. Sing penting dina iki enggal tekan Ngawi. Yuli mung nulis: Emak tiba ing kali, saiki dirawat ing	XIII/ 108- 109	Kaget	√	√	

	rumah sakit. Ora dikandhakake tatune nemen apa ora, wong pancen telegram, dudu laying. Ora bisa crita dawa.					
31.	Ing njero bis pikirane Harjito molak-malik ora karuwan. Rasa kesamaran ndadekake lungguhe ora jenjem. Muncul pengangen-angene bocah cilik: umpama bisa mabur... Nanging iki ora mabur. Iki mlaku dharat. Ndilalah nyengklak bis wae kepener sing pedhotan. Sambung meneh mengko sawise tekan Sala. Harjito mikir. Ngetung Yogya-Sala butuh wektu rong jam yen lakune bis kaya ngene. Mengko Sala-Ngawi apese butuh wektu siji setengah jam. Durung numpake becak saka terminal menyang rumah sakit.	XIII/ 109	Sumelang	√	√	
32.	Meh persis karo pengangen-angene. Becak sing ditumpaki Harjito manyuk plawangan rumah sakit Ngawi jam siji punjul rolas menit. Langsung njujug bangsal sing disebutake ing telegram Yuli. Diinguk saben kamar, emake ora ana. Yuli ora ana. Wasana kepeksa takon perawat jaga. “Oo, Mbok Sutiyah ingkang saking Kedunggalar?” “Inggih” “Saweg kemawon dipun bekta dhateng Sala. Dhateng rumah sakit Jebres. Soalipun mrika ingkang ahli tulang.” “Jam pinten kalawau mbetanipun?” “Watawis jam sewelas.” Harjito kepeksa mbalik menyang Sala maneh. Pikirane sansaya goreh. Nitik olehe nganti digawa menyang Sala genah yen larane ora baen-baen. Mesthi ana sing patah. RS. Jebres mono kondhang minangka bengkel tulang gedhe dhewe.	XIII/ 109	Goreh	√	√	

33.	Harjito sempat trataban. Nanging cepet nata atine. Sing dicedhaki luwih dhisik emake. Emake gemlethak ing dhipan, katon lemes. Mripate rem-rem ayam, kaya ngempet lara. Pancen ora ana sing diperban ing perangan ndhuwur awakke. Mung ana tipete tatu mbaret-mbaret lan obat merah ing lengene. Ah, sing lara genah bageyan sikil sing ketutup slimut. “Maak...!” Emake melek alon. Banjur ngranggeh siraha Harjito sing didhungklukake. “Emak lagi apes, Har... Yan gene iki.” “Geneya ta, Mak, kok nganti kaya ngene...” Harjito prembik-prembik. Nanging banjur sadhar lingkungan. Ing kono ora mung ana Yuli, nanging wanita siji maneh!	XIII/ 110	Sedhih	✓	✓	
34.	Bengine atine Harjito sansaya goreh. Morak-marik. Jujur wae kedadayan kang nembe kelakon wis gawe kodheng pikire. Patemon maneh karo Winarsih ing kahanan kang babar-pisan ora mlebu petung: wanci emake nandhang kacilakan, dirawat ing kutha Sala. Dudu kutha Ngawi.	XIII/ 114	Goreh	✓	✓	
35.	Saiki kabeh wis tarwaca. Winarsih isih durung ana sing mengku. Lan sawise dilarak-larakake atine nalika nusul ing Pendopo dhek emben nyatane ora serik, ora dhendham. Tangkepe isih panggah becik nganti iki mau. Saiki njur piye...	XIII/ 114	Bingung	✓	✓	